मंगल

08 सितंबर, 2026

पटना

देशक गप गामक भाषा मे

समदिया मिथिला

समदिया मिथिला

भादव, कृष्ण पक्ष, द्वादशी, संवत् : 2083

देशक पहिल मैथिली दैनिक

RNI No : BIHMAI/2010/33053 वर्ष: 17, अंक : 01 Website: mithilasamadiya.com editorsamadiya.mithila@gmail.com आमंत्रण मूल्य : 3:00

- कतेको स्थान पर खतराक निशान सं ऊपर बहि रहल अछि कोसी
- किछु स्थान पर घटय लागल अछि गंगाक पानि मुदा उफनि रहल अछि गंडक आ बागमती

राज्यक 22 लाख लोक बाढ़िक चपेट मे

पटना, समदिया

प्रभावित क्षेत्र मे नहि पहुंचि रहल अछि पर्याप्त राहति

तथापि 22 लाख सं बेसी लोकक प्रभावित होयबाक तुलना मे राहति शिविर आ सरकारी व्यवस्था एखनहुं सीमित देखाइत अछि। पटना सहित कतेको इलाका मे लोक अपन परिवार, पशुधन आ जरूरी सामान लए कए नावक सहारा सं सुरक्षित स्थान दिस जा रहल छथि। किछु स्थान पर लोक सभ कें राहति सामग्री आ सुरक्षित ठिकानाक प्रतीक्षा सेहो अछि।

राज्य मे बाढ़िक स्थिति एखनहुं गंभीर अछि। नदी सभक बढ़ल जलस्तर सं राज्यक 12 जिलाक 70 प्रखंडक 368 ग्राम पंचायतक करीब 22.42 लाख आबादी प्रभावित अछि। गंगा कातक पटना, भोजपुर, सारण, वैशाली, भागलपुर, बेगूसराय, बक्सर, समस्तीपुर, मुंगेर, कटिहार आ लखीसराय जिलाक नीचला इलाका मे स्थिति बेसी गंभीर अछि। पटना मे गंगा गांधीघाट, पंडारक, दानापुर आ बांका घाट पर पिछला उच्चतम बाढ़ि स्तर सं ऊपर बहि रहल अछि। गांधीघाट पर जलस्तर 50.57 मीटर धरि पहुंचि गेल, जे 2016क 50.52 मीटरक पुरान रिकार्ड सं ऊपर अछि। हालांकि किछु स्थान पर जलस्तर स्थिर भेल अछि आ किछु जगह घटबाक संकेत सेहो भेटि रहल अछि। गंगा, कोसी, गंडक, पुनपुन, बागमती, बूढ़ी गंडक आ घाघरा समेत प्रमुख नदी सभक जलस्तर खतराक निशानक लगपास अथवा ओहि सं ऊपर अछि। बांध टूटबाक आ क्षतिग्रस्त होयबाक घटना सं संकट आरो बढ़ि गेल अछि। सारणक दरियापुर क्षेत्र मे मही नदीक बांध टूटला सं कतेको पंचायत मे पानि तेजी सं पसरल अछि। भागलपुरक ममलखा लग ग्रामीण बांध कटि गेल अछि, जखन कि बेगूसराय मे किछु स्थान पर बांध मे रिसाव सं लोक मे दहशत अछि।

मनेर क्षेत्र मे बाढ़ि सं मकान ढहल, छह लोक दबल

पटना : मनेरक दियारा क्षेत्र मे बाढ़िक पानि लोकक लेल लगातार संकट बनल अछि। रविदिन किता चौहत्तर पूर्वी पंचायतक छिहत्तर गाम मे बाढ़िक पानि सं घेरल एकटा पक्का मकान अचानक ढहि पड़ल। मकान ढहला सं महेंद्र राय, परोजन राय आ निर्मल राय सहित करीब छह लोक मलबाक नीचां दबि गेला। मकान ढहबाक तेज आवाज सुनि लगपासक ग्रामीण घटनास्थल पर पहुंचलाह।

पूछताछ मे भेल खुलासा

बिना टिकट फर्स्ट एसी मे 1100 किमी केलक यात्रा

- पकड़ायल तं झाड़य लागल अंग्रेजी
- नेहा आ ईशान कें पूछताछक बाद पठाओल गेल जेल

समस्तीपुर, समदिया

डेढ़ लाख टाका मूल्यक शराबक संग पकड़ल गेल नेहा झा बिना टिकट नई दिल्ली सं दरभंगा धरि फर्स्ट एसी मे यात्रा करैत छल। ओ एच-1 कोचक बर्थ संख्या सात पर बैसल छल, जे ओकर दीदीक दियर ईशान कुमारक नाम सं बुक छल। ईशान सेहो ओकर संग ट्रेन मे छल। सूत्रक अनुसार, बिना टिकट यात्रा करबाक क्रम मे टीटीई आ बेडरोल कर्मीक बीच लेनदेन कें लए कए विवाद भेल, तकर बाद शराबक खेप लए कए यात्रा कए रहल नेहाक सूचना समस्तीपुर रेल पुलिस कें देल गेल।

समस्तीपुर जंक्शन पर ट्रेन रुकलाक बाद आरपीएफ, जीआरपी आ सीआइडीक संयुक्त टीम वीआइपी कंपार्टमेंट मे पहुंचल। दरबज्जा भीतर सं बंद छल। बहुत खटखटेलाक बाद नेहा दरवाजा खोललक। पूछताछक क्रम मे ओ पुलिसकर्मी सं अंग्रेजी मे बतियाबैत रौब झाड़य लागल। पुलिसक टीम वीडियोग्राफी शुरू कए कंपार्टमेंट सं करीब डेढ़ लाख टाकाक 75 लीटर विदेशी शराब बरामद कएलक। पूछताछ मे नेहा कहलक जे घर मे विवाह समारोह अछि, ताहि लेल हरियाणा सं शराब लए कए दरभंगा जा रहल छी। मुदा जांच मे विवाह समारोहक बात गलत निकलल। पुलिसक अनुसार, हुनकर परिवारक सदस्य पहिने सेहो शराब तस्करीक आरोप मे गिरफ्तार भए चुकल छथि। आरपीएफ वीडियोग्राफीक रिकार्ड न्यायालय मे जमा केने अछि। नेहा आ ईशान कें गिरफ्तार कए जेल पठा देल गेल अछि।

बेगूसराय मे एसडीएमक कुर्सी पर बैसला भाजपा विधायक

- शुरू भेल राजनीतिक विवाद
- सोशल मीडिया पर तस्वीर शेयर कए फंसलाह विधायक रजनीश कुमार

बेगूसराय, समदिया

तेघड़ा एसडीएम कार्यालयक किछु तस्वीर सामने आएल अछि, जाहि मे तेघड़ाक भाजपा विधायक रजनीश कुमार एसडीएम नीरज कुमार सिन्हाक कुर्सी पर बैसल देखाइत छथि। हुनकर बामा कात केंद्रीय मंत्री आ बेगूसराय सांसद गिरिराज सिंह सेहो बैसल छथि। प्रशासनिक अधिकारी आ अन्य लोक सभ हुनका सभक सामने आ बगलबला कुर्सी पर बैसल देखल गेलाह। ई बैठक तेघड़ा अनुमंडल क्षेत्र मे गंगा नदीक बढ़ैत जलस्तर सं उत्पन्न बाढ़िक स्थिति आ राहति-बचाव कार्यक समीक्षा लेल बजाओल गेल छल। बैठकक बाद विधायक रजनीश कुमार अपन सोशल मीडिया अकाउंट पर चारि तस्वीर साझा कएलनि। तस्वीर वायरल भेलाक बाद प्रशासनिक प्रोटोकॉल कें लए कए राजनीतिक विवाद तेज भए गेल। राजद नेत्री रोहिणी आचार्य विधायक पर तीव्र प्रहार कएलनि। विधायक कहलनि जे बैठक मे रातगाम पंचायतक भगवानपुर चक्की, बरौनी-2 आ निपनिया-मधुरापुर मे गंगाक बढ़ल जलस्तर सं उत्पन्न बाढ़िक स्थिति पर विस्तार सं चर्चा भेल।

एक नजरि

गिरिराज सिंह कें जान सं मारबाक धमकी, एफआइआर

बेगूसराय : केंद्रीय मंत्री आ बेगूसरायक सांसद गिरिराज सिंह कें जान सं मारबाक धमकी देल गेल अछि। 3 सितंबर कें हुनकर मंत्रालयक नई दिल्ली स्थित कार्यालयक पतापर डाक सं धमकी भरल पत्र पठाओल गेल। मामिलाक जानकारी मंत्रीक निजी सचिव योगेंद्र सिंह बेगूसराय एसपी मनीष कुमार कें देलनि। एसपीक निर्देश पर 4 सितंबर कें नगर थाना मे थानाध्यक्ष सतीश कुमार हिमांशुक बयान पर एफआइआर दर्ज कएल गेल।

दू घंटा देरी सं दरभंगा पहुंचल स्पाइसजेटक विमान, यात्री सभ कएलनि हंगामा

- टेकऑफ सं पहिने विमान मे बुजुर्ग महिलाक स्वास्थ्य बिगड़लाक कारण भेल विलंब

दरभंगा, समदिया

मुंबई सं दरभंगा आबि रहल स्पाइसजेटक एसजी-115 विमान उड़ान भरबाक ठीक पहिने करीब 80 वर्षक एकटा बुजुर्ग महिलाक अनचोके स्वास्थ्य बिगड़ि गेल। महिलाक सीट 1-एफ छल। विमान मे बैसबाक बाद हुनकर रक्त मे शुगरक स्तर कम होमय लागल। स्थिति देखैत विमान रोकि देल गेल आ मेडिकल टीम कें बजाओल गेल। मेडिकल टीम विमान मे पहुंचि महिलाक प्रारंभिक जांच कएलक। जांचक बाद हुनकर स्थिति स्थिर नहि होयबाक कारण टीम हुनका तत्काल विमान सं उतारबाक सलाह देलक। एकर बाद महिला कें विमान सं उतारि आवश्यक चिकित्सकीय प्रक्रिया पूरा कएल गेल। मेडिकल टीमक निगरानी मे हुनका एयरपोर्ट पर राखल गेल।

महिलाक उपचार आ चिकित्सकीय प्रक्रिया मे समय लगला सं विमान मे सवार अन्य यात्री सभ कें करीब दू घंटा धरि प्रतीक्षा करय पड़ल। विमानक उड़ान मे लगातार देरी होयबाक कारण यात्री सभक बेचैनी बढ़ि गेल। एहि दौरान किछु यात्री हंगामा करय लगलाह आ विमान कें शीघ्र विदा करबाक मांग कएलनि।

दरभंगा एयरपोर्ट पहुंचला पर विमान मे यात्रा कए रहल प्रत्यक्षदर्शी राम कुमारी देवी घटना संबंधी जानकारी देलनि। हुनकर कहब छल जे विमान मे बैसलाक बाद करीब 80-90 वर्षक एकटा बुजुर्ग महिलाक स्वास्थ्य अनचोके बिगड़य लागल। एकरा बाद मेडिकल टीम कें बजाओल गेल।

पीएम मोदीक कार्यक्रम लेल बडोदरा मे उत्साह, घंटा भरि मे बिका गेल सभ टिकट

पीएमक कार्यक्रम लेल पहिल बेर बुकमाइशो पर किनल गेल टिकट

वडोदरा, समदिया

प्रधानमंत्री नरेंद्र मोदीक वडोदरा मे होमयबला कार्यक्रम लेल लोक सभ मे जबरदस्त उत्साह देखल जा रहल अछि। पहिल बेर प्रधानमंत्रीक कार्यक्रम मे डिजिटल बुकिंगक विकल्प देल गेल छल। निबंधन शुरू भेलाक एक घंटाक भीतर कार्यक्रमक सभ सीट भरि गेल। एहि लेल बुकमाइशो पर निःशुल्क निबंधनक सुविधा देल गेल छल। पैघ संख्या मे लोक निबंधन करौलनि, जखन कि 42 हजार सं बेसी लोक कें प्रतीक्षा सूची मे राखल गेल अछि। कार्यक्रम मे प्रवेश सेहो डिजिटल माध्यम सं होयत।

लोक सभ मे उत्साह

प्रधानमंत्री मंगलदिन वडोदरा मे कार्यक्रम मे भाग लेताह। निबंधनक व्यवस्था लेल वडोदरा नगरपालिका निगम बुकमाइशोक माध्यम सं निःशुल्क निबंधन शुरू केने छल। लोकसभक उत्साहक अनुमान एहि बात सं लगाओल जा सकैत अछि जे निबंधन शुरू भेलाक एक घंटा मे सभ सीट बुक भए गेल। तकर बाद निबंधन बंद कए देल गेल आ 42 हजार सं बेसी लोक कें प्रतीक्षा सूची मे राखल गेल।

तकनीक आधारित होयत प्रवेश व्यवस्था

कार्यक्रम मे प्रवेशक पूरा व्यवस्था डिजिटल आ तकनीक आधारित रहत। निबंधित लोक सभक बुकमाइशो खाता मे डिजिटल एम-टिकट पठाओल जाएत। एहि टिकट मे प्रवेशक जांच लेल सुरक्षित लाइव क्यूआर कोड रहत। निबंधन आ सत्यापन सं लए कए कार्यक्रम स्थल पर प्रवेश आ आसन धरि सभ प्रक्रिया डिजिटल माध्यम सं संचालित कएल जा रहल अछि। एकर उद्देश्य प्रवेश प्रक्रिया तेज करब आ भीड़क आवागमन कें सहज बनायब अछि।

पटना विश्वविद्यालय मे मांग कें लए एआइएसएफक अनिश्चितकालीन भूख हड़ताल शुरू

पटना, समदिया

पटना विश्वविद्यालय मे छात्र सभक दस सूत्री मांग कें लए कए ऑल इंडिया स्टूडेंट्स फेडरेशन (एआइएसएफ) द्वारा सोम दिन, 7 सितंबर सं पटना विश्वविद्यालयक सीनेट हॉल मे अनिश्चितकालीन भूख हड़ताल शुरू कएल गेल। भूख हड़तालक शुरूआत तीन छात्र नेता बिट्टू भारद्वाज, प्रिंस राज आ किशलय कें माला पहिरा कए कएल गेल।

एहि अवसर पर भारतीय कम्युनिस्ट पार्टीक नेता शंभू जी भूख हड़तालक समर्थन करैत कहलनि जे आइ जाहि तरह देश मे छात्र आ युवा सभक समस्या कें नजरअंदाज कएल जा रहल अछि तथा प्रश्नपत्र लीक जकां घटना सामने आबि रहल अछि, तहिना पटना विश्वविद्यालयक कुलपति सेहो तानाशाहीक बाट पर चलि रहल छथि। ओ कहलनि जे जं छात्र सभक मांग नहि मानल गेल तं आंदोलन कें आरो तेज कएल जाएत। एआइएसएफक पटना जिला सचिव मीर सैफ अली कहलनि जे पटना विश्वविद्यालय देशक सातम सब सं पुरान विश्वविद्यालय मे सं एक अछि आ एकर अपन गौरवशाली परंपरा रहल अछि। मुदा वर्तमान कुलपतिक रवैया सं विश्वविद्यालयक छवि धूमिल भए रहल अछि। ओ कहलनि जे जं एलएलबी प्रवेश परीक्षा रद्द नहि कएल गेल आ पीजी मे भेल व्यापक फीस वृद्धि कें अविलंब वापस नहि लेल गेल तं एआइएसएफ विश्वविद्यालय मे आंदोलन कें आरो व्यापक करत।

एआइएसएफक प्रमुख मांग

- एलएलबी प्रवेश परीक्षा मे भेल प्रश्नपत्र लीकक घटनाक निष्पक्ष जांच कराओल जाए आ परीक्षा रद्द कए पुनः परीक्षा आयोजित कएल जाए
- पीजी मे भेल व्यापक फीस वृद्धि कें अविलंब वापस लेल जाए
- पटना विश्वविद्यालय मे एमएफएक पढ़ाइ अविलंब शुरू कएल जाए
- पटना विश्वविद्यालयक केंद्रीय पुस्तकालय कें 247 शुरू कएल जाए
- विश्वविद्यालय परिसर मे लोकतांत्रिक अधिकारक रक्षा सुनिश्चित कएल जाए
- विश्वविद्यालय परिसर मे छात्र सभ लेल भयमुक्त आ लोकतांत्रिक वातावरण सुनिश्चित कएल जाए

भूख हड़ताल पर बैसल छात्र नेता बिट्टू भारद्वाज कहलनि जे पछिला दिन पटना विश्वविद्यालयक एलएलबी प्रवेश परीक्षा मे प्रश्नपत्र परीक्षा शुरू भेलाक किछुए मिनट बाद विभिन्न व्हाट्सएप समूह मे प्रसारित होमऽ लागल छल। एकर सूचना तत्काल कुलपति, डीन आ परीक्षा नियंत्रक कें देल गेल छल। ओ कहलनि जे विश्वविद्यालय प्रशासन प्रश्नपत्र बाहर आबि गेलाक बात स्वीकार कएलक, मुदा परीक्षा रद्द कए निष्पक्ष आ पारदर्शी ढंग सं पुनः परीक्षा कराबय सं इनकार कए देलक। तकर बाद एआइएसएफ लगातार आंदोलन करैत विश्वविद्यालय प्रशासन सं जवाबदेहीक मांग कए रहल अछि। ओ कहलनि जे पटना विश्वविद्यालय मे पीजी फीस मे व्यापक वृद्धि, एखन धरि एमएफए केर पढ़ाइ शुरू नहि होयब, केंद्रीय पुस्तकालय कें 247 शुरू करेनाइ तथा परिसर मे लोकतांत्रिक अधिकारक रक्षा सहित छात्र सभक विभिन्न मांग कें लए कए संगठन लगातार संघर्षरत अछि। हुनक आरोप अछि जे विश्वविद्यालय प्रशासन छात्र सभक समस्या समाधान करबाक बदला ओकरा नजरअंदाज कए रहल अछि।

भूख हड़तालक समर्थन करबाक लेल पहुंचल अधिवक्ता शगुफ़्ता रशीद कहलनि जे ओ छात्र सभक मांगक समर्थन करैत छथि। ओ कहलनि जे विश्वविद्यालय कें निजी हाथ मे सौंपबाक कोनो षड्यंत्र कें कतहु बर्दाश्त नहि कएल जाएत। भूख हड़ताल पर बैसल छात्र सभक समर्थन करबाक लेल पहुंचल एआइएसएफ पटना विश्वविद्यालयक छात्रनेत्री ईशानी जया कहलनि जे पटना विश्वविद्यालय कें जाहि तरह सुनियोजित ढंग सं बर्बाद कएल जा रहल अछि, तकरा एआइएसएफ कदापि बर्दाश्त नहि करत।

पटना विश्वविद्यालय मे छात्र सभ सं संवाद करबाक लेल पहुंचली एआइएसएक राष्ट्रीय अध्यक्ष नेहा बोरा

पटना, समदिया

ऑल इंडिया स्टूडेंट्स एसोसिएशन (एआइएसए)क राष्ट्रीय अध्यक्ष कॉमरेड नेहा बोरा सोम दिन पटना विश्वविद्यालय पहुंचलथि, जतय ओ विश्वविद्यालयक छात्र सभ सं संवाद कएलनि। कार्यक्रम मे पैघ संख्या मे छात्र-छात्रा सहभागी भेलाह। हुनका संग भाकपा-मालेक विधान पार्षद कॉमरेड शशि यादव सेहो उपस्थित छलीह।

पटना विश्वविद्यालयक लग आयोजित छात्र संवाद कें संबोधित करैत नेहा बोरा कहलनि जे आइ छात्र सभक सोझां दूटा बाट अछि। एकटा बाट हुनका स्वतंत्र भारद्वाज जकां भाजपा-आरएसएसक गुंडाक राजनीति दिस लए जाइत अछि, जखन कि दोसर बाट निशू जकां अन्यायक विरुद्ध अपन आवाज उठेबाक आ सवाल करबाक अछि। ओ छात्र सभ सं आह्वान कएलनि जे डर आ चुप्पीक राजनीति कें ठुकराकय अपन अधिकार, लोकतंत्र आ न्याय लेल संघर्षक बाट चुनथि।

ओ कहलनि जे विश्वविद्यालय मात्र डिग्री प्राप्त करबाक ठाम नहि, बल्कि लोकतांत्रिक चेतना आ सामाजिक परिवर्तनक प्रयोगशाला होइत अछि। एहन स्थिति मे विश्वविद्यालयक स्वायत्तता, लोकतांत्रिक चरित्र आ छात्र सभक अधिकार पर कोनो प्रकारक हमला बर्दाश्त नहि कएल जाएत। नेहा बोरा पटना विश्वविद्यालय अधिनियम, 1976 (पीयू एक्ट 1976) कें बचाबय लेल संघर्ष तेज करबाक आह्वान कएलनि। ओ कहलनि जे पटना विश्वविद्यालयक लोकतांत्रिक आ स्वायत्त चरित्र कें कमजोर करबाक कोनो प्रयासक विरुद्ध छात्र सभ कें एकजुट भए आवाज उठाबय पड़तनि।

ओ लैंगिक न्यायक सवाल कें सेहो छात्र आंदोलनक केंद्र मे रखबाक बात कहलनि। पटना कॉलेज कैंटीनक लग छात्र सभ सं संवाद करैत ओ कहलनि जे परिसर मे समानता, सम्मान आ सुरक्षा सुनिश्चित करेनाइ मात्र प्रशासनक जिम्मेदारी नहि, बल्कि समस्त छात्र समुदाय केर लोकतांत्रिक जिम्मेदारी अछि।

कार्यक्रमक नेतृत्व एआइएसए पटना विश्वविद्यालयक अध्यक्ष नितीश, सचिव सबा आफरीन, उपाध्यक्ष आशीष, एआइएसए दरभंगा हाउसक अध्यक्ष आजाद आ सचिव दीपु तथा एआइएसए पटना कॉलेजक अध्यक्ष अदिति आ सचिव आदर्श कएलनि।

कार्यक्रम मे एआइएसए बिहार राज्य सचिव दीपांकर आ राज्य उपाध्यक्ष मनीषा सेहो उपस्थित छलीह। एकर अतिरिक्त एआइएसएक रणवीर, अनुज, अमृता, अयान, सीनू आ मोनू सहित पटना कॉलेजक पैघ संख्या मे छात्र-छात्रा कार्यक्रम मे सहभागी भेलाह। छात्र संवादक दौरान शिक्षा, विश्वविद्यालयक स्वायत्तता, लैंगिक न्याय आ छात्र सभक लोकतांत्रिक अधिकार कें लए कए संघर्ष कें आरो मजबूत करबाक संकल्प लेल गेल।

पटना मे नल-जल अनुरक्षकक प्रदर्शन, सड़क पर बैसि जतेलक विरोध

छह सूत्री मांग पर अड़ल प्रदर्शनकारी

पटना, समदिया

पटना गांधी मैदान स्थित जेपी गोलंबर लग सोम कें नल-जल अनुरक्षक संघक विरोध प्रदर्शन जारी अछि। संघक प्रदेश अध्यक्ष गणेश कुमार चौधरीक नेतृत्व मे सभ अनुरक्षक 17 अगस्त सं गर्दनीबाग मे धरना दए रहल छलाह। सोम कें अनचोके सभ अनुरक्षक सड़क पर उतरि गेलाह आ अपन मांग कें लए प्रदर्शन शुरू कए देलनि। प्रदर्शनकारीक छह सूत्री मांग अछि। अनुरक्षकक मांग अछि जे नव नियमावली लागू कएल जाए। संगहि, पीएचईडी ठेकेदार आ पीआरडी वार्ड सदस्यक नियंत्रण सं अनुरक्षक कें मुक्त कएल जाए। संघक मांग अछि जे भूमिदाता कें अनुरक्षक बनौल जाए आ जमीन रजिस्ट्री बला काला कानून समाप्त कएल जाए।अनुरक्षक सीधा बैंक भुगतान आ 18 हजार रुपैया मासिक वेतनमान देबाक मांग सेहो कए रहल छथि।

एकर अतिरिक्त नल-जल अनुरक्षक कें पेंशन, निःशुल्क इलाज, प्रत्येक मास चारि दिनक छुट्टी आ पर्व-त्योहार मे बोनस देबाक मांग राखल गेल अछि।

प्रदर्शनकारी कहलनि- एखन धरि एको रुपैया नहि भेटल

जल अनुरक्षक राम रतन सिंह यादव कहलनि जे ओ 10 वर्ष सं नल-जल योजना सं जुड़ल छथि, मुदा एखन धरि एको रुपैया नहि भेटल अछि। 22 दिन सं धरना दए रहल छथि, मुदा सरकार हुनकर बात नहि सुनि रहल अछि। नहि कोनो आश्वासन भेटि रहल अछि।

प्रदर्शन कें देखैत पटना कारगिल चौक पर अनुरक्षक कें बैरिकेड लगा कए रोकि देल गेल अछि। सुरक्षा व्यवस्था तीन स्तर मे कएल गेल अछि। पहिल स्तर पर बैरिकेडिंग, दोसर स्तर पर स्थानीय पुलिस आ तेसर स्तर पर सीआरपीएफक जवान तैनात छथि। सभ अनुरक्षक जेपी गोलंबर लग बैसि कए गीत गाबि रहलाह आ अपन मांगक समर्थन मे विरोध जता रहलाह। प्रदर्शनकारीक कहब अछि जे जाधरि हुनकर मांग पर कारबाइ नहि होयत, ताधरि आंदोलन जारी रहत। घटनास्थल पर पुलिस बल तैनात अछि आ स्थिति पर नजरि राखल जा रहल अछि। प्रदर्शनकारी प्रशासन सं आवश्यक कारबाइक मांग कएलनि।

पटना- गेसिंग अड्डा पर छापामारी मे 10 गिरफ्तार

पटना। पटना कोतवाली थाना क्षेत्र मे गेसिंग अड्डा पर पुलिस छापेमारी कएलक। गुप्त सूचनाक आधार पर सेंट्रल रेंजक डीआईयू टीम आ स्थानीय कोतवाली थाना पुलिस ई कारबाइ कएलक। पुलिस कें सूचना भेटल छल जे ऑटो पार्क लग पीपलक गाछक नीचां गेसिंग अड्डा चलाओल जा रहल अछि। सूचनाक अनुसार, एहि ठाम लगातार शरारती तत्वक गतिविधि बनल छल। एकर बाद पुलिस टीम घटनास्थल पर पहुंचि छापेमारी कएलक। कारबाइक दौरान ठाम सं गेसिंगक बैनर, मोबाइल फोन आ किछु नकदी बरामद कएल गेल। घटनास्थल पर मौजूद किछु लोक कें पुलिस हिरासत मे लेलनि। फिलहाल पुलिस हिरासत मे लेल गेल लोक सं पूछताछ कए रहल अछि। संगहि ई पता लगाओल जा रहल अछि जे गेसिंग अड्डा केकरा दिस सं संचालित कएल जा रहल छल आ एकर पाछां के-के लोक शामिल छथि। पुलिस एहि मामिला मे आसपासक लोक सं सेहो जानकारी जुटा रहल अछि। अधिकारीक अनुसार, गेसिंग अड्डा कें लए पहिनहु पुलिस कें सूचना भेटल छल आ हालक दिन मे कारबाइ कएल गेल छल। कहल जा रहल अछि जे एहि ठाम पुलिसक ई दोसर छापेमारी अछि। पुलिसक कहब अछि जे गेसिंग आ संदिग्ध गतिविधिक विरुद्ध आगू सेहो कारबाइ जारी रहत। हिरासत मे लेल गेल लोकक भूमिकाक जांच कएल जा रहल अछि।

पटना मे 21.20 करोड़ सं बनत अत्याधुनिक इंडोर स्टेडियम

दर्शक लेल रहत रिट्रैक्टेबल सीटिंग, राष्ट्रीय-अंतरराष्ट्रीय मोकाबला लेल बनत ब्रॉडकास्टिंग रूम

पटना, समदिया

बिहारक खेलाड़ी कें शीघ्र हाईटेक इंडोर स्टेडियम भेटय बला अछि। पाटलिपुत्र स्पोर्ट्स कॉप्लेक्स मे करीब 21.20 करोड़ रुपैयाक लागत सं अत्याधुनिक इंडोर स्टेडियमक निर्माण कराओल जा रहल अछि।

करीब 30,864 वर्गफीट क्षेत्र मे बनय बला एहि स्टेडियम कें मार्च 2027 धरि पूरा करबाक लक्ष्य अछि। एहि मे फोल्डेबल दर्शक दीर्घाक संग ब्रॉडकास्टिंग रूम सेहो बनत। एतय कबड्डी, बास्केटबॉल, बॉक्सिंग, वॉलीबॉल, सेपक टाकरा, कुश्ती, जिम्नास्टिक, योग सहित अन्य इंडोर खेलक प्रशिक्षणक सुविधा भेटत।

1,000 सं बेसी दर्शक लेल रहत रिट्रैक्टेबल सीटिंग

पैघ खेल आयोजनक समय दर्शकक बैसबाक पर्याप्त व्यवस्था कएल जाएत। स्टेडियम मे 1,000 सं बेसी दर्शकक क्षमता बला रिट्रैक्टेबल सीटिंग सिस्टम लगाओल जाएत। जरूरतक अनुसार सीट कें खोलल अथवा समेटल जा सकत। एहि सं अलग-अलग खेल आ प्रतियोगिताक अनुरूप स्पोर्ट्स फ्लोरक अधिकतम उपयोग कएल जा सकत।

महिला-पुरुष खेलाड़ी लेल अलग सुविधा

खेलाड़ीक तैयारी कें ध्यान मे राखि स्टेडियम मे अलग-अलग वॉर्म-अप एरिया, आधुनिक चेंजिंग रूम, लॉकर आ वॉशरूम बनाओल जाएत। महिला आ पुरुष खेलाड़ी लेल अलग सुविधा रहत। एहि सं प्रशिक्षण आ प्रतियोगिताक दौरान खेलाड़ी कें नीक आ पेशेवर माहौल भेटि सकत।

राष्ट्रीय-अंतरराष्ट्रीय मोकाबला लेल ब्रॉडकास्टिंग रूम

स्टेडियम मे विशेष ब्रॉडकास्टिंग रूम सेहो बनाओल जाएत। एतय सं राष्ट्रीय आ अंतरराष्ट्रीय स्तरक प्रतियोगिताक लाइव प्रसारण करब आसान होयत। ब्रॉडकास्टिंग व्यवस्था एहि तरहे विकसित कएल जाएत जाहि सं पूरा कोर्ट पर नजरि राखल जा सकय। इंडोर स्टेडियमक उद्देश्य 2028 लॉस एंजिल्स ओलंपिक आ 2030 मे प्रस्तावित कॉमनवेल्थ गेम्स कें ध्यान मे राखि राज्यक प्रतिभावान खेलाड़ी कें नीक तैयारीक माहौल उपलब्ध करेनाइ अछि।

40-40 बेडक डॉरमेट्रीक प्रस्ताव

प्रशिक्षण शिविर आ प्रतियोगिताक दौरान खेलाड़ीक ठहरबाक लेल परिसर मे आवासीय सुविधा सेहो विकसित कएल जाएत। महिला आ पुरुष खेलाड़ी लेल अलग-अलग 40-40 बेडक डॉरमेट्री बनेबाक योजना अछि। एहि सं बाहर सं आबय बला खेलाड़ी कें अभ्यास आ प्रतियोगिताक दौरान एक्के परिसर मे ठहरबाक सुविधा भेटत।

प्री-फैब्रिकेटेड स्टील स्ट्रक्चर सं होयत निर्माण

स्टेडियमक निर्माण मे आधुनिक आ पर्यावरण अनुकूल तकनीकक उपयोग कएल जा रहल अछि। एहि लेल प्री-फैब्रिकेटेड स्टील स्ट्रक्चर आ इंसुलेटेड पैनलक उपयोग कएल जाएत। ऊर्जाक खपत कम करबाक लेल ग्रीन बिल्डिंग मानकक अनुरूप सस्टेनेबल एचवीएसी एयर-कंडीशनिंग सिस्टम सेहो लगाओल जाएत।

सुरक्षा आ दिव्यांगजनक सुविधा पर सेहो जोर

स्टेडियम मे सुरक्षाक ध्यान मे राखि कतेको इमरजेंसी एग्जिट, चौड़ा कॉरिडोर आ सुरक्षित आवागमनक व्यवस्था कएल जाएत। दिव्यांग खेलाड़ी आ दर्शक लेल यूनिवर्सल एक्सेस रैंप बनाओल जाएत। एहि सं परिसर सभ खेलाड़ी, दर्शक आ आगंतुक लेल बेसी सुरक्षित आ सुगम बनि सकत।

गांधी मैदानक बाहर वेंडिंग कियोस्कक होयत निर्माण, भीतर बनत साइकिल ट्रैक

- **पटना मे तीन ठाम विकसित होयत अर्बन ग्रीन इंफ्रास्ट्रक्चर**

पटना, समदिया

पटना। पटना गांधी मैदानक बाहर छोट कारोबार कएनिहार लोक लेल वेंडिंग कियोस्क बनाओल जाएत। कांसेप्चुअल डिजाइन मे चाय-नाश्ता, फल आ अन्य रिफ्रेशमेंट दोकानक एक समान डिजाइन रखबाक प्रस्ताव अछि।

दरअसल, पटना मे खाली आ कम उपयोग होमय बला स्थान कें आब नीक सार्वजनिक सुविधा सं जोड़बाक तैयारी अछि। एहि लेल शहरक तीन प्रमुख क्षेत्र कें अर्बन ग्रीन एंड रिक्रिएशनल इंफ्रास्ट्रक्चरक रूप मे विकसित करबाक प्रस्ताव तैयार कएल गेल अछि।

प्रस्तावित तीन स्थान मे पटेल गोलंबर सं एयरपोर्ट होइत शेखपुरा मोड़ धरि मार्ग, गांधी मैदानक बाहरी आ भीतरी परिधि आ मीठापुर-करबिगहिया बीच फ्लाईओवरक नीचां बला क्षेत्र शामिल अछि।

गांधी मैदानक बाहर ऑटो स्टैंड कें व्यवस्थित करबाक प्रस्ताव

गांधी मैदानक बाहरी परिधि कें व्यवस्थित सार्वजनिक क्षेत्रक रूप मे विकसित करबाक प्रस्ताव अछि। एहि मे चौड़ा फुटपाथ, हरियाली, बैसबाक स्थान, स्ट्रीट लाइट आ वेंडिंग कियोस्कक परिकल्पना कएल गेल अछि। कांसेप्चुअल डिजाइन एक समान रखबाक सुझाव देल गेल अछि। एहि सं सड़कक कात बेतरतीब दोकान लगाबय कए बदला निर्धारित स्थान पर वेंडिंगक व्यवस्था कएल जा सकत।

गांधी मैदानक गेट क्षेत्र मे ऑटो स्टैंड कें सेहो व्यवस्थित करबाक प्रस्ताव अछि। कचरा प्रबंधन लेल गील, सुखायल आ रिसाइकिल होमय बला कचराक अलग-अलग डस्टबिन लगाबय कए योजना अछि।

बेंच, छोट-छोट लैंडस्केप क्षेत्र आ पर्याप्त रोशनीक व्यवस्था सं एतय आबय बला लोक कें नीक सार्वजनिक स्थान उपलब्ध कराबय कए परिकल्पना कएल गेल अछि।

गांधी मैदानक भीतरी परिधिक विकासक कांसेप्ट सेहो तैयार कएल गेल अछि। प्रस्तावित डिजाइन मे पैदल पथ कें व्यवस्थित करबाक, हरियाली बढ़ेबाक आ लोकक बैसबाक लेल स्थान विकसित करबाक योजना अछि। किछु भाग मे अलग साइकिल ट्रैक सेहो प्रस्तावित अछि।

एहि सं मैदानक आसपासक खुलल स्थान कें मात्र आवागमन धरि सीमित नहि राखि, टहलय, बैसय आ साइकिल चलाबय लेल उपयोगी बनाओल जा सकत।

पटेल गोलंबर-एयरपोर्ट मार्ग बनत ग्रीन कॉरिडोर

पटेल गोलंबर सं एयरपोर्ट होइत शेखपुरा मोड़ धरि मार्ग कें ग्रीन इंफ्रास्ट्रक्चरक रूप मे विकसित करबाक कांसेप्ट तैयार कएल गेल अछि। प्रस्तावित डिजाइन मे सड़कक दुनू कात व्यवस्थित फुटपाथ, अलग साइकिल ट्रैक आ पर्याप्त हरियालीक व्यवस्था देखाओल गेल अछि।

डिवाइडर आ सड़कक कात पौधारोपणक संग पूरा मार्ग कें आकर्षक बनेबाक योजना अछि। पैदल यात्रीक सुविधा लेल फुटपाथ पर पीयर रंगक टैक्टाइल पट्टी लगाबय कए सेहो प्रस्ताव अछि, जाहि सं दृष्टिबाधित लोक कें आवाजाही मे सहायता भेटि सकत।

सड़कक कात सजावटी स्ट्रीट लाइट, गमला आ पौधक कतारक अतिरिक्त दीवार पर बिहारक कला आ संस्कृति सं जुड़ल चित्र लगाबय कए परिकल्पना अछि। एहि सं एयरपोर्ट मार्ग कें शहरक आकर्षक प्रवेश मार्गक रूप मे विकसित कएल जा सकत।

फ्लाईओवरक नीचां बनत हरित सार्वजनिक क्षेत्र

मीठापुर सं करबिगहिया बीच फ्लाईओवरक नीचां बला क्षेत्र कें सेहो विकसित करबाक प्रस्ताव अछि। फ्लाईओवरक पिलरक बीच पौध सं सजल लैंडस्केप क्षेत्र, पैदल पथ, बैसबाक स्थान आ आकर्षक रोशनी लगाबय कए प्रस्ताव अछि।

सड़कक कात पैदल यात्रीक लेल टैक्टाइल पथ आ अलग-अलग प्रकारक कूड़ेदान सेहो प्रस्तावित अछि।

घोघरडीहा पुलिस फर्जी पासपोर्ट आ अवैध वीजा गिरोहक कएलक पदार्फाश

62 पासपोर्टक संग चारि शातिर गिरफ्तार

- रूस आ खाड़ी देश मे नौकरीक झांसा दए लाखो रुपैया ठगैत छल गिरोह
- पर्यटक वीजा पर पठबैत छल विदेश
- हनुमान चौक पर राति कें वाहन जांच मे पकड़ल गेल गिरोह
- मुख्य सरगना संग ग्रामीण डाक सेवक सेहो गिरफ्तार

झंझारपुर, समदिया

मधुबनीक वरीय पुलिस अधीक्षक योगेंद्र कुमारक प्रेस विज्ञप्तिक अनुसार घोघरडीहा थाना पुलिस फर्जी पासपोर्ट आ अवैध विदेशी वीजाक गिरोहक पैघ पदार्फाश केने अछि। पुलिस विभिन्न राज्य सं निर्गत 62टा पासपोर्ट, एकटा मोटरसाइकिल आ चारिटा मोबाइल फोनक संग गिरोहक चारि शातिर सदस्य कें गिरफ्तार केने अछि। वरीय पुलिस अधीक्षक मधुबनी आ पुलिस अधीक्षक (ग्रामीण)क निर्देशन मे विधि-व्यवस्था बनौने रखबाक आ अपराध नियंत्रण लेल लगातार वाहन जांच अभियान चलाओल जा रहल अछि। एहि क्रम मे रवि दिन मध्यरात्रि करीब 2 बजे घोघरडीहा थाना पुलिसक दल हनुमान चौकक लग रातिक गश्ती आ वाहन जांच पर छल। तखने शत्रुपट्टी दिस सं आबि रहल एकटा मोटरसाइकिल पर सवार दू व्यक्ति पुलिस कें देखिते बाइक घुमा कए भागय लगल। पुलिस बल तत्परता देखबैत घेराबंदी कए दुनू कें पकड़ि लेलक। पकड़ल गेल व्यक्तिक पहचान मो. इरशाद आ रफी अहमदक रूप मे भेल। हुनका सभक लग रहल करिया रंगक बैग आ मोटरसाइकिलक तलाशी लेल गेल तं बैग सं भारतक विभिन्न राज्य आ जिला सं निर्गत कुल 62टा मूल पासपोर्ट, पांचटा खाली रजिस्ट्री लिफाफा आ दूटा मोबाइल फोन बरामद भेल।

पूछताछक दौरान मो. इरशाद बतौलक जे हुनक पिता मो. आरजू द्वारा गामक ग्रामीण डाक सेवक मो. अदनान हुसैनक पता पर देशक अलग-अलग ठाम सं विदेश मे नौकरी लगाबयक नाम पर पासपोर्ट मंगाओल जाइत अछि। तकर बाद दुनू ई पासपोर्ट सभ कें पटना आ कानपुरक एजेंट मयंक आ श्रवण धरि पहुंचाबयक काज करैत छल। स्वीकारोक्ति बयानक आधार पर पुलिस दल तत्काल छापेमारी कए मुख्य सरगना मो. आरजू आ डाककर्मी मो. अदनान हुसैन कें सेहो हुनका सभक घर सं गिरफ्तार कए लेलक। हुनका सभक लग सं दूटा मोबाइल फोन जब्त कएल गेल। पूछताछ मे मो. आरजू पुलिस कें बतौलक जे रूस मे रहबाक दौरान ओकर संपर्क अंतरराष्ट्रीय एजेंट सभ सं भेल छल। बरख 2024 सं ओ डाककर्मी सं मिलीभगत कए नौकरीक प्रलोभन दए पासपोर्ट मंगबैत छल आ प्रति पासपोर्ट दू-दू लाख रुपैया लए पर्यटक वीजा पर अवैध रूप सं लोक कें विदेश पठबैत छल। संगहि दोसर लोकक नाम पर फर्जी पासपोर्ट आ कागजात तैयार कए तस्करीक सिंडिकेट सेहो चला रहल छल। एहि संबंध मे घोघरडीहा थाना मे सुसंगत धाराक अंतर्गत प्राथमिकी दर्ज कए चारू अभियुक्त कें न्यायिक हिरासत मे पठाओल जा रहल अछि। पुलिस गिरोह सं जुड़ल पटना आ कानपुरक एजेंट सभक गिरफ्तारी लेल अग्रिम कारबाइ कए रहल अछि। गिरफ्तार अभियुक्त सभ मे घोघरडीहा थाना क्षेत्रक किसनीपट्टी गाम निवासी मोहम्मद आरजूक पुत्र मो. इरशाद, शत्रुपट्टी गाम निवासी सफी अहमदक पुत्र रफी अहमद, किसनीपट्टी निवासी मोहम्मद खलीलक पुत्र मो. आरजू आ शत्रुपट्टी गाम निवासी कमरे आलमक पुत्र मो. अदनान हुसैन शामिल अछि।

नेपाली आ अंग्रेजी शराबक संग एक तस्कर गिरफ्तार

जयनगर, समदिया

जयनगर 48म वाहिनी सशस्त्र सीमा बलक ह्यईह्ल कंपनी हरनेक सीमा चौकी खौनाक कार्यक्षेत्र मे अवैध शराबक तस्करीक विरुद्ध कारबाइ करैत 93.975 लीटर नेपाली आ अंग्रेजी शराबक संग एक तस्कर कें गिरफ्तार कएल गेल। कारबाइक दौरान तस्करी मे प्रयुक्त एक हीरो ग्लैमर मोटरसाइकिल सेहो जब्त कएल गेल। सीमा चौकीक एलए सं प्राप्त आसूचनाक आधार पर विशेष गश्ती दलक गठन कएल गेल। प्राप्त सूचनाक आधार पर गश्ती दल कें सीमा स्तंभ संख्या 279 सं करीब एक किलोमीटर भीतर भारतीय क्षेत्रक करुणा गामक लग पठाओल गेल। टीम निर्धारित स्थान पर रणनीतिक ढंग सं निगरानी करैत छल। एहि क्रम मे जवान सभ नेपालक दिस सं एक व्यक्ति कें मोटरसाइकिल पर बोरा मे सामान बांधि भारतीय क्षेत्र मे अबैत देखलनि। जवान सभ ओकरा रुकबाक संकेत देलनि। सुरक्षा बल कें देखिते मोटरसाइकिल सवार घबरा गेल आ बाइक गिराकऽ भागबाक प्रयास कयलक। मुदा गश्ती दल तत्परता देखबैत ओकर पीछा कए पकड़ि लेलक। पूछताछ आ तलाशी मे मोटरसाइकिल पर बन्हल बोरा आ डिक्की सं विभिन्न प्रकारक शराब बरामद भेल। बरामद शराब मे दिलवाले नेपाली सोफी 298 बोतल, प्रत्येक 300 मिलीलीटर, कुल 89.400 लीटर; गोल्डेन ओक 5 बोतल, प्रत्येक 375 मिलीलीटर, कुल 1.875 लीटर तथा गोल्डेन ओक 15 बोतल, प्रत्येक 180 मिलीलीटर, कुल 2.700 लीटर शामिल अछि। एहि प्रकार कुल 93.975 लीटर शराब बरामद भेल। तस्करी मे प्रयुक्त हीरो ग्लैमर मोटरसाइकिल, पंजीकरण संख्या बीआर 07 एएम 1813, सेहो जब्त कएल गेल। गिरफ्तार अभियुक्तक पहचान मिथिलेश राम (करीब 30 बरख), पिता स्वर्गीय राम सकल राम, ग्राम एवं डाकघर कटैया, थाना बसोपट्टी, जिला मधुबनीक रूप मे भेल अछि। ओ भारतीय नागरिक अछि।

जेसीबी सं खोदिकए छोड़ल गेल खद्धाक पानि मे डूबि 17 वर्षीय किशोरक मृत्यु

बेनीपट्टी, समदिया

स्थानीय थाना क्षेत्रक समदा इस्लामिया टोल स्थित मटकोरवा नामक चौड़ मे जेसीबी सं खोदिकऽ छोड़ल गेल गड्ढाक पानि मे डूबि एक 17 वर्षीय किशोरक मृत्यु भए गेल। मृतकक पहचान समदा गांव निवासी मंगल यादवक पुत्र देवचंद्र यादव (17) केर रूप मे भेल अछि। बताओल जाइत अछि जे मृतक उक्त चौड़ मे मवेशी लए कए गेल छल। ओ मवेशी कें गड्ढा मे स्नान कराबय लेल लए गेल। एहि क्रम मे बेसी पानि मे चलि गेला सं ओ डूबि गेल आ हुनकर मृत्यु भए गेल।

खेत मे मौजूद अन्य लोक जखन मात्र मवेशी कें गड्ढा सं बाहर निकलैत देखलनि तं ओ सभ गड्ढाक लग गेलाह। ओतय लड़काक कपड़ा गड्ढाक कात मे राखल देखल गेल। कपड़ा देखिते लोक सभ कें लड़काक डूबबाक आशंका भेल आ ओ सभ शोर मचेनाइ शुरू कए देलनि। एकर बाद घटनास्थल पर लोकक भीड़ जुटि गेल। परिजन सेहो दौड़ैत घटनास्थल पर पहुंचलाह। एकर बाद गड्ढाक पानि मे लड़काक खोजबीन शुरू कएल गेल। बहुत मशक्कतक बाद लड़काक शव बरामद भेल, मुदा ताधरि हुनकर मृत्यु भए चुकल छल। घटनाक सूचना बेनीपट्टी थाना पुलिस कें देल गेल। सूचना पाबि एसआइ राम कुमार सिंह दलबलक संग घटनास्थल पर पहुंचलाह आ शव कें कब्जा मे लए कए पोस्टमार्टम लेल पठेबाक प्रक्रिया शुरू कएलनि। मुदा परिजन शवक पोस्टमार्टम कराबय सं स्पष्ट रूप सं इनकार कए देलनि आ एहि संबंध मे लिखित आवेदन थाना कें सेहो देलनि। घटनाक बाद सं गांव मे मातम पसरल अछि। परिजनक रो-रो कए बुरा हाल अछि।

नव रेलवे क्रॉसिंग बंद भेल तं बढ़त लोकक परेशानी

सीतामढ़ी। मेहसौल स्थित नव रेलवे क्रॉसिंग/नईम बाग बाट कें रेलवे विभाग द्वारा बंद करबाक प्रयासक विरोध मे जनहित कें ध्यान मे राखैत पूर्व सांसद प्रतिनिधि मो. जुनैद आलम मेहसौलवी जिलाधिकारी तनय सुल्तानिया सं भेंट कए हुनका आवेदन सौंपलनि। ओ बाट बंद करबाक प्रयास पर तत्काल रोक लगयबाक मांग कयलनि। सौंपल गेल आवेदन मे बरख 2015क अनुमंडल कार्यालयक पत्र संख्या 580 आ डुमरा अंचल अधिकारीक जांच प्रतिवेदनक उल्लेख कएल गेल अछि। एहि मे कहल गेल अछि जे रेलवे लाइनक दुनू कात सड़क मौजूद अछि आ ई बाट वर्षो सं आम लोकक आवागमन लेल उपयोग होइत रहल अछि। जांच प्रतिवेदन मे सेहो जनहित कें ध्यान मे राखैत रेलवे फाटक/गुमटी बनेबाक अनुशंसा कएल गेल छल।

अवैध देशी कट्टा आ चोरीक मोटरसाइकिलक संग दू अभियुक्त कएल गेल गिरफ्तार

मधुबनी, समदिया

6 सितंबरक राति रहिका थाना पुलिसक दल रातिक गश्ती, आसूचना संकलन आ सघन जांच अभियान पर छल। एहि क्रम मे राति करीब 2:45 बजे गुप्त सूचना भेटल जे फुहरी सं खरौआ दिस जाएबला बाट पर एकटा मोटरसाइकिल पर सवार दू व्यक्ति संदिग्ध गतिविधि करैत तेज गति सं जा रहल अछि।

सूचनाक जानकारी वरीय पदाधिकारी कें दैत प्राप्त निदेर्शानुसार रहिका थाना पुलिसक दल जखन उक्त स्थल पर पहुंचल तं पुलिस बल कें देखिते बाइक सवार दुनू युवक भागबाक प्रयास कएलक। मुदा पुलिस बल चारू दिस सं घेराबंदी कए दुनू कें पकड़ि लेलक। पकड़ल गेल व्यक्तिक पहचान नवीन कुमार पासवान आ मनीष कुमारक रूप मे भेल। हुनका सभक लग सं बिना नंबर प्लेटक करिया रंगक यामाहा मोटरसाइकिल बरामद भेल। मोटरसाइकिलक कागजात मांगला पर दुनू कोनो वैध कागजात प्रस्तुत नहि कए सकल। तकर बाद कड़ाई सं पूछताछ कएल गेल तं दुनू स्वीकार कएलक जे पछिला मास रहिका सं ककरौल जाएबला बाट पर एकटा नास्ताक दोकानक लग सं उक्त मोटरसाइकिल चोरी केने छल। पहचान नुकौने लेल मोटरसाइकिलक नंबर प्लेट खोलि आगि मे जरा देने छल। पुलिस जखन उक्त मोटरसाइकिलक विधिवत तलाशी लेलक तं सीट सं एकटा देशी कट्टा बरामद भेल। पूछताछक दौरान दुनू बतौलक जे क्षेत्र मे अपन वर्चस्व कायम रखबाक लेल ओ सभ देशी कट्टा अपन लग रखैत छल। तकर बाद पुलिस बरामद अवैध देशी कट्टा आ चोरीक मोटरसाइकिल कें विधिवत जब्त कए लेलक। एहि संबंध मे रहिका थाना मे कांड संख्या 254/26, दिनांक 7 सितंबर 2026 केर अंतर्गत धारा 317 (5)/3 (5) बीएनएस तथा 25 (1-बी) ए/26/35 आर्म्स एक्ट मे प्राथमिकी दर्ज कएल गेल अछि। दुनू अभियुक्त कें न्यायिक हिरासत मे पठेबाक प्रक्रिया चलि रहल अछि आ अग्रेतर कारबाइ कएल जा रहल अछि।

गिरफ्तार अभियुक्त मे नवीन कुमार पासवान, पिता- रामयतन पासवान, निवासी- सुगौना कतराही टोल, थाना- रहिका, जिला- मधुबनी। मनीष कुमार, पिता- शिवलाल पासवान, निवासी- ककरौल, थाना- रहिका, जिला- मधुबनी।

सीएम साइंस कॉलेज मे आयोजित राष्ट्रीय खेल सप्ताहक समापन

दरभंगा, समदिया

सीएम साइंस कॉलेजक कामेश्वर भवन मे सोमदिन राष्ट्रीय खेल सप्ताहक भव्य समापन समारोह आयोजित भेल। समारोह मे मुख्य अतिथिक रूप मे ललित नारायण मिथिला विश्वविद्यालयक विज्ञान संकायाध्यक्ष सह पूर्व विधान पार्षद प्रो. दिलीप कुमार चौधरी उपस्थित छलाह। अपन संबोधन मे प्रो. चौधरी कहलनि जे जिनगी मे खेलक बहुत महत्व अछि। जहिना खेल मे उतार-चढ़ाव अबैत रहैत अछि आ प्रदर्शनक आधार पर हारि जीतक निर्णय होइत अछि, तहिना जीवन मे सेहो विभिन्न परिस्थिति अबैत रहैत अछि। खेल मे सक्रिय भागीदारी सं परस्पर सहयोग आ अपनत्वक भावना विकसित होइत अछि। आइुक दौर मे छात्र-छात्रा कें शिक्षाक संग शारीरिक रूप सं सेहो मजबूत बनेबाक लेल विभिन्न खेल प्रतियोगिताक आयोजन अत्यंत महत्वपूर्ण अछि। एहि सं छात्र-छात्राक मानसिक विकासक संग शारीरिक विकास सेहो होइत अछि। कार्यक्रमक अध्यक्षता करैत कॉलेजक प्रधानाचार्य प्रो. संजीव कुमार मिश्र कहलनि जे खेल हमरा सभ कें अनुशासन मे रहबाक शिक्षा दैत अछि, जे सफल करियर लेल बहुत जरूरी अछि। ओ खेलाड़ी सभक उत्साहवर्धन करैत कहलनि जे खेल शारीरिक आ मानसिक स्वास्थ्य लेल महत्वपूर्ण अछि। एहि सं जीवन मे सकारात्मक वातावरण बनेबाक संग समन्वय, नेतृत्व क्षमता आ टीम भावना सेहो मजबूत होइत अछि। ओ छात्र-छात्रा सं दैनिक जीवन मे खेलक विभिन्न गतिविधि कें अपनयबाक आह्वान कयलनि। विशिष्ट अतिथिक रूप मे उपस्थित एम. आर. एम. कॉलेजक प्रधानाचार्य डॉ. पुष्पम नारायण कहलनि जे छात्र-छात्राक जीवन मे लक्ष्य होयब आवश्यक अछि। लक्ष्यक बिना जीवन अपूर्ण अछि। जं विद्यार्थी अपन जीवन मे लक्ष्य निर्धारित नहि करत, तं ओकरा लेल सफलता हासिल करब कठिन होयत। भौतिकी विभागाध्यक्ष डॉ. उमेश कुमार दास कहलनि जे मेहनत आ लगन सं सफलताक बाट सुगम होइत अछि। वर्तमान समय मे खेलक क्षेत्र मे सेहो अपार संभावना अछि। एहन परिस्थिति मे विद्यार्थी अपन रुचिक अनुरूप खेलक चयन कए अपन भविष्य उज्ज्वल बना सकैत छथि। डॉ. निधि झाक संचालन मे भेल समापन समारोह मे धन्यवाद ज्ञापन मैथिली विभागाध्यक्ष डॉ. सत्येंद्र कुमार झा कयलनि। ओ कहलनि जे खेल मे हारि-जीत एकहि सिक्काक दू पहलू जकां अछि। एकर परवाह कयने बिना खेलाड़ी कें खेलक मैदान मे आखरी क्षण धरि डटल रहबाक चाही।

एहि सं पूर्व आयोजन सचिव डॉ. निधि झा साप्ताहिक आयोजनक उद्देश्य पर प्रकाश दैत कहलनि जे 28 अगस्त सं शुरू भेल ई प्रतियोगिता 5 सितंबर धरि चलल। आयोजनक उद्देश्य छात्र-छात्रा मे खेल भावना, शारीरिक स्वास्थ्य, अनुशासन, टीम भावना आ आपसी सौहार्द कें बढ़ावा देब छल। महिला आ पुरुष वर्ग लेल अलग-अलग आयोजित क्रिकेट, कबड्डी, बालीबाल, खो-खो, ऊंच कूद आ बैडमिंटन प्रतियोगिता मे लगातार सात दिन धरि खेलाड़ी सभ अपन प्रतिभाक प्रदर्शन कयलनि। प्रतियोगिता मे विजेता आ उपविजेता टीम कें शील्ड प्रदान कयल गेल, जखन कि सभ प्रतिभागी कें प्रमाण-पत्र आ मेडल दए कए प्रोत्साहित कयल गेल। कार्यक्रमक सफल आयोजन मे खेल प्रभारी डॉ. आदित्य नाथ मिश्र, आइक्यूएसी सहायक डॉ. प्रवीण कुमार झा आ टीम हेड उत्सवक सराहनीय योगदान रहल। समारोह मे कॉलेजक सभ शिक्षक, शिक्षकेत्तर कर्मी आ छात्र-छात्राक उल्लेखनीय उपस्थिति छल।

नेपाली शराबक संग एक तस्कर गिरफ्तार, मोटरसाइकिल जब्त

जयनगर, समदिया

जयनगर 48म वाहिनी सशस्त्र सीमा बलक ह्यबीह्ल कंपनीक सीमा चौकी बिहारीक कार्यक्षेत्र मे अवैध शराबक तस्करीक विरुद्ध कारबाइ करैत 27 लीटर नेपाली देशी शराबक संग एक तस्कर कें गिरफ्तार कएल गेल। कारबाइक दौरान तस्करी मे प्रयुक्त एक हीरो होंडा पैशन प्रो मोटरसाइकिल सेहो जब्त कएल गेल।

सीमा चौकीक एलए सं प्राप्त आसूचनाक आधार पर विशेष गश्ती दलक गठन कएल गेल। गश्ती दल करीब 10:45 बजे सीमा चौकी बिहारी सं सीमा स्तंभ संख्या 293/01 दिस रवाना भेल। सीमा स्तंभ संख्या 293/01 सं करीब 150 मीटर भीतर भारतीय क्षेत्र मे नेपालक दिस सं एक व्यक्ति कें हीरो होंडा पैशन प्रो मोटरसाइकिल पर अबैत देखल गेल। गश्ती दल संदिग्ध रूप सं ओकरा रोकि पूछताछ आ तलाशी लेलक। तलाशी मे ओकरा लग मौजूद नील आ उज्जर रंगक बैग सं नेपाली देशी शराब ह्यदिलवाले सोफीह्लक 90 बोतल बरामद भेल। प्रत्येक बोतल मे 300 मिलीलीटर शराब छल। एहि प्रकार कुल 27 लीटर नेपाली देशी शराब बरामद कएल गेल।

गिरफ्तार अभियुक्तक पहचान कैलाश कुमार साह (करीब 23 बरख), पिता राम एकवाल साह, ग्राम चानन, डाकघर दामु, थाना बसोपट्टी, जिला मधुबनीक रूप मे भेल अछि। गिरफ्तार अभियुक्त भारतीय नागरिक अछि। प्रारंभिक पूछताछ मे अभियुक्त बतौलक जे उक्त शराब ओकरा नेपालक मुशहरनिया गामक एक अज्ञात व्यक्ति सं भेटल छल। ओ शराब कें मधुबनी जिलाक खिनहर थाना आ डाकघर अंतर्गत अकोड़ गाम लए जा रहल छल। पूछताछ मे ओ अपना कें शराबक कूरियरक रूप मे काज कएनिहार बतौलक।

बरामद 27 लीटर नेपाली शराब, हीरो होंडा पैशन प्रो मोटरसाइकिल आ गिरफ्तार अभियुक्तक विधिवत जब्ती एवं गिरफ्तारी सूची तैयार कए अग्रिम कानूनी कारबाइ लेल थाना मधवापुर, जिला मधुबनी कें सुपुर्द करबाक प्रक्रिया चलि रहल अछि। एहि अवसर पर 48म वाहिनी सशस्त्र सीमा बल, जयनगरक कमांडेंट कहलनि जे भारत-नेपाल सीमापर अवैध शराब आ अन्य प्रतिबंधित वस्तुक तस्करीक विरुद्ध एसएसबी द्वारा लगातार सतर्कता आ प्रभावी कारबाइ कएल जा रहल अछि। आसूचनाक आधार पर भेल ई कारबाइ सीमा पर तैनात जवान सभक सजगता आ तत्परताक परिणाम अछि। ओ कहलनि जे सीमा क्षेत्र मे तस्करी जेकां अवैध गतिविधि रोकबाक लेल एसएसबी पूरी मुस्तैदी सं काज कए रहल अछि आ आगू सेहो एहन गतिविधिक विरुद्ध प्रभावी कारबाइ जारी राखल जायत।

प्रसूताक मृत्युक बाद एपेक्स हॉस्पिटल पर नकेल, अस्पताल बंद रखबाक निर्देश

झंझारपुर, समदिया

मंगल दिन धरि मानक सं जुड़ल सभ कागजात जमा करबाक आदेश

- सोम दिन भेल जांच मे कतेको खामी उजागर
- ने गायनिकक प्रमाणपत्र, ने एनेस्थेटिस्टक
- जांचक समय नहि भेटल सर्जन आ नर्स

मोहना चौक स्थित कथित एपेक्स हॉस्पिटल मे प्रसूताक मृत्युक बाद स्वास्थ्य विभाग अस्पताल प्रबंधन पर शिकंजा कसबाक प्रक्रिया शुरू कए देलक अछि। सिविल सर्जन डॉ. हरेंद्र कुमारक निर्देश पर पीएचसी प्रभारी डॉ. मुकेश कुमारक नेतृत्व मे स्वास्थ्य विभागक दल सोम दिन अस्पतालक जांच कएलक। जांच दल मे डॉ. फिरदौसक अतिरिक्त पीएचसी प्रबंधक गिरीश कुमार झा आ अरुण कुमार मंडल शामिल छलाह। जांच दल अस्पतालक ओटी, रोगी कक्ष आ विभिन्न कागजातक गहन जांच कएलक, जाहि मे कतेको गंभीर खामी उजागर भेल। जांच दलक नेतृत्व कए रहल पीएचसी प्रभारी डॉ. मुकेश कुमार कहलनि जे ई अस्पताल कोनो मानक पूरा नहि करैत अछि। एहि कारणें संचालक डॉ. शत्रुघ्न यादव कें कड़ा निर्देश देल गेल अछि जे दू दिनक भीतर मानक सं संबंधित सभ प्रमाण-पत्र जमा करथि। ताधरि अस्पताल बंद राखबाक निर्देश देल गेल अछि। जांचक दौरान पता चलल जे अस्पतालक लग पंजीकरण तं अछि, मुदा ई पंजीकरण मोहना स्थित दोसर ठामक अछि। स्थान परिवर्तन सं संबंधित कोनो प्रमाण-पत्र अस्पतालक लग उपलब्ध नहि अछि। गायनिक आ एनेस्थेटिस्ट (मूर्छक) सं संबंधित कोनो प्रमाण-पत्र सेहो नहि भेटल।जांचक समय अस्पताल मे नहि सर्जन उपस्थित छलाह आ नहि कोनो प्रशिक्षित नर्सिंग कर्मी भेटल। जांच दल द्वारा संचालक सं पूछल गेल जे सर्जन अस्पताल मे नियमित रूप सं उपस्थित रहैत छथि अथवा फोन पर बजाओल जाइत छथि। एहि पर संचालक स्पष्ट उत्तर नहि दए सकलाह। नियमानुसार फोन पर बजाओल जाएबला सर्जन कें अस्पताल सं पांच किलोमीटरक परिधि मे रहबाक चाही। बताबी जे बृहस्पति कें सिमरा निवासी प्रसूता गुड़िया देवी कें प्रसव लेल एपेक्स हॉस्पिटल मे भर्ती कराओल गेल छल। आरोप अछि जे ऑपरेशनक बाद हुनक स्थिति बिगड़ि गेल। परिजन हुनका दोसर अस्पताल लए जा रहल छलाह, तखने बाट मे हुनक मृत्यु भए गेल। घटना सं आक्रोशित परिजन अस्पतालक बाहर एनएच-27 कें जाम कए जमि कए हंगामा कएलनि। ओतहि अस्पतालक संचालक डॉ. यादवक कहब अछि जे हुनक अस्पताल मे प्रसव लेल ऑपरेशन नहि कएल गेल छल, बल्कि बिना ऑपरेशनक प्रसव भए गेल छल। स्थिति बिगड़ला पर प्रसूताक डीएमसीएच रेफर कएल गेल छल। मुदा जांच दलक समक्ष संचालक अपन एहि दावाक पुष्टि करबाक लेल आवश्यक प्रमाण प्रस्तुत नहि कए सकलाह। जांच अधिकारी डॉ. मुकेश कुमार स्पष्ट रूप सं कहलनि जे जाहि प्रकारक ई मामिला छल, ताहि अनुसार आईपीडी रजिस्टर मे मरीजक नाम अंकित होमए चाही, मुदा अस्पतालक लग ई रजिस्टर सेहो उपलब्ध नहि अछि। हुनक कहब छल जे मानकक कतहु सं पालन नहि कएल गेल अछि। स्थानीय लोकक सवाल अछि जे स्वास्थ्य विभाग कोनो मरीजक मृत्यु भेलाक बादे किएक जागैत अछि? एखन धरि कोनो नर्सिंग होमक नियमित जांच नहि कएल जाइत अछि। घटना घटलाक दू-तीन दिन बाद जांचक नाम पर कागज-पत्रक प्रक्रिया शुरू भए जाइत अछि। मुदा जाहि डॉक्टरक नाम पर नर्सिंग होम संचालित होइत अछि, ओ सर्जरीक समय अस्पताल मे उपस्थित रहैत छथि अथवा नहि, एहि बातक पड़ताल आइ धरि कोनो जांच दल द्वारा नहि कएल गेल अछि। ई प्रश्न आइयो आम लोकक समक्ष यक्ष प्रश्न बनल ठाढ़ अछि।

राम सागर टोलक नव प्राथमिक विद्यालय भवनक होयत निर्माण

प्रखंड प्रमुख रीता कुमारी कएलनि विद्यालय भवनक शिलान्यास

बिस्फी, समदिया

बिस्फी प्रखंड क्षेत्र मे बच्चा सभ कें निर्बाध, सुरक्षित आ गुणवत्तापूर्ण शिक्षा उपलब्ध करबाक उद्देश्य सं प्रखंड प्रशासन द्वारा जिलाधिकारी आनंद शर्माक निर्देश पर सोम दिन नव प्राथमिक विद्यालय राम सागर टोलक परिसर मे दू कमराक विद्यालय भवनक शिलान्यास कएल गेल। 15 लाख रुपैयाक लागत सं बनए बला एहि भवनक शिलान्यास प्रखंड प्रमुख रीता कुमारी आ बीडीओ बसंत कुमार सिंह संयुक्त रूप सं कएलनि। प्रखंड प्रमुख रीता कुमारी कहलनि जे कोनो परिस्थिति मे बच्चा सभक पढ़ाइ बाधित नहि होमऽचाही। भवनविहीन अथवा भूमिविहीन विद्यालय मे सेहो पठन-पाठन लेल तत्काल समुचित वैकल्पिक व्यवस्था सुनिश्चित कएल जा रहल अछि। बीडीओ बसंत कुमार सिंह कहलनि जे विद्यालय मे बच्चा सभ लेल सुरक्षित, सुव्यवस्थित आ अनुकूल शैक्षणिक वातावरण उपलब्ध करेनाइ प्रशासनक सर्वोच्च प्राथमिकता अछि। एहि संबंध मे सभ पदाधिकारी कें अपन अपन क्षेत्रक विद्यालयक नियमित निरीक्षण करबाक आ आवश्यक व्यवस्था सुनिश्चित करबाक निर्देश देल गेल अछि। ओ कहलनि जे सरकारी विद्यालय मे बच्चासभ कें नीक शैक्षणिक वातावरण उपलब्ध करबाक लेल आब आधारभूत सुविधाक कमी दूर कएल जाएत।एहि लेल 11 बिंदु पर विद्यालयक प्रधानाध्यापक सभ सं प्रतिवेदन मांगल गेल अछि। एहि मे भवनविहीन अथवा भूमिविहीन विद्यालय सेहो शामिल अछि। एहि अवसर पर समाजसेवी मदन यादव, मोहम्मद चांद,शिक्षिका नीलम कुमारी, शंभू यादव, सहायक शिक्षक परवेज आलम सहित पैघ संख्या मे ग्रामीण उपस्थित छलाह।

बेनीपट्टी मे शांतिपूर्ण भगवान श्रीकृष्ण आ राधा रानीक प्रतिमाक विसर्जन

बेनीपट्टी, समदिया

प्रखंडक विभिन्न गाम मे रवि दिन सांझ भगवान श्रीकृष्ण, राधा रानी सहित अन्य देवी-देवताक प्रतिमाक विसर्जन शांतिपूर्ण आ सामाजिक सद्भावक वातावरण मे कएल गेल। काली स्थान बेहटा, अंबेडकर चौक, मेघवन, बसैठ, शिवनगर, भदुली, अरेर, अंधरी, गांगुली, दामोदरपुर, बेतौना, गम्हरिया, परजुआर, सरिसब, उच्चैठ सहित विभिन्न गाम मे पूजा समितिक दिस सं भव्य विसर्जन शोभायात्रा निकालल गेल। शोभायात्रा संबंधित गाम आ टोलक भ्रमण करैत नजदीकी पोखरि अथवा नदीक घाट धरि पहुंचल। एहि दौरान बाट मे श्रद्धालु सभ विसर्जन लेल लए जाओल जा रहल प्रतिमाक वाहन कें रोकि पूजा-अर्चना कएलनि आ भगवान सं अगिला बरख पुनः शीघ्र आबि दर्शन देबाक प्रार्थना कएलनि। विदाइक समयकतेको श्रद्धालु भावुक सेहो देखल गेलाह। बेनीपट्टी मुख्यालय मे विभिन्न पूजा समितिक विसर्जनशोभायात्रा पूरा मुख्यालयक भ्रमण करैत संसार पोखरि अथवा सरिसब बछराजा नदीक समीप पहुंचल। घाट पर प्रतिमा राखि विधिवत आरती आ पूजा-अर्चना कएल गेल, तकर बाद श्रद्धापूर्वक प्रतिमाक जल मे विसर्जन कएल गेल। शोभायात्राक दौरान भक्तिमय आ अन्य गीतक धुन पर पूजा समितिक सदस्य आश्रद्धालु सभ उत्साहपूर्वक नाचैत सेहो देखल गेलाह। प्रतिमा विसर्जन कें लए कए प्रशासन आ पुलिस पूरा तरहे सतर्क रहल। बेनीपट्टी थानाध्यक्ष इंस्पेक्टर अनुप कुमार तथा अरेरक एसएचओ आनंद शंकर गौरव पुलिस बलक संग विभिन्न क्षेत्रक भ्रमण करैत रहलाह आ विसर्जनक स्थिति पर नजरि रखैत रहलाह। अधिकारी सभक निगरानी मे पूरा क्षेत्र मे शांतिपूर्ण वातावरण मे प्रतिमा विसर्जनक कार्यक्रम संपन्न भेल।

ब्रेस्ट वृद्धि सर्जरीक प्रति महिला मे बढ़ल रुचि : डॉ. विकास कुमार

सीतामढ़ी, समदिया

कॉस्मेटिक सर्जरी कें लए कए समाज मे धीरे-धीरे लोकक सोच बदलि रहल अछि। खास कए महिला मे शरीरक बनावट आ ताहि सं जुड़ल आत्मविश्वासक प्रति जागरूकता बढ़ल अछि। एहि कारणें ब्रेस्ट वृद्धिसर्जरी कें लए कए सेहो पहिनेक अपेक्षा बेसी चर्चा होमय लागल अछि। प्लास्टिक सर्जन डॉ. विकास कुमारक अनुसार, ई प्रक्रिया मात्र सौंदर्य बढ़यबाक लेल सीमित नहि अछि, बल्कि किछु महिलाक लेलशरीरक अनुपात आ आत्मविश्वास सं सेहो जुड़ल भए सकैत अछि। प्लास्टिक सर्जन तथा पटना मेडिकलकॉलेज एंड हॉस्पिटलक सहायक प्रोफेसर डॉ. विकास कुमारक मुताबिक, ब्रेस्ट वृद्धि सर्जरी एकटाकॉस्मेटिक प्रक्रिया अछि, जाहि मे स्तनक आकार आ अनुपात मे परिवर्तन कएल जाइत अछि। प्राकृतिकरूप सं छोट स्तन, गर्भावस्था अथवा स्तनपानक बाद भेल परिवर्तन तथा वजन कम भेलाक बाद स्तनकआकार मे आएल बदलाव जेकां स्थिति मे किछु महिला एहि प्रक्रियापर विचार करैत छथि। ओ बतौलनि जे सर्जरी मे मुख्य रूप सं सिलिकॉन अथवा सलाइन इंप्लांटक उपयोग कएल जाइत अछि। इंप्लांटक चयन महिलाक शारीरिक बनावट, उपलब्ध ब्रेस्ट टिशू आ हुनकर अपेक्षाक आधारपर कएल जाइत अछि। सर्जरी सं पहिने स्वास्थ्य जांच तथा मरीजक आवश्यकता कें बुझनाइ महत्वपूर्ण होइत अछि। डॉ. विकासक कहब अछि जे ब्रेस्ट वृद्धि सर्जरी करयबाक निर्णय लेला सं पहिने महिला कें प्रक्रियाक संभावित परिणामक संग-संग एहि सं जुड़ल जोखिमक जानकारी सेहो रहबाक चाही। संक्रमण, इंप्लांटक चारू कात स्कार टिशू बनब, आकार मे असमानता आ अपेक्षित परिणाम नहि भेटब जेकां जटिलता संभव अछि। एहि लेल योग्य विशेषज्ञ सं परामर्श आ उचित चिकित्सकीय मूल्यांकन आवश्यक अछि। डॉ. विकासक अनुसार, आधुनिक तकनीकक कारणे सर्जरीक योजना पहिनेक अपेक्षा बेसी व्यवस्थित ढंग सं तैयार कएल जा सकैत अछि। मरीजक शारीरिक संरचना आ अपेक्षाक अनुरूप इंप्लांटक आकार तथा प्लेसमेंटक निर्णय कएल जाइत अछि। सर्जरीक बाद प्रारंभिक रिकवरी सामान्यतः किछु दिन मे शुरू भए जाइत अछि, जखन कि आखरी परिणाम स्पष्ट होमय मे कतेको सप्ताह लागि सकैत अछि। ओ सर्जरीक बाद नियमित फॉलोअप करयतथा चिकित्सकक निर्देश पालन करबाक सलाह देलनि। हुनकर मुताबिक, कॉस्मेटिक सर्जरी कें लए कए कोनो निर्णय जल्दबाजी मे लेबाक बदला महिला कें एकर लाभ, सीमा, जोखिम आ संभावित परिणाम कें बुझि कए निर्णय लेबाक चाही।

निर्वाचन सामग्रीक सुरक्षा मे नहि होयत कोनो लापरवाही : डीएम

- सुरक्षित निर्वाचनक लेल प्रशासन सजग, ईवीएम-वीवीपैट वेयर हाउसक निरीक्षण

मधुबनी, समदिया

जिला निर्वाचन पदाधिकारी-सह-जिला पदाधिकारी आनंद शर्मा सोम दिन जिला मे स्थित ईवीएम वेयर हाउस आ वीवीपैट वेयर हाउसक त्रैमासिक आंतरिक निरीक्षण कएलनि। निरीक्षणक क्रम मे ओ वेयर हाउसक सुरक्षा व्यवस्था, ईवीएम आ वीवीपैटक सुरक्षित भंडारण तथा निर्वाचन आयोग द्वारा निर्धारित मानदंडक अनुपालनक जायजा लेलनि। जिला निर्वाचन पदाधिकारी वेयर हाउस परिसरक सुरक्षा व्यवस्था, प्रवेश आ निकासक व्यवस्था तथा ईवीएम आ वीवीपैटक राखि-रखाव सं संबंधित विभिन्न बिंदुक बारीकी सं निरीक्षण कएलनि। ओ संबंधित पदाधिकारी आ कर्मी सभ कें निर्वाचन आयोगक दिशा-निर्देश तथानिर्धारित प्रोटोकॉलक अनुरूप सभ व्यवस्था दुरुस्त राखबाक निर्देश देलनि। ओ कहलनि जे ईवीएम आ वीवीपैट निर्वाचन प्रक्रियाक महत्वपूर्ण आ संवेदनशील सामग्री अछि। एकर सुरक्षित भंडारण आ सुरक्षा व्यवस्था मे कोनो स्तर पर लापरवाही नहि होबाक चाही। ओ संबंधित अधिकारी सभ कें वेयर हाउसक सुरक्षा व्यवस्था आ निर्धारित मानदंडक अनुपालनक प्रति विशेष सतर्कता बरतबाक निर्देश देलनि। निरीक्षणक क्रम मे वरीय पुलिस अधीक्षक योगेंद्र कुमार, अपर समाहर्ता मुकेश रंजन, उप निर्वाचनपदाधिकारी प्रशांत कुमार, उप पुलिस अधीक्षक मुख्यालय सहित संबंधित पदाधिकारी आ कर्मी सभ उपस्थित छलाह।

सेवा संवाद समाधान मे जिलाधिकारी सुनलनि आमजनक समस्या

मधुबनी, समदिया

जिलाधिकारी आनंद शर्मा सोम दिन समाहरणालय स्थित अपन कार्यालय कक्ष मे सेवा-संवाद-समाधान अनुश्रवण प्रणालीक अंतर्गत सभक सम्मान-जीवन आसान कार्यक्रमक अंतर्गत आमजन सं सीधा संवाद कएलनि। एहि दौरान जिलाक विभिन्न प्रखंड आ पंचायत सं पहुंचल लोक सभ अपन समस्या आ शिकायत जिलाधिकारीक समक्ष राखलनि। जिलाधिकारी सभ आवेदन कें गंभीरतापूर्वक सुनैत संबंधित पदाधिकारी सभ कें जांच कए आवश्यक कारबाइ करबाक निर्देश देलनि। ओ कहलनि जे शिकायतकनिष्पादन समयबद्ध, पारदर्शी आ प्रभावी ढंग सं होबाक चाही, जाहि सं आम नागरिक कें समस्याक समाधानक लेल अनावश्यक रूप सं सरकारी कार्यालयक चक्कर नहि लगाबय पड़य। कार्यक्रम मे मधवापुरक गणेश राय केवाला भूमिपर जबरदस्ती घर बनाओल जएबाक शिकायत कएलनि। बाबूबरही प्रखंडक धमौरा निवासी मोहम्मद सुभान सार्वजनिक बाटपर कएल गेल अतिक्रमण हटेबाक लेल आवेदनदेलनि। मधवापुरक बलवा निवासी ललिता देवी दबंग लोक द्वारा गाली-गलौज आ जान सं मारि देबाक धमकी देल जएबाक शिकायत राखलनि। जिलाधिकारी संबंधित अधिकारी सभ कें सभ मामिलाक गंभीरतापूर्वक जांच कए नियमानुसार कारबाइ करबाक निर्देश देलनि। ओ कहलनि जे आम नागरिकक समस्याक समाधान जिला प्रशासनक सर्वोच्च प्राथमिकता मे अछि। जिलाधिकारी बतौलनि जे राज्य सरकारक निर्देशानुसार प्रत्येक मासक पहिल आ तेसर मंगल दिन पंचायत स्तरपर सहयोग शिविर आयोजित कएल जाइत अछि। नागरिक एहि माध्यम सं अपन समस्या आ शिकायत दर्ज करा सकैत छथि। आरटीएमएस सहयोग पोर्टलक माध्यम सं घर बैसल ऑनलाइन आवेदन सेहो कएल जा सकैत अछि। विद्यार्थीक समस्याक त्वरित समाधानक लेल प्रत्येक मासक चारिम मंगल दिन विद्यार्थी सहयोग शिविर आयोजित होइत अछि। विद्यार्थी अपन शिकायत सहयोग हेल्पलाइन नंबर 1100 पर दर्ज करा सकैत छथि। ऑनलाइन शिकायतक लेल सहयोग पोर्टल सेहो उपलब्ध अछि। ओ कहलनि जे सभक सम्मान-जीवन आसान कार्यक्रमक उद्देश्य प्रशासन कें जनोन्मुखी, संवेदनशील, पारदर्शी आ जवाबदेह बनायब अछि।

शिक्षिका इंदु कुमारी कें भेटल नवरत्न सम्मान

- मुसाय नायक सीता देवी एजुकेशनल ट्रस्ट द्वारा शिक्षक सम्मान समारोह आयोजित

झंझारपुर, समदिया

झंझारपुर प्रखंडक गोपाल नारायण प्लस टू उच्च विद्यालयक प्रधान शिक्षिका इंदु कुमारी कें शिक्षाक क्षेत्र मे उत्कृष्ट योगदान लेल नवरत्न सम्मान सं सम्मानित कएल गेलनि। समस्तीपुर जिलाक रोसड़ा मे मुसाय नायक सीता देवी एजुकेशनल ट्रस्टक तत्वावधान मे आयोजित शिक्षक सम्मान समारोह-2026 मेहुनका ई सम्मान प्रदान कएल गेल। समारोह मे इंदु कुमारी कें प्रशस्ति-पत्र आ स्मृति-चिह्न प्रदान कएसम्मानित कएल गेल। बताओल जाइत अछि जे इंदु कुमारी विद्यालय मे नामांकन बढ़ेबा, बच्चा सभ मे शिक्षा प्रति रुचि जगाबा आ गुणवत्तापूर्ण शिक्षा उपलब्ध कराबय मे महत्वपूर्ण भूमिका निभौलनि। हुनक एहि सम्मान सं विद्यालय परिवारक संगहि क्षेत्रक लोक सभ मे हर्षक वातावरण अछि। सम्मान भेटला पर विद्यालय परिवार आ क्षेत्रक लोक सभ हुनका बधाइ देलनि आ हुनक उज्ज्वल भविष्यक कामना कएलनि।

वन्यजीव आ गाछक संरक्षण पर छात्र छात्रा सभ बनौलनि आकर्षक पेंटिंग

बच्चाक रंग-बिरंगा पेंटिंग मे देखायल प्रकृति संरक्षणक संदेश

मधुबनी, समदिया

उत्क्रमित मध्य विद्यालय, डामू, बासोपट्टी तथा जिला गंगा समिति नमामि गंगे, मधुबनीक संयुक्त तत्वावधान मे वन्यजीव आ पौधाक संरक्षण विषय पर छात्र-छात्रा सभक बीच पेंटिंग प्रतियोगिताकआयोजन कएल गेल। प्रतियोगिताक उद्देश्य विद्यार्थीक बीच जैव विविधता, पर्यावरण संरक्षण आ प्रकृतिक प्रति जागरूकता बढ़ायब छल। प्रतियोगिता मे छात्र-छात्रा सभ जैव विविधता आ ओकर महत्व, जल एवं पर्यावरण संरक्षण तथा प्रकृति संरक्षण जेकां विषय कें अपन कल्पनाशीलता सं जोड़ैत रंग-बिरंगी आआकर्षक पेंटिंग बनौलनि। विद्यार्थीक कलाकृति मे वन्यजीव आ पौधाक संरक्षणक संदेश स्पष्ट रूप सं देखल गेल। कार्यक्रमक अध्यक्षता करैत विद्यालयक प्रधानाध्यापक मो. एहसान अहमद कहलनि जे एहि प्रकारक प्रतियोगिता सं बच्चाक रचनात्मक क्षमताक विकास होइत अछि आ पर्यावरणक प्रति जिम्मेदारीक भाव सेहो मजबूत होइत अछि। ओ विद्यार्थीक स्वच्छता आ प्रकृति संरक्षणक प्रति जागरूक रहबाक लेलप्रेरित कएलनि। विद्यालयक विशिष्ट शिक्षिका सोनी कुमारी कार्यक्रमक संचालन करैत कहलनि जे पेंटिंग प्रतियोगिताक माध्यम सं बच्चा सभ वन्यजीव आ पौधाक संरक्षणक विचार कें अपन कल्पना मे उतारलनि। हुनकर कहब छल जे विद्यार्थीक माध्यम सं पर्यावरण संरक्षणक संदेश परिवार आ समाज धरि पहुंचयबाक प्रयास कएल जा रहल अछि। एहि अवसर पर ओ छात्र-छात्रा सभ कें स्वच्छता आ पर्यावरण संरक्षणक प्रति जागरूक रहबाक शपथ सेहो दिलौलनि। डीपीओ नमामि गंगे आनंद अंकित कहलनि जे जिला गंगा समिति नमामि गंगे, मधुबनी द्वारा विद्यालय सभ मे आयोजित एहि प्रकारक गतिविधिक उद्देश्य बच्चा सभ कें जल, पर्यावरण आ जैव विविधताक संरक्षणक प्रति जागरूक करब अछि। वन्यजीव आ पौधाक संरक्षण सभक साझा जिम्मेदारी अछि। पेंटिंगक माध्यम सं विद्यार्थीक प्रकृतिक प्रति संवेदनशीलता आ रचनात्मक सोच अभिव्यक्त भेल अछि। ओ बच्चा सभ कें

बालिका सं गंभीर अपराधक मामिला मे तीन विधि-विरुद्ध बालक निरुद्ध

सहरसा, समदिया

डीएसपी प्रेस वार्ता कए देलनि जानकारी

» छह घंटाक भीतर सदर थाना पुलिस कएलक त्वरित कारबाइ

सदर थाना क्षेत्र मे नाबालिग बालिका सं गंभीर अपराधक मामिला मे पुलिस त्वरित कारबाइ करैत तीन विधि विरुद्ध बालक कें छह घंटाक भीतर निरुद्ध कएलक अछि। सोम दिन डीएसपी ओम प्रकाश प्रेसवार्ता कए पूरा मामिलाक जानकारी देलनि। पुलिसक अनुसार, 6 सितंबर कें सदर थाना कें सूचना भेटल जेएक नाबालिग बालिका कें खेलबाक बहाना बना कए बहला फुसला कए ओकर गामक किछु युवक एकांत स्थानपर लए गेल आ ओतय ओकरा सं दुष्कर्म कएलक। घटनाक बाद बालिका कें प्राथमिक उपचारक लेल नजदीकी अस्पताल लए जायल गेल। चिकित्सक हुनकर स्थिति कें देखैत नीक इलाजक लेल उच्च चिकित्सा संस्थान रेफर कए देलनि। पीड़िताक मायक फर्दबयानक आधारपर सदर थाना मे बीएनएस आ पॉक्सो अधिनियमक सुसंगत धाराक अंतर्गत मामिला दर्ज कएल गेल। पुलिस अधीक्षक विक्रम सिहागक निर्देशपर मामिलाक जांचक लेल विशेष टीम गठित कएल गेल। थानाध्यक्ष, सदर एसडीपीओ आ पुलिस अधीक्षक घटनास्थलक निरीक्षण कएलनि। एफएसएल टीम सेहो आवश्यक नमूना आ भौतिक साक्ष्य वैज्ञानिक ढंग सं सुरक्षित कएलक। विशेष टीम त्वरित कारबाइ करैत प्राथमिकी मे नामजद तीनू विधि-विरुद्ध बालक कें छह घंटाक भीतर निरुद्ध कए लेलनि। कारबाइ मे सदर थानाध्यक्ष अजय कुमार पासवान सहित पुलिस पदाधिकारी आ सशस्त्र बलक जवान शामिल छलाह।

पंचायतवार आधारभूत संरचनाक आवश्यकता चिह्नित कए दू दिन मे रिपोर्ट देथि : डीएम

दरभंगा, समदिया

जिलाधिकारी कौशल कुमारक अध्यक्षता मे सोम दिन समाहरणालय स्थित बाबा साहेब डॉ. भीमराव आंबेडकर सभागार मे जिला स्तरीय समन्वय समितिक बैसार भेल। बैसार मे विकास आ कल्याणकारी योजना, विभागीय काज, जन शिकायत, न्यायालय सं संबंधित मामिला तथा विभिन्न पोर्टल सं प्राप्त आवेदनक निष्पादनक समीक्षा कएल गेल। बैठकमै मुख्यमंत्रीक अध्यक्षता मे प्रस्तावित सहयोग शिविरक तैयारी तथा सहयोग पोर्टलपर प्राप्त आवेदनक विभागवार समीक्षा कएल गेल। डीएम लंबित आवेदनक नियमानुसार त्वरित आ समयबद्ध निष्पादन सुनिश्चित करबाक निर्देश देलनि। राजस्व विभाग सं संबंधित लंबित मामिलाक शीघ्र निष्पादन लेल ओ अपर समाहर्ता कें विशेष निर्देश देलनि। डीएम ग्रामीण क्षेत्र मे ग्राम पंचायतवार आधारभूत संरचनाक आवश्यकताक आकलन करबाक निर्देश देलनि। विद्यालय, आंगनबाड़ी केंद्र, सामुदायिक भवन आ स्वास्थ्य उपकेंद्रक स्थितिक समीक्षा करैत मरम्मत, सुदृढ़ीकरण, उन्नयन तथा नव निर्माणक आवश्यकता बला परिसंपत्ति कें प्राथमिकताक आधारपर चिह्नित करबाक निर्देश देलनि। नव निर्माणक प्रस्ताव सं पहिने भूमिक उपलब्धता आ उपयुक्तताक सत्यापन अनिवार्य रूप सं करबाक बात कहलनि। ओ पंचायतवार योजनाक जानकारी विहित प्रपत्र मे दू दिनक भीतर उपलब्ध करयबाक निर्देश देलनि। पंचायत परिसीमनक काज मे तेजी अनैत 10 सितंबर धरि एकरा पूरा करबाक कहलनि। बैठकमै नीलाम पत्रवादक लंबित मामिलाक समीक्षा करैत प्रत्येक नीलाम पत्र पदाधिकारी कें 50- 50 मामिलाक निष्पादनक लक्ष्य देल गेल। 12 सितंबर कें प्रस्तावित राष्ट्रीय लोक अदालत कें ध्यान मे रखैत बेसी सं बेसी मामिलाक निष्पादनपर जोर देल गेल। एकर अतिरिक्त सब्जी उत्पादक किसान सभ सं खरीद-बिक्री लेल सब्जी विक्रय केंद्रक स्थापना हेतु उपयुक्त भूमि चिह्नित करबाक निर्देश देल गेल।

हाइवा ट्रक आ टेंपूक ठोकर मे टेंपू भेल क्षतिग्रस्त, दू बच्चा सहित पांच व्यक्ति घायल

सिकटी/अररिया, समदिया

सिकटी बैरगाछी पथपर बरदाहा कॉलेज चौक सं सटल दक्षिण मध्य विद्यालय डेढ़ुआक लग सोम दिन करीब दू बजे दिन मे हाइवा ट्रक आ टेम्पूक आमने-सामने टक्कर भए गेल। दुर्घटना मे दू बच्चा सहित पांच व्यक्ति गंभीर रूप सं घायल भए गेलाह। दुर्घटनाक बाद ग्रामीण सभ हाइवा सहित चालक कें पकड़िलेलनि। गंभीर रूप सं घायल सभ कें इलाजक लेल एंबुलेंस सं अररिया पठाओल गेल। ग्रामीण सभ घटनाकसूचना बरदाहा थाना कें देलनि। सूचना भेटिते बरदाहा थाना एसआइ विनोद कुमार दल-बलक संग घटनास्थलपर पहुंचि हाइवा कें जब्त कए अपन कब्जा मे लए लेलनि तथा चालक कें बरदाहा थाना लए गेलनि। जानकारीक अनुसार, अररियाक दिस सं आबि रहल टेम्पू आ बरदाहाक दिस जा रहल हाइवा डेढ़ुआ मध्य विद्यालयक लग आमने-सामने टकरा गेल। दुर्घटना मे डेढ़ुआ वार्ड नंबर-6 निवासी टेम्पू चालक सुशील मंडल (25), पिता सदानंद मंडल, प्रकाश मंडल (40), पिता तारानंद मंडल, गम्हरिया वार्ड नंबर-5 निवासी जागेश्वर सिंह (55), पिता अगमलाल सिंह, रोहन कुमार (10), पिता रमेश सिंह तथा भपटिया वार्ड नंबर-11 निवासी पीयूष कुमार (4), पिता राजू मंडल गंभीर रूप सं घायल भए गेलाह। सभ घायल कें ग्रामीणक सहयोग सं इलाजक लेल अररिया पठाओल गेल। दुर्घटना मे टेम्पूक अगिला भागक परखच्चाउड़ि गेल। ओतहि बरदाहा पुलिस हाइवा संख्या डब्ल्यूबी 33 71 कें जब्त कए लेलनि। प्रत्यक्षदर्शीक अनुसार, प्रकाश मंडलक स्थिति बेसी गंभीर अछि। ओ अररिया सं बेमारीक इलाज कराकऽ घर लौटि रहल छलाह। हुनका चारि बेटी आ एकटा बेटा अछि। दुर्घटनाक बाद परिवारक स्थितिचिंताजनक बनि गेल अछि। बरदाहा थाना एसआइ विनोद कुमार कहलनि जे सड़क दुर्घटनाक मामिला मे हाइवा चालक कें हिरासत मे लए लेल गेल अछि तथा हाइवा जब्त कएल गेल अछि। आवेदन भेटलाक बाद आगांक कारबाइ कएल जाएत।

शिक्षकक योगदान सं मजबूत होयत समाज : वक्ता

» हेल्पिंग बिहार फाउंडेशनक सम्मान समारोह मे 13 जिला सहित नेपालक चयनित शिक्षक सम्मानित

सहरसा, समदिया

हेल्पिंग बिहार फाउंडेशनक तत्वावधान मे स्थानीय देव रिसॉर्ट मे भव्य शिक्षक सम्मान समारोह आयोजित कएल गेल। समारोह मे बिहारक सहरसा, मधेपुरा, सुपौल, पूर्णिया सहित करीब 13 जिलाक तथा नेपालक चयनित शिक्षक सभ कें हुनकर उल्लेखनीय शैक्षणिक आ सामाजिक योगदान लेल सम्मानित कएल गेल।समारोह मे मुख्य अतिथि बिहार विधानसभा उपाध्यक्ष नरेंद्र नारायण यादव, विधान परिषद सदस्य डॉ. अजय सिंह, तमिलनाडुक पूर्व डीजीपी बीके रवि, पैनोरमा ग्रुपक एमडी संजीव मिश्रा सहित ब्रजेश मिश्रा, किशोर कुमार, डॉ. वंदना कुमारी, डॉ. शौलेंद्र कुमार, विष्णु स्वरूप, मात्र सच ब्रजेश मिश्रा आ शिक्षक नेता मनीष सिंह उपस्थित छलाह। कार्यक्रमक शुभारंभ फाउंडेशनक संरक्षिका तथा रमेश झा महिला महाविद्यालयक पूर्व प्राचार्या डॉ. रेणु सिंह कएलनि। अपन संबोधन मे डॉ. रेणु सिंह फाउंडेशन द्वारा शिक्षा, समाज आ मानव सेवा सं जुड़ल गतिविधिपर प्रकाश देलनि। ओ कहलनि जे समाज मे सकारात्मक परिवर्तन आनय मे शिक्षा आ शिक्षकक भूमिका सभ सं महत्वपूर्ण अछि। वक्ता सभ शिक्षकक योगदानक सराहना करैत कहलनि जे गुणवत्तापूर्ण शिक्षा आ समान शैक्षणिक अवसर समाजक प्रगतिक आधार अछि। समारोह मे पैघ संख्या मे शिक्षक, शिक्षाविद् आ सामाजिक कार्यकर्ता उपस्थित छलाह। आयोजन कें सफल बनाबय मे अध्यक्ष आशीष सिंहक संग प्रभाकरण देव, मानव सिंह, तरुण झा, आर्यन वत्स, सर्वेश, सुमित, रवि, आशीष बच्चन, सोनू झा, संभावित झा, संजय बसिष्ठ, विद्या सिंह आ नवीनक महत्वपूर्ण भूमिका रहल। मंच संचालन शशिप्रभा जायसवाल कएलनि।

अल्पसंख्यक अधिकारक रक्षाक लेल एक दिवसीय धरना

सहरसा, समदिया

अल्पसंख्यक अधिकार मंचक राज्यव्यापी आह्वानपर सोम दिन स्थानीय स्टेडियमक बाहरी परिसर मे अल्पसंख्यक समुदाय सं जुड़ल लोक सभ अपन अधिकारक रक्षाक लेल एकदिवसीय धरना देलनि। धरनाक अध्यक्षता मंचक संयोजक मोहम्मद तौहीद आलम कएलनि। धरना कें संबोधित करैत मंचक नेता नसीमुद्दीन केंद्र आ राज्य सरकारपर अल्पसंख्यक सभक संग भेदभाव करबाक आरोप लगौलनि। ओ कहलनि जे संविधान प्रदत्त अधिकार कें कमजोर कएल जा रहल अछि तथा वक्फ कानून मे संशोधन सं अल्पसंख्यक सभक संग अन्याय भेल अछि। धरना मे सच्चर आ रंगनाथ मिश्र आयोगक सिफारिश कें लागू करबाक, मदरसा सभ मे आधुनिक, तकनीकी आ रोजगारोन्मुखी शिक्षा व्यवस्था शुरू करबाक तथा सांप्रदायिक आ भड़काऊ भाषणपर रोक लगाबयक मांग कएल गेल। सीपीएमक जिला सचिव रणधीर यादव कहलनि जे सरकार महंगाई, बेरोजगारी आ भ्रष्टाचार जेकां महत्वपूर्ण मुद्दाक अनदेखी करैत धर्म-मजहबकराजनीति कए रहल अछि। धरनाक अंत मे प्रतिनिधिमंडल द्वारा 13 सूत्री मांगक ज्ञापन जिलाधिकारी कें सौंपल गेल।

बाढ़ि कटाव प्रभावित 350 परिवारक बीच राहति सामग्री वितरित

सहरसा, समदिया

कोसी नदीक बढ़ैत जलस्तर आ तेज कटाव सं प्रभावित नौला पंचायतक परिवार सभक सहायता लेल सेवा इंटरनेशनल राहति काज तेज कए देलक अछि। सेवा इंटरनेशनल आ कोटक महिंद्रा बैंकक सहयोग सं पंचायत क्षेत्र मे 350 सं बेसी बाढ़ि आ कटाव प्रभावित परिवारक बीच राशन किट आ राहति किट वितरित कएल गेल। राशन किट मे चाउर, दालि, आटा आ चीनी सहित आवश्यक खाद्य सामग्री देल गेल, जखन कि राहति किट मे साबुन, सर्फ/डिटर्जेंट, सैनिटरी नैपकिन सहित दैनिक उपयोगक अन्य आवश्यक सामग्री शामिल छल। सेवा इंटरनेशनल केर अभिषेक कहलनि जे संस्था कोटक महिंद्रा बैंकक सहयोग संसहरसा आ सुपौल जिलाक बाढ़ि प्रभावित क्षेत्र सभ मे राहति काज चला रहल अछि। एकर उद्देश्य प्रभावित परिवार सभ धरि समयपर आवश्यक सामग्री पहुंचायब अछि। नौला पंचायतक रसलपुर गाम निवासी समाजसेवी तथा होली मिशन एकेडमी, सहरसाक निदेशक अनिल कुमार यादव कहलनि जे ओ विगत दू बरख सं पंचायत क्षेत्र मे समाजसेवा कए रहल छथि आ आगू सेहो सेवाक काज जारी रखबाक संकल्प लेने छथि। ओ राहति सामग्री वितरण कें प्रभावित परिवार सभक लेल महत्वपूर्ण पहल बतौलनि।

वीनू मांकड़ ट्रॉफीक कैंप लेल अमन राज चयनित

सहरसा, समदिया

फ्रेंड्स क्रिकेट एकेडमीक प्रतिभावान खेलाड़ी अमन राजक चयन बीसीसीआई द्वारा आयोजित अंडर-19 वीनू मांकड़ ट्रॉफी लेल बिहार क्रिकेट संघक दिस सं आयोजित फिटनेस आ स्किल कैंप लेल चयनित 70 खेलाड़ी सभक सूची मे भेल अछि। अमनक चयन बिहार क्रिकेट संघ द्वारा आयोजित घरेलू टूर्नामेंट मे कएल गेल नीक प्रदर्शनक आधारपर चयन समितिक दिस सं कएल गेल अछि। हटिया गाछी निवासी तथा ईवनिंग कॉलेज मे प्रधान सहायक अनिल कुमार साहक पुत्र अमन दहिना हाथक बल्लेबाज छथि। अमनक चयन सं फ्रेंड्स क्रिकेट एकेडमीक संग-संग जिलाक क्रिकेट खेलाड़ी सभ मे सेहो खुशीक माहौल अछि। नियमित अभ्यास, मेहनत, खेलक प्रति लगन आ लगातार नीक प्रदर्शन कें हुनकर सफलताक आधारबताओल गेल अछि। जिला क्रिकेट संघक अध्यक्ष सुरेंद्र कुमारक संग पदाधिकारी आ खेलाड़ी सभ अमन केंबधाई देलनि। संगहि, कैंप मे उत्कृष्ट प्रदर्शन करैत स्टेट अंडर-19 वीनू मांकड़ ट्रॉफी लेल चयनित होयबाक शुभकामना देलनि।

महिलाक आर्थिक-सामाजिक सशक्तीकरण लेल जीविकाक प्रयास जारी

सिमरी बख्तियारपुर, समदिया

जीविकाक जिला परियोजना प्रबंधक श्लोक कुमारक मार्गदर्शन मे जीविका द्वारा संपोषित विकास जीविका महिला स्वावलंबी सहकारी संकुल संघ लिमिटेड, कांठोक वार्षिक आमसभा 2025-26 संकुल कार्यालय परिसर मे आयोजित कएल गेल। कार्यक्रमक शुरुआत जीविका दीदी सभक स्वागत गान सं भेल। तकरबाद समिति अध्यक्ष समिला देवी, निदेशक मंडलक सदस्य आ जीविका अधिकारी सभ संयुक्त रूप सं दीप प्रज्वलित कए कार्यक्रमक उद्घाटन कएलनि। अध्यक्ष समिला देवी कहलनि जे संकुल संघ सं जुड़ल पांच पंचायत मे 1,778 स्वयं सहायता समूह आ 70 ग्राम संगठनक माध्यम सं महिलाक आर्थिक आ सामाजिक सशक्तीकरण लेल काज कएल जा रहल अछि। प्रशिक्षण, स्वास्थ्य-पोषण, सामाजिक सुरक्षा तथा स्वयं सहायता समूह सं छूटल परिवार सभ कें जोड़बाक दिशा मे विशेष जोर देल जा रहल अछि। सचिव वीना देवी वार्षिक प्रगति प्रतिवेदन आ आगामी कार्ययोजना प्रस्तुत कएलनि। कोषाध्यक्ष किरण देवी आय-व्यय, लेखा-परीक्षण आ आगामी बजटक विवरण राखलनि, जाहि कें आमसभा मे सर्वसम्मति सं अनुमोदित कएल गेल। लेखापाल धर्मेंद्र कुमार बतौलनि जे 70 ग्राम संगठनक माध्यम सं 22,282 सदस्य जुड़ल छथि। वित्तीय बरख 2025-26 मे संघ कें 7.37 लाख रुपैयाक लाभ भेल अछि। जीविकाक माध्यम सं 132 अभ्यर्थी कें प्रशिक्षण देलाक बाद रोजगार सेहो उपलब्ध कराओल गेल। एहि अवसर पर उत्कृष्ट काज करयवाला सामुदायिक संगठन आ कर्मी सभ कें सम्मानित कएल गेल।

सबहक सम्मान जीवन आसान कार्यक्रम मे जिलाधिकारी सुनलनि जनसमस्या

सीतामढ़ी, समदिया

बिहार सरकारक महत्वाकांक्षी कार्यक्रम सात निश्चय-3 अंतर्गत सातम निश्चय सबक सम्मान-जीवन आसानक अंतर्गत सोमदिन समाहरणालय स्थित विमर्श कक्ष मे जिलाधिकारी तनय सुल्तानिया आमजनकसमस्या कें गंभीरता आ संवेदनशीलताक संग सुनलनि। एहि अवसर पर विभिन्न क्षेत्र सं आएल नागरिक सभ अपन शिकायत सीधे जिलाधिकारीक समक्ष रखलनि, जाहि पर सुनवाइ करैत ओकर समाधानक दिशा मे आवश्यक कदम उठाओल गेल। जनसुनवाइक क्रम मे पैघ संख्या मे आवेदन प्राप्त भेल, जाहि मे भूमि विवाद, राजस्व संबंधी मामिला, सामाजिक सुरक्षा पेंशन, प्रधानमंत्री आवास योजना, आइसीडीएस, विद्युत आपूर्ति, पेयजल, सड़क, राशन कार्ड, अतिक्रमण सहित विभिन्न विभाग सं जुड़ल परिवाद शामिल छल। जिलाधिकारी प्रत्येक मामिलाक बारीकी सं समीक्षा करैत संबंधित विभागक अधिकारी सभ कें तत्काल आप्रभावी कारबाइ करबाक निर्देश देलनि। जिलाधिकारी तनय सुल्तानिया स्पष्ट शब्द मे कहलनि जे जनसमस्याक निष्पादन मे जिलाक सभ पदाधिकारी पूर्ण संवेदनशीलता आ जिम्मेवारीक संग काज करथि। ओ निर्देश देलनि जे प्रत्येक शिकायतक समाधान निर्धारित समय-सीमाक भीतर सुनिश्चित कएल जाए, जाहि सं आम नागरिक कें अनावश्यक परेशानीक सामना नहि करय पड़य। जिलाधिकारी कहलनि जे आमजनक समस्याक त्वरित आ पारदर्शी समाधानक दिशा मे ई एक महत्वपूर्ण पहल अछि। जिलाधिकारी कहलनि जे सेवा-संवाद-समाधान कार्यक्रमक माध्यम सं प्रशासन आ आमजनक बीच सीधा संवाद स्थापित भेल अछि। एहि सं न मात्र समस्याक समाधानक प्रक्रिया तेज भेल अछि, बल्कि प्रशासनकप्रति आम लोकक भरोसा सेहो बेसी मजबूत भेल अछि। कार्यक्रम मे योगेंद्र ठाकुर, बघारी, रून्नीसैदपुर अनुग्रह अनुदान सं संबंधित मामिला लए कए पहुंचल छलाह। अजय कुमार, मलाही, परिहार अतिक्रमणक मामिला, संगीता देवी, खरका बसंत, बोखरा अतिक्रमणक मामिला, हरि ओम शर्मा, टिकौली, रून्नीसैदपुर अतिक्रमण सं संबंधित मामिला लए कए पहुंचल छलाह। चंद्र कुमार, मधुबन चक, महिला बिजली बिल सं संबंधित मामिला, महादेवी, मेहसौल, दाखिल-खारिज सं संबंधित मामिला, अकली देवी, डुमरी कला, मुआवजा भुगतान सं संबंधित मामिला, शोभा देवी, कैलाशपुरी, दाखिल-खारिज सं संबंधित मामिला लए कए पहुंचलनि। ओतहि रीमा कुमारी, राधाउर, सुरसंड सेविका चयनक मामिला तथा कुमार नितिन सिंह, सरसौला, सुरसंड भूमि नामांतरण सं संबंधित मामिला लए कए पहुंचल छलाह। स्वाति कुमारी मेजरगंज विकास मित्रक बहाली सं संबंधित मामिला मे अपन शिकायत राखलनि। एहि अतिरिक्त पैघ संख्या मे अन्य नागरिक सेहो जनसुनवाइ मे पहुंचि अपन-अपन समस्या जिलाधिकारीक समक्ष राखलनि।

बाल श्रमक विरुद्ध जागरूकताक अलख जगा रहल छथि डॉ. सुबोध

सीतामढ़ी, समदिया

गरीबी, अशिक्षा आ जागरूकताक कमी कें मानैत छथि बाल श्रमक प्रमुख कारण

डॉक्टरक पेशा मात्र मरीजक इलाज धरि सीमित नहि होइत अछि, बल्कि समाजक प्रति जिम्मेवारी निभेनाइ सेहो ओतबे महत्वपूर्ण अछि। एहि सोचक संग डॉ. सुबोध कुमार महतो चिकित्सा सेवाक संग सामाजिक सरोकार सं सेहो जुड़ल छथि। ओ अपन क्लीनिक मे आबयवला लोक कें स्वास्थ्य संबंधी सलाह देबाक संग बाल श्रम जकां सामाजिक कुरीतिक विरुद्ध सेहो जागरूक करैत छथि। डॉ. महतो मानैत छथिजे बाल श्रम समाजक एक गंभीर समस्या अछि, जाहिक सीधा असर बच्चाक भविष्य पर पड़ैत अछि। हुनकर अनुसार गरीबी, अशिक्षा आ जागरूकताक अभाव बाल श्रमक प्रमुख कारण मे शामिल अछि। आर्थिक तंगीका कारण कतेको परिवार अपन बच्चा कें कम उम्र मे काज पर पठाबय लेल मजबूर भए जाइत छथि। ओतहि, शिक्षाक महत्वक जानकारी आ सामाजिक जागरूकताक कमी सेहो एहि समस्या कें बढ़ावा दैत अछि। ओ कहलनि जे जाहि उमेर मे बच्चाक हाथ मे किताब आ खेलौना होयबाक चाही, ओहि उमेर मे हुनका सं मजदूरी कराओल जाइत अछि। बचपन सीखबाक, खेलबाक आ व्यक्तित्वक विकास करबाक समय अछि। कम उम्र मे श्रम करला सं बच्चाक पढ़ाइ प्रभावित होइत अछि आ हुनकर शारीरिक एवं मानसिक विकास पर सेहो प्रतिकूल असर पड़ि सकैत अछि। एकर दूरगामी प्रभाव हुनकर भविष्य आ नीक जीवनक संभावनापर पड़ैत अछि। डॉ. महतो अपन क्लीनिक मे आबयवला अभिभावक सं बातचीतक क्रम मे हुनका बुझबैत छथि जे बच्चा कें काज पर पठेबाक बदला स्कूल आ शिक्षा सं जोड़नाइ समाजक सामूहिक जिम्मेवारी अछि। हुनकर जोर एहि बात पर रहैत अछि जे मात्र कानून बनेला सं बाल श्रमक समस्या समाप्त नहि होयत, बल्कि एकरा लेल समाजक प्रत्येक वर्ग कें अपन भूमिका निभाबय पड़त। हुनकर माननाइ अछि जे जं लोक कें बाल श्रमक दुष्परिणामक प्रति जागरूक कएल जाए आ आर्थिक रूप सं कमजोर परिवार कें शिक्षा तथा सरकारी योजनाक लाभ उपलब्ध कराओल जाए, तं एहि समस्या कें बहुत हद धरि कम कएल जा सकैत अछि। डॉ. सुबोध कुमार महतोक अनुसार बच्चा कें मजदूरी सं मुक्त कए शिक्षा आ सुरक्षित बचपन दिस लए जाएब एक मजबूत आ नीक समाजक नींव अछि।

कैरियरक आन्हर दौड़ मे हकमैत युवा पीढ़ी!

प्रो. संजय द्विवेदी



भारत युवाक देश अछि। स्वाभाविके अछि जे एहन देशक चिंता सेहो अलग होइत अछि। देशक अधिकांश युवाक आकांक्षा शिक्षा, रोजगार आ सुंदर जीवनक होइत अछि। हुनकर महत्वाकांक्षा, अवसरक होड़ आ आगू बढ़बाक दौड़, प्राप्तिक आनंद आ नहि भेटबाक आक्रोश - ई सभ समान रूप सं देखाइत अछि। कैरियर मे सफल होयबाक, शीघ्र आ बेसी प्राप्त करबाक इच्छा एहि समयक प्रमुख मूल्य बनि गेल अछि। एहन परिस्थिति मे शारीरिक आ मानसिक दुनू स्वास्थ्य पर गंभीर चुनौती उपस्थित अछि। संकट गहींर भए रहल अछि, मुदा समाधानक सूत्र अत्यंत सीमित देखाइत अछि।

बदलैत कार्य-संस्कृति : सरकारी नौकरीक अवसर क्रमशः सीमित भए रहल अछि। अधिकांश रोजगार आब निजी क्षेत्र मे अछि। नौ सं पांच बजे धरि चलयबला स्थायी नौकरी आब सपना जकां भए गेल अछि। ओकर स्थान गिग इकोनॉमी - फ्रीलांस आ कॉन्ट्रैक्ट वर्क - लए रहल अछि। आर्थिक स्वतंत्रताक बात छोड़ि दी, ई व्यवस्था भविष्यक अनिश्चितता आ आर्थिक अस्थिरता सेहो अनैत अछि। फलतः मानसिक तनाव आ अवसादक संकट आरो गहींर भए रहल अछि। भारतक सामाजिक जीवन बहुत दिन धरि अलग ढंग सं चलैत रहल अछि। परिवार एकर प्राणवायु रहल अछि। परिवारक कोनो एक सदस्य नोकरी करैत छलाह आ शेष लोक अपन घर, क्षेत्र अथवा गाम मे रहि स्थानीय स्तर पर जे किछु संभव होइत छल, से करैत छलाह। परिवारक छत्रछाया मे सुरक्षा छल, संरक्षण छल आ बच्चा सभ कें संस्कार देबाक पारिवारिक व्यवस्था छल। नव व्यवस्था एकटा परिवारक भीतर कतेको अलग परिवार ठाढ़ कए देने अछि। आब एकक बदला चारि परिवार, चारि चूल्हा आ चारि तरहक व्यवस्था चलाबय पड़ैत अछि। एहि व्यवस्था सं नव पीढ़ी ईएमआईक दुष्चक्र मे फंसि कए नव आर्थिक व्यवस्थाक गुलाम बनि रहल अछि। परिवार-व्यवस्था भारतक संस्कृतिक आधार रहल अछि आ ई एकटा संस्कारशाला सेहो अछि।

कार्य आ जीवनक संतुलन : कृत्रिम बुद्धिमत्ता अर्थात एआई हमरा सभक सामने नव चुनौती ठाढ़ कए देने अछि। ई नीक सहायकक अपेक्षा तनावक कारण बेसी बनि रहल अछि। युवा मे एआइक कारण नोकरी चलि जायबाक आ स्वयं अप्रासंगिक भए जायबाक भय घर कए गेल अछि। री-स्किलिंगक दबाव हुनका भीतर गहींर चिंता उत्पन्न कए रहल अछि। एहि कारण मानसिक थकान होयब स्वाभाविक अछि। वर्तमान समयक सब सं पैघ चिंता कार्य आ जीवनक संतुलनक अछि। वर्क फ्रॉम होम आ डिजिटल कनेक्टिविटी सभ किछु बदलि देने अछि। आब काजक समय प्रायः चौबीसों घंटा जकां भए गेल अछि। देर राति धरि ई-मेल, रिपोर्ट आ संदेशक उत्तर दैत युवा ऑलवेज ऑन अवस्था मे रहैत छथि। एहि सं पारिवारिक जीवन, व्यक्तिगत समय आ निद्रा सभ प्रभावित भए रहल अछि। बर्नआउटक बढ़ैत दर, अनिश्चित कार्य-समय, प्रतिस्पर्धाक वातावरण आ लक्ष्य पूरा करबाक दबाव एकहि संग चलैत अछि। विश्व स्वास्थ्य संगठन अर्थात डब्ल्यूएचओ बर्नआउट कें व्यावसायिक समस्या मानि चुकल अछि। भारतीय कॉरपोरेट जगत मे ई आब एकटा गंभीर समस्या बनि गेल अछि।

सोशल मीडिया सं बनैत छवि : सोशल मीडिया समाज मे प्रतिस्पर्धाक नव-नव छवि प्रस्तुत कएलक अछि। अपन सुखद आ आनंदक क्षण कें वायरल करबाक प्रवृत्ति कखनो-कखनो दोसरक पीड़ाक कारण बनि जाइत अछि। ककरो पैघ पद, पार्टी, रील, पर्यटनक तस्वीर अथवा महग जीवनशैलीक प्रदर्शन देखि कए तुलना आ प्रतिस्पर्धा बढ़ैत अछि। एहि सं हीनभावना आ तनावक जन्म होइत अछि। परिजन आ बच्चा सभ सेहो अपन अभिभावक सं एहन जीवनशैलीक अपेक्षा करय लगैत छथि। एहन समय मे युवा सभ लेल तनाव-प्रबंधनक उपाय बुझनाइ आ जीवनक वास्तविकता सं जुड़नाइ आवश्यक अछि। योग आ ध्यानक विभिन्न अभ्यास जीवन मे शांति आनि सकैत अछि आ जीवनक प्रति हमर दृष्टिकोण बदलि सकैत अछि। रीलक त्वरित जीवनशैली आ जीवनक निरंतर संघर्ष - दुनू कें बुझनाइ आवश्यक अछि। सोशल मीडिया पर देखाओल छवि सं प्रभावित होयबाक बदला लोकक संघर्ष आ ओहि संघर्ष सं प्राप्त सफलताक कथा सेहो पढ़बाक चाही।

उद्यमिता आ ओकर खतरा : नव समय युवा सभ कें उद्यमिताक बाट देखौलक अछि। ई पीढ़ी खतरा उठाबय आ सफलताक नव शिखर छूबाक साहस रखैत अछि। हुनकर मंत्र अलग अछि। ओ सभ शीघ्र सफल भए नव क्षितिज छूबय चाहैत छथि आ कतेको युवा एहि मे सफल सेहो भए रहल छथि। कम उमेर मे हुनकर सफलता आश्चर्यचकित करयबला अछि। हुनकर स्टार्टअप धूम मचा रहल अछि, सफलता आ प्रेरणाक नव कथा लिखि रहल अछि। मुदा एकर दोसर पक्ष सेहो बुझनाइ आवश्यक अछि। 90 प्रतिशत सं बेसी स्टार्टअप आरंभिक वर्ष सभ मे विभिन्न कारण सं असफल भए जाइत अछि। विफलताक भय, निवेशकक दबाव आ फंडिंगक संकट संस्थापक आ आरंभिक कर्मचारी सभ मे मानसिक तनाव उत्पन्न करैत अछि। एतेक पैघ देश मे प्रत्येक वर्ष लाखो युवा रोजगारक खोज मे ठाढ़ होइत छथि। हुनका लग डिग्री होइत अछि, मुदा आवश्यक कौशल नहि होइत अछि। बाजारक आवश्यकता अलग अछि आ हुनकर कौशल अलग। फलतः योग्य लोक कें सेहो अपेक्षित नोकरी नहि भेटैत अछि, नीक वेतनक तं बाते छोड़ू। युवाक अधिकांश संकट वास्तविक अछि। हुनका लग जानकारीक भंडार अछि, अवसरक लोकतंत्र अछि आ आकांक्षाक बाढ़ि अछि। मुदा अत्यधिक सूचना सेहो दुख आ भ्रमक कारण बनि रहल अछि। आकांक्षाक पैघ आकाश ओतबे गहींर निराशा सेहो अनैत अछि। ई सामान्य बात नहि जे आईआईटीक विद्यार्थी आत्महत्या करैत छथि। एहन प्रतिभाशाली युवाक अवसान परिवार, देश आ समाज लेल पैघ क्षति अछि। परीक्षा मे असफलता, प्रश्नपत्र लीक होयब, परीक्षाक शुचिताक नष्ट होयब आ प्रशासनिक तंत्रक कदाचार रोकबा मे विफलता - ई सभ युवा मे गहींर चिंता उत्पन्न कए रहल अछि। शिक्षाक निजीकरण आ ओकर परिणामस्वरूप भेल बाजारीकरणे सेहो परिस्थिति बदलि देने अछि। महंग शिक्षाक लेल परिवार ऋण मे डूबि रहल अछि। प्रतिभा-पलायनक संकट सेहो अछि। समाज मे ई धारणा गहींर भेल जा रहल अछि जे एहि देश मे प्रतिभाशाली युवाक लेल स्थान नहि बांचल अछि। ई तथ्य नहि, मुदा तेजी सं पसरैत एकटा चिंताजनक धारणा अवश्य अछि। ककरो लग एहन धारणा नहि होयबाक चाही जे बिना जोगाड़ एहि व्यवस्था मे सफलता संभव नहि। राष्ट्र-जीवन लेल एहन धारणा स्वस्थ नहि अछि। हमरा सभ कें बुझबाक चाही जे राष्ट्रक सामूहिक आकांक्षा हमर सभक साझा प्रयास सं मात्र साकार भए सकैत अछि। भारतक स्वतंत्रताक आठ दशक अभूतपूर्व प्रगति, एकता आ जीवंत लोकतंत्रक प्रमाण अछि। प्रत्येक राष्ट्रक जीवन मे चुनौती अबैत अछि। ताहि सं संघर्ष करैत हम अपन संकट सभक समाधान तकैत छी। देशक युवा पीढ़ी सेहो अपन संकट सभक बीच राष्ट्र-जीवनक सामने ठाढ़ प्रश्नक ठोस आ उचित समाधान अवश्य ताकि लेत।युवा-शक्तिक तेजस्विता, नवाचार आ आत्मविश्वास कें देखि एहि विश्वासक सहज जन्म होइत अछि जे भारतक युवा पीढ़ी कैरियरक अन्हर दौड़ मे हकमैत-हकमैत सेहो अपन बाट स्वयं बनेबाक सामर्थ्य रखैत अछि।

यूट्यूब बदलि देलक सुनबाक दुनियां

तारिणी

नंदू यादव तीन साल सं बेसी समय पहिने एफएम सुननाइ छोड़ि देने छलाह। मुंबइक कैब ड्राइवर यादव कहैत छथि जे एहन लगैत अछि जे सभ समय विज्ञापने चलैत रहैत अछि। मुश्किल सं कोनो गाना सुनबाक लेल भेटैत अछि। कहियो-कहियो आधा घंटा सुनैत छी आ ओहि मे शायद पांच मिनट गाना आ दू मिनट ककरो बात सुनाइत अछि। ओहो पता नहि रहैत अछि जे गाना कहिया आओत। एकर कोनो लाभ नहि अछि। आब बाट मे संगीत सुनबाक होइत अछि तं ओ फोनक उपयोग करैत छथि। गाड़ी नहि चला रहल होइत छथि तं यूट्यूब देखैत छथि। विज्ञापन हुनका बिल्कुल पसिन नहि अछि, तें एकटा मित्रक संग यूट्यूब प्रीमियमक सदस्यता सेहो साझा केने छथि। रेडियो कंपनी एहि बदलाव कें अनुभव कए रहल अछि। मई 2026 मे एचटी मीडिया कहलक जे ओ पांच एफएम लाइसेंस वापस कए रहल अछि। एहि मे दिल्ली, मुंबई आ बेंगलुरु मे रेडियो वनक फ्रीक्वेंसी, मुंबई मे रेडियो नशा आ चेन्नई मे फीवरक फ्रीक्वेंसी शामिल अछि। पहिने वापस कएल एकटा लाइसेंस मिला कए समूह आब घाटा मे चलि रहल छओटा फ्रीक्वेंसी छोड़ि देने अछि। कंपनीक कहब अछि जे ई फ्रीक्वेंसी आर्थिक आ रणनीतिक रूप सं चलाबै योग्य नहि रहल। ई फैसला ओहि समय मे आयल अछि जखन निजी एफएम अखनलहुं देशक 120 शहर मे पसरल अछि। मार्च 2026 धरि 120 शहर मे 390 चैनल चलि रहल छल। समस्या स्पष्ट अछि। आब लोकक लग ओहि समय कें बितेबा लेल पहिने सं बेसी विकल्प अछि, जे समय पहिने एफएम सुनबा मे बीतैत छल। विज्ञापनदाता डिजिटल मंच दिस आसानी सं जा सकैत छथि, जतय लोकक रुचि अनुसार विज्ञापन देखेनाइ आ ओकर प्रभाव नापनाइ सरल अछि। मुदा रेडियो कंपनी कें लाइसेंस, स्पेक्ट्रम, प्रसारण आ संगीत लेल लगातार खर्च करय पड़ैत अछि।

जखन फ्रीक्वेंसीए सब किछु छल : भारत मे निजी एफएम सदीक शुरूआत मे एकदम नव माध्यम छल। सरकार 1999 मे निजी कंपनीक लेल एफएम प्रसारण खोलने छल। पहिल चरण मे 12 शहर मे 21 निजी चैनल शुरू भेल। 2011 धरि ई संख्या 85 शहर मे 242 चैनल धरि पहुंचि गेल। एहि कारोबारक आकार सेहो तेजी सं बढ़ल। राजनीतिक व्यंग्यकार बनबा सं बहुत पहिने आकाश बनर्जी दिल्लीक रेडियो पर डॉ. लव छलाह। 2000 दशकक शुरूआत मे कॉलेज मे पढ़ैत काल ओ रेडियो मिर्ची पर दिल चाहता है कार्यक्रमक प्रस्तोता छलाह। बनर्जी बतबैत छथि जे व्यस्त दिन मे ओ करीब 400 रिकॉर्ड कएल संदेश आ लगभग 50 ई-मेल देखैत छलाह। फोन करयबला लोक शहरक जानकारी सेहो दैत छल। उदाहरण लेल, आईटीओ वा दिल्लीक दोसर कोनो स्थान पर यातायातक स्थिति की अछि, ई जानकारी लोकक जवाब सं तुरंत रेडियो पर साझा कएल जा सकैत छल। बनर्जीक कहब छल जे एहि सं लगैत छल जे ई रेडियो स्टेशन हमर बात सुनि रहल अछि। ई हमर आवाज लोक धरि पहुंचा रहल अछि। रेडियोक सुंदरता सेहो एहि मे अछि। ई बहुत स्थानीय स्तरक माध्यम अछि। मुदा रेडियो अपन श्रोता जोड़ि रखबा लेल दोसर बाट सेहो तकलक। पत्रकार आ कथाकार नीलेश मिसरा कें 2011 मे यादों का इडियट बॉक्स शुरू करबाक समय कहल गेल छल जे लोक रेडियो पर कोनो कार्यक्रम तय समय पर सुनबाक अभ्यस्त नहि छथि, रेडियो मात्र बॉलीवुडक माध्यम अछि आ लोक कथा नहि सुनय चाहैत छथि। मिसरा मानैत छथि जे रेडियो अपना कें बहुत नोकसान पहुंचौलक। हुनकर अनुसार रेडियो अधिकारिक लोक सामग्री पर पर्याप्त ध्यान नहि देलक आ दर्शक कें हल्का मे लेलक। कार्यक्रम लोकप्रिय भेलाक बाद विज्ञापन बढ़ैत गेल। चारि मिनट कथा सुनलाक बाद 12 मिनटक विज्ञापन ब्रेक आबि जाए, ताहि सं ओ आपत्ति सेहो जतेने छलाह।

वर्तमान कें जीयब सेहो एक कला अछि

सीताराम गुप्ता

किछु लोक अपन जीवन मे एहि बात कें लए कए बहुत निराश रहैत छथि जे ओ बहुतो वस्तु, बात अथवा ज्ञान सं वंचित रहि गेलाह। हुनकर माननाइ होइत अछि जे ओ अपन जीवन कें आरो नीक बना सकैत छलाह। बेसी पुस्तक पढ़ि सकैत छलाह, सत्संग आदि मे बेसी समय बिता सकैत छलाह। आरो योग्य, ज्ञानवान अथवा धार्मिक बनि सकैत छलाह। बेसी लोक सं मेल-जोल बढ़ा कए अपन सामाजिक दायरा कें विस्तृत कए सकैत छलाह। सारांश ई जे ओ समयक आरो नीक उपयोग कए सकैत छलाह। मुदा जं हम जीवन मे बहुतो वस्तु, बात अथवा ज्ञान सं वंचित रहि गेलहुं, तैयो उदास होयबाक कोनो आवश्यकता नहि अछि। वास्तविकता ई अछि जे मनुष्यक अपन-अपन सीमा अवश्य होइत अछि। जे किछु नहि कएलहुं अथवा नहि भए सकल, ताहि पर ध्यान देबाक बदला हमरा सभ कें अपन संपूर्ण ध्यान एहि बात पर केंद्रित करबाक चाही जे आब आगू की करबाक अछि आ कोना करबाक अछि। आइ धरि जे किछु कएलहुं, अपन क्षमता आ योग्यता अनुसार नीके कएलहुं - एहि बात कें मोन मे रखबाक चाही। आइ धरि जे किछु प्राप्त भेल अछि, ओकर पूरा उपयोग अपन आ समाजक हित मे करबाक चाही। जं हम अपन अल्प ज्ञान अथवा कुशलताक आधार पर सेहो एकटा संतुलित आ नीक जीवन व्यतीत कए रहल छी आ हमर कारण समाजक अहित नहि, बल्कि किछु-ने-किछु हित भए रहल अछि, तं ई सेहो कोनो छोट उपलब्धि नहि। समाजक समग्र विकास लेल सभ प्रकारक ज्ञान आ कुशलताक संग-संग सभ प्रकारक वस्तु आ सभ प्रकारक लोकक आवश्यकता होइत अछि। पैघ-पैघ मशीन जतबे महत्वपूर्ण होइत अछि, ततबे सामान्य उपयोगक छोट-छोट वस्तु सेहो महत्वपूर्ण होइत अछि। जं तैयो हमरा सभ कें लगैत अछि जे हम जीवन मे वास्तव मे बेसी नीक नहि कए सकलहुं, तं एहि बातक बोध होयबो हमर पहिने सं संचित ज्ञान आ अनुभवक परिणाम अछि। आ ई स्वयं मे एकटा उपलब्धिये अछि। एहि बोध सं जीवनक शेष भाग लेल उचित परिस्थिति आ उचित बाट चुनबा मे सहायता भेटि सकैत अछि। ओना ज्ञान-विज्ञान अथवा सीखबाक कोनो सीमा नहि अछि। ज्ञान-विज्ञानक अथाह विस्तारक तुलना मे मनुष्यक सीखबाक काल आ जीवनावधि अत्यंत अल्प अछि। अपन संपूर्ण जीवन मे सेहो एहि ब्रह्मांड रूपी अथाह ज्ञान-सागरक एकटा बूंद मात्र कें पूर्ण रूप सं जानि पेनाइ कठिन अछि। तखन संपूर्ण ज्ञान प्राप्त करबाक बात करब निरर्थक भए जाइत अछि। एतय आबि कए हम द्वंद्व मे पड़ि जाइत छी जे की सीखब आ की नहि सीखब? की जीवन एही तरह बीता दी? नहि। हमरा सभ कें जीवन कें नीक ढंग सं जीबाक भरपूर प्रयास करबाक चाही। जीवन चलेबाक लेल किछु व्यावहारिक आ किछु विशिष्ट ज्ञानक आवश्यकता होइत अछि। जीवन मे कतहु विशेष सिद्धांतक पालन आवश्यक होइत अछि तं कतहु व्यावहारिक पक्ष कें देखनाइ पड़ैत अछि। एकटा प्रतिष्ठित विद्वान प्रोफेसर आ एकटा अनपढ़ नाविकक कथा अहां सभ अवश्य सुनने होयब। एक बेर एक प्रोफेसर समुद्री जहाज सं यात्रा कए रहल छलाह। ओतय हुनकर मित्रता एकटा नाविक सं भए गेल। एक दिन विद्वान प्रोफेसर नाविक सं पुछलनि, की अहां दर्शनशास्त्र पढ़ने छी?

नाविक नकारात्मक भाव सं माथ हिला कए कहलनि, नहि।

एहि पर प्रोफेसर कहलनि जे दर्शनशास्त्र नहि पढ़ि कए ओ अपन जीवनक एक-चौथाइ भाग व्यर्थ गमा देलनि।

दोसर दिन प्रोफेसर फेर पुछलनि, की अहां साहित्यक अध्ययन केने छी?

नाविक फेर माथ हिला कए कहलक, नहि। हमरा तं इहो नहि बुझल अछि जे साहित्य की होइत अछि।

प्रोफेसर कहलनि, जं अहां साहित्यक अध्ययन नहि केने छी तं अहां अपन जीवनक आधा भाग व्यर्थ गमा देलहुं।

प्रोफेसर आ नाविकक बीच बात चलिए रहल छल कि अनचोके समुद्र मे भयंकर बीहाड़ि आबि गेल। ऊंच-ऊंच लहरि उठय लागल। जहाज गंभीर रूप सं डोलय लागल। तूफानक प्रचंड वेग मे एक-दोसराक आवाज धरि सुनाइ नहि पड़ैत छल।

तखन नाविक जोर सं चिचिया कए प्रोफेसर सं पुछलक, प्रोफेसर साहेब, अहां कें हेलय अबैए?

प्रोफेसर कहलनि जे हमरा हेलय नहि अबैत अछि।

भारतक नव वैश्विक आर्थिक छलांग

किशन सनमुखदास भावनानी

आइ वैश्विक स्तरपर कोनो देशक आर्थिक सामर्थ्यक आकलन मात्र ओकर सकल घरेलू उत्पाद, शेयर बाजारक सूचकांक अथवा विदेशी मुद्रा भंडार सं नहि कएल जाइत अछि। वास्तविक शक्ति एहि बात सं निर्धारित होइत अछि जे कोनो देश वैश्विक पूंजी कें कतेक आकर्षित कए सकैत अछि, अपन आपूर्ति श्रृंखला कें कतेक सुरक्षित राखि सकैत अछि, तकनीकी आ रणनीतिक क्षेत्र मे कतेक आत्मनिर्भरता प्राप्त कए सकैत अछि तथा बदलैत विश्व व्यवस्था मे अपन आवाज कें कतेक प्रभावशाली बना सकैत अछि। एहि दृष्टि सं वर्ष 2026 भारत लेल अत्यंत महत्वपूर्ण देखाइत अछि। वित्त मंत्री निर्मला सीतारमणक अमेरिका यात्रा, जी-20 मे भारतक सक्रिय भूमिका, ईओएस-05 सन अत्याधुनिक पृथ्वी-अवलोकन उपग्रहक सफलता, विदेशी मुद्रा भंडारक रिकॉर्ड स्तर आ 12-13 सितंबर 2026 कें नई दिल्ली मे होमय वला ब्रिक्स शिखर सम्मेलन-ई सभ घटना अलग-अलग देखाइत अछि, मुदा वास्तव मे एहि सभक पाछां एकटा साझा कथा अछि। भारत आब वैश्विक अर्थव्यवस्था मे मात्र सहभागी नहि, बल्कि प्रभावशाली शक्ति बनबाक दिशा मे सटीक रूप सं आगू बढ़ि रहल अछि। वित्त मंत्री निर्मला सीतारमणक हालक अंतरराष्ट्रीय आर्थिक कूटनीति एहि परिवर्तनक महत्वपूर्ण अंग अछि। सरकारी कार्यक्रमक अनुसार 25 अगस्त सं 2 सितंबर 2026 धरि कनाडा आ अमेरिकाक यात्राक दौरान ओ निवेशक, कंपनी आ वित्तीय क्षेत्रक प्रतिनिधि सं भेंट कएलनि। एशविल मे 31 अगस्त आ 1 सितंबर कें भेल जी-20 वित्त मंत्री आ केंद्रीय बैंक गवर्नरक बैठक मे भारतीय प्रतिनिधिमंडलक नेतृत्व करब विशेष महत्व रखैत अछि। एकर अर्थ अछि जे भारत वैश्विक आर्थिक संकटपर मात्र प्रतिक्रिया देनिहार देश बनल नहि रहय चाहैत अछि, बल्कि वैश्विक आर्थिक नियम, वित्तीय स्थिरता आ विकासक दिशा तय करय बला विमर्श मे अपन भूमिका मजबूत कए रहल अछि। व्यापारिक तनाव, ऊर्जा मूल्य, ऋण संकट आ भू-राजनीतिक संघर्ष सं वैश्विक निवेशकक अनिश्चितता बढ़ल अछि। एहन समय मे भारतक संदेश स्पष्ट अछि जे ओकर अर्थव्यवस्था दीर्घकालीन निवेश, उत्पादन आ तकनीकी विस्तार लेल महत्वपूर्ण गंतव्य बनल अछि। एकर प्रभाव भारतीय शेयर बाजार पर सेहो पड़ि सकैत अछि। मुदा शेयर बाजारक निरंतर बढ़ैत रहबाक कोनो गारंटी नहि अछि। वैश्विक ब्याज दर, अमेरिकी बॉन्ड यील्ड, क्रूड ऑयल मूल्य, युद्ध आ व्यापार नीति बाजार मे अस्थिरता उत्पन्न कए सकैत अछि। तें आर्थिक संभावनाक संग खतरा प्रबंधन सेहो आवश्यक अछि। भारतक आर्थिक सामर्थ्य कें रिकॉर्ड विदेशी मुद्रा भंडार आरो बल प्रदान कएलक अछि। 28 अगस्त 2026 कें समाप्त सप्ताह मे भारतक विदेशी मुद्रा भंडार 11.475 अरब डॉलर बढ़ि कए 740.803 अरब डॉलरक रिकॉर्ड स्तरपर पहुंचि गेल। विदेशी मुद्रा परिसंपत्ति लगभग 600.67 अरब डॉलर आ स्वर्ण भंडार लगभग 116.41 अरब डॉलर छल। ई मात्र एकटा आंकड़ा नहि, बल्कि वैश्विक आर्थिक झटकाक समय मे सुरक्षा-कवचक काज करय बला वित्तीय शक्ति अछि। जं डॉलर मजबूत होइत अछि, पूंजी बाजार सं अनचोके पूंजी बाहर निकलैत अछि अथवा तेलक मूल्य बढ़ैत अछि, तं पर्याप्त विदेशी मुद्रा भंडार भारतीय रिजर्व बैंक कें बाजार मे व्यवस्थित हस्तक्षेप करबाक आ रुपैयाक अत्यधिक अस्थिरता कें नियंत्रित करबाक सामर्थ्य दैत अछि। मुदा पैघ विदेशी मुद्रा भंडार स्वयं मे रुपैया कें स्थायी रूप सं मजबूत करबाक गारंटी नहि अछि। तेल आयात, डॉलरक वैश्विक मांग, ब्याज दरक अंतर आ पूंजी प्रवाह सन कतेको कारक रुपैयाक दिशा निर्धारित करैत अछि। एहि आर्थिक चित्र मे अंतरिक्ष शक्ति कें जोड़नाइ सेहो आवश्यक अछि। इसरोक अनुसार जीएसएलवी-एफ17 द्वारा ईओएस-05 कें सब-जियोसिंक्रोनस ट्रांसफर ऑर्बिट मे स्थापित कएल गेल। ईओएस-05 भारतक पहिल एहन इमेजिंग सैटेलाइट अछि जे जियोसिंक्रोनस ऑर्बिट सं पृथ्वी-अवलोकन लेल डिजाइन कएल गेल अछि। लगभग 36,000 किलोमीटर ऊंचाई बला एहि क्षेत्रक पृथ्वी-अवलोकन क्षमता मात्र सैन्य निगरानी धरि सीमित नहि अछि। एकर उपयोग मौसिम, आपदा प्रबंधन, कृषि, पर्यावरण निगरानी आ राष्ट्रीय सुरक्षा मे सेहो भए सकैत अछि। अंतरिक्ष तकनीकक विस्तार निजी अंतरिक्ष कंपनी, रक्षा-तकनीक, इलेक्ट्रॉनिक्स, सेमीकंडक्टर, सेंसर, सॉफ्टवेयर आ डेटा एनालिटिक्सक लेल नव बाजार खोलि सकैत अछि। एहि कारण भविष्यक भारतीय शेयर बाजार मे स्पेस-टेक आ डीप-टेक कंपनी सेहो महत्वपूर्ण भूमिका निभा सकैत अछि। आब 12 आ 13 सितंबर 2026 कें नई दिल्ली मे होमय बला 18म ब्रिक्स शिखर सम्मेलनक महत्व सेहो बढ़ि जाइत अछि। भारत 2026 मे ब्रिक्सक अध्यक्षता कए रहल अछि आ एकर विषय अछि - रेसिलिएन्स, इनोवेशन, कोऑपरेशन एंड सस्टेनेबिलिटी लेल निर्माण। वर्षभरि मे 25 सं बेसी शहर मे 350 सं बेसी बैठक आ उच्चस्तरीय कार्यक्रम आयोजित भए चुकल अछि। एहि कारण ब्रिक्स आब मात्र नेतासभक शिखर बैठक नहि, बल्कि व्यापार, वित्त, निवेश, तकनीक आ विकास-सहयोगक विस्तृत मंच बनि रहल अछि। ब्रिक्स आ जी-7 कें मात्र के जीतल, के हारल एहि सरल प्रश्न मे सीमित करब उचित नहि। जी-7 लग विकसित अर्थव्यवस्था, वैश्विक वित्तीय संस्था, तकनीकी कंपनी आ पूंजी बाजार मे पैघ प्रभाव अछि। दोसर दिस ब्रिक्सक महत्व उभरैत अर्थव्यवस्था, ऊर्जा, प्राकृतिक संसाधन, विशाल उपभोक्ता बाजार आ ग्लोबल साउथक आवाज सं जुड़ल अछि। विश्व अर्थव्यवस्था आब एकध्रुवीय व्यवस्था सं बहुध्रुवीय व्यवस्थाक दिस बढ़ि रहल अछि। भारत लेल ई चुनौतीक संग असाधारण अवसर सेहो अछि। ब्रिक्सक माध्यम सं भारत ग्लोबल साउथ आ विकसित अर्थव्यवस्थाक बीच सेतुक भूमिका निभा सकैत अछि। व्यापार, डिजिटल भुगतान, स्थानीय मुद्रा मे कारोबार, ऊर्जा सुरक्षा, महत्वपूर्ण खनिज, विकास वित्त, कृत्रिम बुद्धिमत्ता आ आपूर्ति श्रृंखला सहयोग जेकां क्षेत्र मे व्यावहारिक पहल भारतीय कंपनी लेल नव बाजार खोलि सकैत अछि। भारतीय शेयर बाजारपर एहि सभ घटनाक संयुक्त प्रभाव मनोवैज्ञानिक आ वास्तविक-दुनू भए सकैत अछि। मजबूत विदेशी मुद्रा भंडार बाहरी झटका सं सुरक्षा दैत अछि, आर्थिक कूटनीति विदेशी निवेशकक विश्वास बढ़ा सकैत अछि, अंतरिक्ष आ रक्षा तकनीक नव औद्योगिक अवसर पैदा कए सकैत अछि आ ब्रिक्स-जी-20 मे भारतक सक्रियता भारतीय कंपनी लेल वैश्विक बाजारक नव द्वार खोलि सकैत अछि। विजन 2047क दृष्टि सं एहि सभ घटनाक महत्व आरो बेसी अछि। विकसित भारत तखने बनत जखन देश आर्थिक रूप सं पैघ होयबाक संग वित्तीय रूप सं मजबूत, तकनीकी रूप सं आत्मनिर्भर, रणनीतिक रूप सं सुरक्षित आ वैश्विक स्तरपर प्रभावशाली बनत। भारतक रिकॉर्ड विदेशी मुद्रा भंडार वित्तीय ढाल कें मजबूत करैत अछि, अंतरिक्ष अभियान तकनीकी सामर्थ्यक प्रदर्शन करैत अछि, जी-20 मे आर्थिक कूटनीति वैश्विक नीति-निर्माण मे भारतक आवाज कें सशक्त करैत अछि आ ब्रिक्सक अध्यक्षता बदलैत बहुध्रुवीय विश्व व्यवस्था मे भारत कें नेतृत्वक अवसर दैत अछि। अंततः भारतक सामने अवसर अत्यंत पैघ अछि, मुदा एकरा स्वतः प्राप्त उपलब्धि बुझनाइ भूल होयत। आब आवश्यक अछि जे ई सामर्थ्य रोजगार, उत्पादकता, निर्यात, निजी निवेश, नवाचार आ आम नागरिकक आमदनी मे परिवर्तित हो। जं भारत एहि दिशा मे सफल होइत अछि तं 2047 मात्र स्वतंत्रताक शताब्दीक उत्सव नहि रहत, बल्कि भारत विश्व अर्थव्यवस्थाक निर्णायक केंद्र, वैश्विक पूंजीक प्रमुख गंतव्य आ बहुध्रुवीय विश्व व्यवस्थाक प्रभावशाली स्तंभ बनि सकत। भारत आब वैश्विक अर्थव्यवस्था कें मात्र देख नहि रहल अछि; ओ ओकर अगिला अध्याय कें आकार देबाक तैयारी कए रहल अछि।

विधानसभा चुनाव 2027 : यूपी, पंजाब सहित 5 राज्य मे चुनावक उलटी गिनती शुरू

विधायक कहलनि जे बाढ़ि पीड़ित कें कोनो तरहक परेशानी नहि होबाक चाही। प्रभावित इलाका मे लगातार निगरानी राखल जाए आ जरूरतक अनुसार पॉलीथिन शीट, सुखायल राशन सहित अन्य जरूरी सामान उपलब्ध कराओल जाए। ओ ईहो कहलनि जे जाहि इलाका मे जरूरत हो, ओतय सामुदायिक रसोई शुरू कए बाढ़ि प्रभावित लोकक लेल भोजनक व्यवस्था कएल जाए।

मानसी आ नगर परिषदक वार्ड मे सेहो बाढ़िक स्थिति

बैठक मे मानसी प्रखंडक मटिहानी, जालिम बाबू टोला आ पूर्वी ठाठाक चैधा बांध वार्ड नंबर-14 मे बाढ़िक स्थिति पर सेहो चर्चा भेल। विधायक खगड़िया नगर परिषदक वार्ड संख्या 19, 30 आ 31 प्रभावित होयबाक जानकारी सेहो अधिकारी सभ कें देलनि।

विधायक बबलू कुमार मंडल कहलनि जे बाढ़िक गंभीर स्थिति कें देखैत प्रशासन कें पूरा तरहे सतर्क रहबाक होयत। प्रभावित लोक कें राहति सामग्री आ भोजन उपलब्ध करयबाक संग जरूरत पड़ला पर परिवार सभ कें सुरक्षित स्थान धरि पहुंचयबाक सेहो व्यवस्था कएल जाए।

एसडीओ बीडीओ-सीओ कें देलनि कारबाइक निर्देश

बैठक मे मौजूद एसडीओ धनंजय कुमार विधायकक निर्देश कें गंभीरता सं लैत सदर बीडीओ पूरण साह आ सीओ पुनीत कौशल कें प्रभावित क्षेत्र मे तत्काल जरूरी कारबाइ करबाक निर्देश देलनि।

अधिकारी सभ कें कहल गेल जे ओ सभ प्रभावित इलाका मे स्वयं जा कए स्थितिक जायजा लिअथि आ जरूरतमंद परिवार धरि समय पर राहति पहुंचेनाइ सुनिश्चित करथि।

10 दिन सं जरल ट्रांसफार्मर ग्रामीण केलनि सड़क जाम

नवादा मे बिजली कटौती सं लोक परेशान

नवादा, समदिया

जिलाक गोविंदपुर प्रखंडक दर्शन गामक वार्ड नंबर 11 मे पछिला 10 दिन सं ट्रांसफार्मर खराब पड़ल अछि। एहि कारण इलाका मे बिजलीक संकट गहरा गेल अछि। बिजली विभाग दिस सं नव ट्रांसफार्मर नहि लगाओल गेलाक कारण नाराज ग्रामीण सोमदिन भोर मे सड़क पर उतरि अएलाह। ओ सभ बिहार-झारखंड सीमा सं सटल गोविंदपुर-बरेव मुख्य मार्ग कें दर्शन गामक लग टायर जरा कए जाम कए देलनि। सड़क जाम भेला सं मुख्य मार्ग पर दूनू दिस गाड़ीक लमहर कतार लागि गेल। करीब आधा घंटा धरि गाड़ीक आवागमन पूरा तरहे बंद रहल। सड़क जामक सूचना भेटलाक बाद बिजली विभागक अधिकारी मौका पर पहुंचलाह। ओ सभ ग्रामीण सं बातचीत कएलनि आ शीघ्र नव ट्रांसफार्मर लगयबाक भरोसा देलनि।

विभागक आश्वासनक बाद ग्रामीण सभ जाम समाप्त कए देलनि, जाहिक बाद गाड़ीक आवागमन फेर शुरू भए सकल। ग्रामीण सभ बतौलनि जे करीब 10 दिन पहिने गामक ट्रांसफार्मर खराब भए गेल छल।

एकर जानकारी बिजली विभाग कें लिखित आवेदन दए सेहो देल गेल छल, मुदा कतेको दिन बीतलाक बादो समस्या दूर नहि भेल। ग्रामीणक अनुसार, बिजली नहि रहला सं बच्चा सभक पढ़ाइ मे सब सं बेसी दिक्कत भए रहल अछि। भीषण गर्मी मे पंखा नहि चलला सं बुजुर्ग, महिला आ बच्चा सभ कें परेशानी झेलय पड़ि रहल अछि। एकरा अलावा, बिजली बंद रहला सं पीबाक पानि आ घरेलू काज सेहो प्रभावित भेल अछि। ग्रामीणक आरोप अछि जे विभाग कतेको बेर शीघ्र ट्रांसफार्मर लगयबाक भरोसा देलक, मुदा एखन धरि कोनो कारबाइ नहि भेल। लगातार आश्वासन भेटला आ समस्या दूर नहि भेलाक कारण ग्रामीणक आक्रोश बढ़ैत गेल।

ग्रामीण सभ स्पष्ट चेतावनी देलनि अछि जे जं 24 घंटाक भीतर गाम मे नव ट्रांसफार्मर नहि लगाओल गेल, तं ओ सभ अगिला दिन गोविंदपुर-बरेव मुख्य मार्ग कें पूरा तरहे जाम कए देताह।

ग्रामीण सभ गाम कें नशामुक्त करबाक लेल टीम बनौलनि

बांका, समदिया

जिलाक रजौन थाना क्षेत्रक राजावर पंचायतक सुजाल कोरामा गाम मे ग्रामीण सभ नशाक विरुद्ध बैठक कएलनि। बैठक मे गाम आ पंचायत क्षेत्र कें नशामुक्त बनेबाक निर्णय लेल गेल। ग्रामीण सभ एकर लेल एकटा टीम सेहो बनौलनि। एहि टीमक उद्देश्य इलाका मे सूखा नशा आ दोसर नशीला पदार्थक बिक्री आ सेवन पर नजरि राखब अछि। संगहि एकर जानकारी प्रशासन धरि पहुंचेनाइ सेहो टीमक काज होयत। एहि बैठक मे पुरुषक संग महिला सभ सेहो शामिल रहलीह। बैठक मे ग्रामीण सभक सर्वसम्मति सं किशोर चंद्र यादव कें अध्यक्ष चुनल गेल। रूद्रेश्वरी कुमार रंजीत कें उपाध्यक्ष, विजय कुमार यादव कें सचिव आ राजीव कुमार यादव कें उप सचिव बनाओल गेल। विनोद कुमार सिंह कें कोषाध्यक्षक जिम्मेदारी देल गेल। एकरा अलावा सुबोध कुमार यादव, दिवाकांत यादव आ वार्ड प्रतिनिधि संतोष कुमार कें सेहो टीम मे शामिल कएल गेल अछि। ग्रामीण सभ बैठक मे बतौलनि जे नशीला पदार्थक कारण समाजक बच्चा आ युवा एकर चपेट मे आबि रहल छथि। कम उम्रक बच्चा मे सेहो नशाक आदत बढ़लाक कारण अभिभावक चिंतित छथि। ग्रामीणक कहब अछि जे नशाक लत सं सामाजिक बुराइ बढ़ि रहल अछि। संगहि चोरी जेहन घटना मे सेहो बढ़ोतरी भए रहल अछि। ग्रामीण सभ तय कएलनि जे नशीला पदार्थक बिक्री आ सेवन करेनिहार कें आखरी चेतावनी देल जाएत।

किशनगंज पुलिस आब डिजिटल, सभ थाना कें तकनीकी रूप सं कएल गेल विकसित

24 थाना मे कंप्यूटरक सेटअप, 24 घंटा मे ऑनलाइन अपलोड होयत एफआईआर

किशनगंज, समदिया

किशनगंज पुलिस आब तेजी सं डिजिटल पुलिसिंग दिस बढ़ि रहल अछि। अनुसंधानकर्ता सभ कें सेहो समय-समय पर डिजिटल पुलिसिंगक प्रशिक्षण देल जा रहल अछि। आब थाना दिस सं विभाग मे पठाओल जाएबला सभ पत्राचार सेहो ऑनलाइन होमय लागल अछि। जिलाक सभ 24 थाना कंप्यूटर सं लैस भए चुकल अछि। एहि मे किशनगंज सदर थाना, ठाकुरगंज थाना, बहादुरगंज थाना, कोचाधामन थाना, साइबर थाना, महिला थाना, पोठिया थाना, दिघलबैंक थाना, गलगलिया, टेढ़ागाछ, कुर्लिकोट, फतेहपुर, कोढोबारी, एससी-एसटी आ यातायात थाना शामिल अछि।

एहि सभ थाना मे कंप्यूटर पर काज भए रहल अछि। कंप्यूटर चलयबाक लेल अलग सं कर्मचारी सेहो राखल गेल छथि। किछु थाना मे कार्यपालक सहायक आ किछु मे कंप्यूटर चलाबय मे माहिर पुलिसकर्मी ई काज संभारि रहल छथि। एकरा अलावा, पहिने सभ अनुसंधानकर्ता कें लैपटॉप आ एंड्रॉयड फोन सेहो देल गेल अछि। जिलाक कतेको मुख्य थाना कें पुलिस अधिकारी लैपटॉप सं सेहो काज कए रहल छथि। एहि लेल पुलिस अधिकारी सभ कें प्रशिक्षण सेहो देल जा चुकल अछि। शनिदिन सेहो पुलिसकर्मी सभ कें डिजिटल प्लेटफॉर्म कें लए प्रशिक्षण देल गेल। आब पुलिस सामान्य पुलिसिंगक संगहि डिजिटल पुलिसिंगक अंतर्गत सेहो क्षेत्र मे काज कए रहल अछि।

अनुसंधानक दौरान किछु जानकारी लैपटॉप मे सेहो अपलोड कएल जाइत अछि। सीसीटीएनएस परियोजनाक अंतर्गत पछिला 10 सालक डेटा कंप्यूटर मे अपलोड कएल जा चुकल अछि। डेटा अपलोड करबाक ई प्रक्रिया दू साल पहिने शुरू भेल छल। सीसीटीएनएस परियोजनाक अंतर्गत आब कोनो थाना मे एफआईआर दर्ज भेलाक बाद ओकर प्रति संबंधित कंप्यूटर मे अपलोड भए जाइत अछि।

एहि मे 24 घंटाक भीतर एफआईआर अपलोड करबाक व्यवस्था अछि, जाहि कें 24 घंटा मे ऑनलाइन देखल जा सकैत अछि। आब अनुसंधानकर्ता घटनास्थल पर मोबाइल सं वीडियोग्राफी सेहो करैत छथि। संगहि अन्य साक्ष्य सेहो जुटा कए ई-साक्ष्य ऐप मे अपलोड कएल जाइत अछि। ई-साक्ष्य ऐप भारत सरकारक अधीन राष्ट्रीय सूचना विज्ञान केंद्र (एनआईसी) दिस सं विकसित कएल गेल अछि। ई आपराधिक घटना कें बाद डिजिटल तरीका सं साक्ष्य दर्ज कए संरक्षित करबाक सुविधा देत।

एकर उद्देश्य बेसि सं बेसि दोषी कें सजा देब अछि। एहि ऐपक मदति सं साक्ष्य, फोटो, वीडियो, बयान आदि मे छेड़छाड़ आ ओकर गायब होयबाक शिकायत कम होयत। एसपी संतोष कुमार कहलनि जे पुलिस कें आओर सशक्त बनाओल जा रहल अछि। आधुनिक पुलिसिंगक अंतर्गत किशनगंज पुलिस सामान्य पुलिसिंगक संगहि कंप्यूटर आधारित काज कए रहल अछि।

समीर वानखेड़े युवा कें नशामुक्तिक शपथ दियौलनि

मोतिहारी, समदिया

मोतिहारीक बापू सभागार मे नशामुक्त युवा विषय पर एकटा सेमिनार आयोजित कएल गेल। एकर आयोजन एक भारत श्रेष्ठ भारत अभियानक अंतर्गत कएल गेल। नारकोटिक्स कंट्रोल ब्यूरोक पूर्व जोनल डायरेक्टर आ वरिष्ठ आईआरएस अधिकारी समीर वानखेड़े मुख्य अतिथिक रूप मे दीप प्रज्वलित कए कार्यक्रमक उद्घाटन कएलनि। एहि अवसर पर जिलाक कतेको कॉलेजक सैकड़ो छात्र-छात्रा, युवा, शिक्षक आ गणमान्य लोक उपस्थित छलाह। कार्यक्रमक शुरूआत मे आयोजक सभ अतिथिक स्वागत कएलनि। सेमिनार कें संबोधित करैत समीर वानखेड़े सभ युवा, छात्र आ आम लोक कें नशामुक्तिक शपथ दियौलनि। ओ कहलनि जे बिहार आबि कए हुनका बहुत नीक लागल। बिहार मे शराबबंदी लागू अछि आ सरकार नशाबंदी कें लए गंभीर अछि। एकरा बादो युवा आइ सूखा नशा आ दोसर मादक पदार्थ दिस आकर्षित भए रहल छथि, जे चिंताक बात अछि। एकरा रोकबाक लेल खास तौर पर काज कएल जा रहल अछि। वानखेड़े बतौलनि जे प्रधानमंत्री नरेंद्र मोदी नशामुक्त भारतक आह्वान केने छथि। एहि दिशा मे पूरा देश मे अभियान चलाओल जा रहल अछि। सभ विभाग आ सामाजिक संगठन मिलिकए युवा कें नशा सं दूर राखबाक प्रयास कए रहल अछि। नशा मात्र शरीर कें नहि, बल्कि परिवार, समाज आ देशक भविष्य कें सेहो बर्बाद करैत अछि। वानखेड़े युवा कें अपील कएलनि जे आइक युवा ह्यरील हीरोक पाछू भागि रहल छथि।

विविध

अगस्त मे खुजल रिकॉर्ड डीमैट खाता, 7 मासक उच्चतम स्तर पर पहुंचल आंकड़ा

शेयर बाजार मे निवेश कें लए लोकक उत्साह लगातार बढ़ैत जा रहल अछि। सेंसेक्स आ निफ्टी मे गिरावट के बादो खुदरा निवेशक बाजार मे जमिके पाइक निवेश कए रहल छथि। बाजार मे पाइक कमाइ कें एहि होड़ मे सभ केओ शामिल होमय चाहैत छथि। ताजा आंकड़ा के अनुसार, अगस्त महीना मे नव डीमैट खाता खुलबाक संख्या सात महीनाक उच्चतम स्तर पर पहुंचि गेल अछि। जनवरी 2026 सं मई 2026 धरि चलल सुस्त दौरक बाद आब लगातार तेसर महीना डीमैट खाताक संख्या मे भारी उछाल देखल गेल अछि। ई सभ शेयर बाजार मे लगातार आबि रहल नव आईपीओक कारण संभव भेल अछि।

नेशनल सिक्योरिटीज डिपॉजिटरी लिमिटेड (एनएसडीएल) आ सेंट्रल डिपॉजिटरी सर्विसेज लिमिटेड (सीडीएसएल)क आंकड़ा के अनुसार, अगस्त मे करीब 32.7 लाख नव डीमैट खाता खोलल गेल। ई जनवरी 2026क बाद एक महीना मे भेल सब सं पैघ बढ़ोतरी अछि। एहि बंपर बढ़ोतरीक संगहि महीनाक अंत धरि कुल डीमैट खाताक संख्या 23.77 करोड़ धरि पहुंचि गेल। मुदा ध्यान देबाक बात ई अछि जे एक व्यक्ति लग कतेको डीमैट खाता भए सकैत अछि। एहि स्थिति मे जं मात्र अलग-अलग निवेशकक बात करी तं ई संख्या करीब 13.5 करोड़ आंकल गेल अछि।

बाजार विशेषज्ञक अनुसार, प्राथमिक बाजार मे आएल तेजी नव खाता खुलबाक सब सं पैघ कारण अछि। आईआईएफएल कैपिटल सर्विसेजक वरिष्ठ उपाध्यक्ष श्रीराम वेलायुधनक कहब अछि जे आईपीओ बाजार मे उत्साह नव डीमैट खाता मे तेज उछालक एकटा महत्वपूर्ण कारण अछि। एकरा संगहि मजबूत स्मॉलकैप आ मिडकैप शेयर सेहो आईपीओ सं कमाइ होयबाक उम्मीद कें बहुत बढ़ा देने अछि। अगस्त 2026 आईपीओ आ ऑफर-फॉर-सेल (ओएफएस)क दृष्टि सं सालक सब सं व्यस्त महीना रहल। एहि दौरान 23 आईपीओक माध्यम सं 22,448 करोड़ रुपैया जुटाओल गेल, जखनकि दूटा ओएफएस लेनदेन सं 31,660 करोड़ रुपैयाक भारी रकम जुटाओल गेल।

एक दिस जतय पैघ शेयर मे सुस्ती देखल गेल, ओतहि छोट शेयर सभ निवेशकक झोली भरि देलक। अगस्त महीना मे बेंचमार्क सूचकांक कमजोर रहल। सेंसेक्स मे 1.5 प्रतिशत आ निफ्टी मे 1.2 प्रतिशतक गिरावट दर्ज कएल गेल। मुदा जाहि खंड मे खुदरा निवेशकक हिस्सेदारी बेसी रहैत अछि, ओतय जबरदस्त तेजी रहल। एहि दौरान बीएसई मिडकैप 150 इंडेक्स मे 1.6 प्रतिशतक बढ़ोतरी भेल। तहिना बीएसई स्मॉलकैप 250 मे 2.4 प्रतिशत आ बीएसई माइक्रोकैप 250 मे 6.2 प्रतिशतक जोरदार उछाल आएल। ई आंकड़ा बतबैत अछि जे निवेशकक भरोसा बाजार पर पूरा तरहे कायम अछि।

बाजार जानकारक माननाइ अछि जे आगू आबय बला महीना मे डीमैट खाता खुलबाक ई रफ्तार आओर तेज भए सकैत अछि। निवेशकक नजरि आब देशक किछु सब सं पैघ कंपनीक आईपीओ पर टिकल अछि। रिलायंस जियो आ नेशनल स्टॉक एक्सचेंज (एनएसई) जेहन दिग्गज कंपनी शीघ्र अपन आईपीओ अनबाक तैयारी मे अछि। एहि पैघ इश्यूक बाजार मे आबि गेलाक बाद खुदरा निवेशकक भागीदारी मे एक बेर फेर भारी उछाल देखल जा सकैत अछि।

काजक तनाव कें मामूली नहि बुझू, कहिया बनि जाइत अछि मानसिक बेमारी? डॉक्टर कहलनि

ऑफिसक डेडलाइन, लगातार मीटिंग, बॉसक दबाव आ काज पूरा नहि होयबाक चिंता। एहि सभक बीच तनाव होनाइ आइ आम बात अछि। कतेको लोक एकरा नौकरीक हिस्सा मानि कए आगू बढ़ैत रहैत छथि। परेशानी तखन शुरू होइत अछि, जखन तनाव किछु घंटा वा दिनक बात नहि रहि कए लगातार बनल रहय आ नींद, काज, संबंध आ रोजमर्राक जीवन पर असर पड़य। एहन स्थिति मे एकरा मात्र काजक दबाव मानि कए नजरअंदाज करब उचित नहि अछि।

भारत मे मानसिक स्वास्थ्यक स्थिति कें लए नेशनल मेंटल हेल्थ सर्वे 2015-16क आंकड़ा बतबैत अछि जे करीब 10.6 प्रतिशत वयस्क आबादी कोनो मौजूदा मानसिक विकार सं प्रभावित छल। सर्वे मे ईहो देखल गेल जे मानसिक विकारक लेल इलाज करेनिहार लोक आ जरूरतमंद लोकक बीच पैघ भेद छल। मने समस्या मौजूद रहबाक बादो पैघ संख्या मे लोक समय पर मदति नहि लए पबैत छथि।

साइकियाट्रिस्ट आ मानसिक स्वास्थ्य विशेषज्ञ प्रो. (डॉ.) निमेश जी. देसाई एहि विषय मे बतौलनि अछि। ओ कहलनि जे बिगड़ल मानसिक स्वास्थ्य कें मात्र बेमारीक नजरिया सं नहि देखबाक चाही। सामान्य तनाव, मानसिक परेशानी आ मानसिक विकार अलग-अलग स्थिति भए सकैत अछि। हुनक कहब अछि जे भारत मे मानसिक विकार करीब 10-12 प्रतिशत लोक कें प्रभावित करैत अछि, मुदा एकरा सं कतेको पैघ आबादी एहन अछि

जे कोनो ने कोनो स्तर पर मानसिक परेशानी महसूस कए रहल अछि।

काजक दबाव बढ़ला पर किछु समय लेल तनाव, बेचैनी वा थकान महसूस होनाइ सामान्य भए सकैत अछि। मुदा जखन ई परेशानी लमहर समय धरि बनल रहय आ व्यक्तिक कार्यक्षमता प्रभावित होमय लगय, तं एहि दिस ध्यान देब जरूरी अछि।

लगातार चिड़चिड़ापन, हर समय चिंता रहनाइ, नींद नहि होनाइ वा बहुत बेसी सुतनाइ, काज मे मन नहि लगनाइ, ध्यान लगाबय मे परेशानी, हर समय थकान महसूस होनाइ आ लोक सं दूरी बनेनाइ एहन संकेत अछि जाहि कें गंभीरता सं लेबाक चाही। विश्व स्वास्थ्य संगठनक अनुसार, डिप्रेशन मे लगातार उदासी वा पहिने पसंद अबैत चीज मे रुचि कम होयबाक संग नींद, भूख, ऊर्जा आ एकाग्रता मे बदलाव सेहो भए सकैत अछि।

जं तनाव वा एकरा सं जुड़ल लक्षण लगातार बनल अछि, रोजमर्राक काज प्रभावित भए रहल अछि वा व्यक्ति स्वयं अपन परेशानी नहि संभारि पाबि रहल अछि, तं मानसिक स्वास्थ्य विशेषज्ञ सं सलाह लेनाइ नीक रहत। शुरूआत मे मदति लेबाक अर्थ हमेशा दवाइ लेनाइ नहि होइत अछि। डॉक्टर स्थिति कें बुझि कए काउंसलिंग, जीवनशैली मे बदलाव वा जरूरत पड़ला पर इलाजक सलाह दए सकैत छथि।

मनीष रायसवाल वर्तमान मे टीवी9 डिजिटल मे लाइफस्टाइल बीट पर टीम लीडक रूप मे काज कए रहल छथि। मनीष अपन करियरक शुरूआत 2015 मे इंडिया न्यूजक डिजिटल प्लेटफॉर्म इंकखबर सं सब एडिटरक रूप मे केने छलाह। अलग-अलग पड़ाव पार करैत ओ इंडिया न्यूज, अमर उजाला आ एनडीटीवी जेहन प्रतिष्ठित मीडिया संस्थान मे काज कए चुकल छथि। 2009 सं 2012क बीच जामिया मिलिया इस्लामिया सं बीए ऑनर्स मास मीडिया मे स्नातक आ 2012-13क बीच देशक प्रतिष्ठित मीडिया संस्थान भारतीय जनसंचार संस्थान, दिल्ली सं डिप्लोमा कएला कें बाद मनीष पत्रकारिता सं जुड़ल छथि। मनीष लाइफस्टाइलक अलावा स्वास्थ्य, सामाजिक विषय, महिला आ बाल विकास आ यात्रा जेहन विषय पर लिखनाइ पसंद करैत छथि। लाइफस्टाइल सं जुड़ल अधिकांश विषय पर हुनका नव चीज सीखबाक शौक अछि।

नेपाल लेल वरदान कहल जायबला जलविद्युत उद्योग आब खतरा मे

नई दिल्ली, एजेंसी

नेपालक बिजलीक लगभग 100 प्रतिशत हिस्सा जलविद्युत अर्थात हाइड्रोपावर सं अबैत अछि। देशक जलविद्युत उत्पादन क्षमता एतेक अछि जे नेपाल प्रतिवर्ष भारत आ बांग्लादेश कें बिजली बेचि करीब 20 करोड़ डॉलर कमबैत अछि। मुदा जाहि हिमनद आ पहाड़ सभ नेपाल कें ई प्राकृतिक वरदान देलक, ओही सभ पर आब वैश्विक तापवृद्धिक असरि पड़ि रहल अछि। गत 26 अगस्तक विनाशकारी बाढ़ि देशक जलविद्युत महत्वाकांक्षाक खतरा कें सेहो उजागर कए देलक। ई आपदा मे 1,300 सं बेसी लोकक मृत्यु भेल, जखन कि हजारो लोक एखनहुं लापता छथि। नेपाल-तिब्बत सीमाक लग पूराक-पूरा गाम बहि गेल। त्रिशूली नदी बेसिन मे 12 जलविद्युत संयंत्र गंभीर रूप सं क्षतिग्रस्त भेल आ देशक कुल बिजली उत्पादन क्षमताक 10 प्रतिशत सं बेसी हिस्सा ठप भए गेल। संयंत्र संचालक सभक कहब अछि जे एखन ई निश्चित नहि अछि जे क्षतिग्रस्त संयंत्र सभ फेर सं चालू भए सकत वा नहि। एहि 12 संयंत्र मे छह नेपाल विद्युत प्राधिकरणक अछि। प्राधिकरण घरेलू उपभोक्ता सभ कें भरोस देने अछि जे अखन बिजली आपूर्ति मे बाधा नहि होयत। मुदा ओकर प्रवक्ता राजन ढकाल स्वीकार केलनि जे जलवायु परिवर्तन सं जुड़ल आपदा लगातार बढ़ि रहल अछि आ आब जलविद्युत नीतिक पुनर्विचार करबाक समय आबि गेल अछि।

आठ साल मे बदलल तस्वीर : वर्ष 2010 धरि नेपालक मात्र करीब दू-तिहाई आबादी धरि बिजली पहुंचि सकल छल। बिजली रहलो पर कतेको इलाका मे प्रतिदिन 16 घंटा धरि कटौती होइत छल। मुदा बिजलीक कमी पूरा करबाक लेल भारत सं आयात बढ़ाओल गेल आ जलविद्युत संरचनाक विस्तार कएल गेल। एकर परिणाम भेल जे 2018 धरि नेपालक अधिकांश भाग मे 24 घंटा बिजली उपलब्ध होमय लागल। नेपाल विद्युत प्राधिकरणक अनुसार, देश मे आब 225 जलविद्युत संयंत्र अछि, जकर कुल स्थापित क्षमता 3,900 मेगावॉट सं बेसी अछि। एहि क्षमता सं एकहि बेर करीब 30 लाख घर कें बिजली देल जा सकैत अछि। सैकड़ो नव संयंत्र निमार्णाधीन अछि अथवा निर्माणक प्रक्रिया मे छथि। अधिकांश परियोजना पहाड़क ऊंच भाग मे बनाओल जा रहल अछि, जतय तेज धाराक पानि सं बिजली पैदा कएल जा सकैत अछि। मुदा हिमालयक ऊंच इलाका वैश्विक औसतक तुलना मे करीब 50 प्रतिशत बेसी तेजी सं गरम भए रहल अछि। एहि कारण पर्यावरणीय खतरा बढ़ि रहल अछि। हालक बाढ़िक प्रारंभिक जांच मे एकर कारण हिमनद आ ओकर चट्टानी परतक ढहब बताओल गेल अछि। वैज्ञानिक सभक कहब अछि जे एहि घटना कें सीधा जलवायु परिवर्तन सं जोड़ब एखन जल्दबाजी होयत। तथापि नेपाल आपदा खतरा न्यूनीकरण तथा व्यवस्थापन प्राधिकरणक अनुसार 2018 सं 2024क बीच दर्ज आपदा मे 90 प्रतिशत सं बेसी जलवायु सं संबंधित छल। नेपालक पूर्व ऊर्जा मंत्री कुलमान घिसिंग एहि बाढ़ि कें सदी मे एक बेर होमयबला घटना बतौलनि। मुदा हुनकर कहब अछि जे एहि सं जलविद्युत संयंत्रक डिजाइन, निर्माण स्थल आ सुरक्षा व्यवस्थाक संबंध मे महत्वपूर्ण सीख लेबाक आवश्यकता अछि। हुनकर अनुसार संयंत्र सभ कें बाढ़ि सहबाक लेल बेसी सक्षम बनेबाक संग शुरूआती चेतावनी प्रणाली आ प्रभावी आपातकालीन निकासी व्यवस्था जरूरी अछि।

जलविद्युत पर निर्भरता घटेबाक सवाल : किछु विशेषज्ञक मानब अछि जे नेपाल जलविद्युत पर बहुत बेसी निर्भर भए गेल अछि। अक्षय ऊर्जा विशेषज्ञ कुशल गुरूंगक अनुसार ऊर्जा क्षेत्र मे सभटा अंडा एकहि पथिया मे नहि रखबाक चाही। सौर आ पवन ऊर्जा सन विकल्प कें सेहो गंभीरता सं अपनाबय पड़त। कोलंबिया विश्वविद्यालयक सेंटर ऑन ग्लोबल एनर्जी पॉलिसीक शोधकर्ता विवेक शास्त्री सेहो मानैत छथि जे सौर आ पवन ऊर्जाक विस्तार बिजली व्यवस्था कें बेसी लचीला बना सकैत अछि। जर्मन सहायता एजेंसीक एक रिपोर्टक अनुसार नेपाल मे सौर ऊर्जाक तकनीकी उत्पादन क्षमता जलविद्युतक तुलना मे करीब 10 गुना बेसी अछि। मुदा नेशनल यूनिवर्सिटी ऑफ सिंगापुरक शोधकर्ता पुष्प शर्माक कहब अछि जे ऊर्जा स्रोत मे विविधता जरूरी जरूर अछि, मुदा सीमित स्तर धरि। हुनकर अनुसार जलविद्युत एहन क्षेत्र अछि जे नेपाल कें दक्षिण एशियाक अन्य देशक तुलना मे महत्वपूर्ण प्रतिस्पर्धात्मक बढ़त दैत अछि।

26 अगस्तक विनाशकारी बाढ़ि देशक जलविद्युत महत्वाकांक्षाक खतरा कें सेहो उजागर कए देलक

पुरान आपदा सं नहि लेल गेल सीख : हालक बाढ़ि मे लगभग पूरा तरहें नष्ट भेल अपर त्रिशूली-1 परियोजना नेपालक प्रमुख प्रत्यक्ष विदेशी निवेश परियोजना मे सं एक छल। एकर लागति करीब 64.7 करोड़ डॉलर छल। एहि परियोजना कें एशियाई विकास बैंक आ इंटरनेशनल फाइनेंस कॉरपोरेशन सहित अन्य संस्थाक सहयोग भेटल छल। अपर त्रिशूली-3ए मे चीनक एक्सपोर्ट-इंपोर्ट बैंकक धन लागल छल। साउथ एशिया नेटवर्क ऑन डैम्स, रिवर्स एंड पीपलक हिमांशु ठक्करक आरोप अछि जे अंतरराष्ट्रीय कर्जदाता त्रिशूली क्षेत्रक चरम खतरा सं परिचित छलाह, मुदा खतरा घटेबाक लेल पर्याप्त डेग नहि उठाओल गेल। त्रिशूली नदी बेसिन पहिने सं अस्थिर रहल अछि। सितंबर 2024 मे त्रिशूली आ भोटेकोशी नदी बेसिन मे बादल फाटल छल, जाहि सं रसुवा, नुवाकोट आ धादिंग प्रभावित भेल छल। जुलाई 2025 मे तिब्बतक ग्यिरोंग काउंटी मे ग्लेशियर झील फूटल छल आ ओही नदी मार्ग सं नेपाल मे बाढ़ि आयल छल। एहि घटना मे कम-से-कम 11 लोकक मृत्यु भेल आ नेपाल-चीन व्यापारिक मार्गक महत्वपूर्ण ढांचा क्षतिग्रस्त भेल छल। नेपाल विद्युत प्राधिकरणक राजन ढकाल सेहो मानैत छथि जे खतराक आकलन भेलाक बादो संयंत्र सभक डिजाइन ओहि अनुरूप नहि कएल गेल। हुनकर अनुसार जलविद्युत संयंत्रक निर्माण आ संचालनक तरीका मे व्यापक सुधार जरूरी अछि। बाढ़िक आर्थिक असरि निजी बिजली उत्पादक सभ पर सेहो पड़ि रहल अछि। इंडिपेंडेंट पावर प्रोड्यूसर्स एसोसिएशन ऑफ नेपालक अनुसार पछिला तीन साल मे बीमा कंपनी सभ 20 सं बेसी निजी संयंत्र कें बाढ़ि सं भेल क्षतिक बदला मे करीब 4 करोड़ डॉलर देलक अछि। बीमा प्रीमियम लगातार बढ़ि रहल अछि आ परियोजना संचालनक लागति कठिन भेल जा रहल अछि। जलवायु प्रतिनिधिमंडलक सदस्य मंजीत ढकालक कहब अछि जे ई आपदा स्पष्ट कए देलक जे जलवायु खतरा सीमा देशक सीमा सं बाहर अछि। नेपाल एकरा असगर नहि सम्हारि सकैत अछि। सरकार आ अंतरराष्ट्रीय संस्था कें मिलि डेटा साझा करबाक, खतरा आकलन करबाक आ शुरूआती चेतावनी प्रणाली विकसित करबाक आवश्यकता अछि।

शराबक नशाक आरोप मे मॉस्को मे भारतीय अभियंता गिरफ्तार

मास्को, एजेंसी

रूसक राजधानी मॉस्को मे एक भारतीय अभियंता कें कथित रूप सं नशा मे धुत भए एंबुलेंसक शीशा तोड़बाक आरोप मे पुलिस हिरासत मे लेने अछि। हुनकर पत्नी आरोप लगौलनि जे हुनकर पति कें गलत ढंग सं फंसाओल गेल अछि आ रूसी सेना मे भर्ती होमय लेल दबाव देल जा रहल अछि। बताओल जा रहल अछि जे नोएडा स्थित फ्लेक्स फिल्म्स कंपनीक रूसी सहायक संस्था फ्लेक्स फिल्म्स रस एलएलसीक कर्मचारी चंदन गुप्ता आ हुनकर सहयोगी आशीष कें 5 सितंबरक राति करीब साढ़े 11 बजे रेड स्क्वायर परिसर मे मॉस्को पुलिस हिरासत मे लेने अछि। दुनू पर निशा मे रहबाक आ लग मे ठाढ़ एंबुलेंसक शीशा तोड़बाक आरोप अछि। दुनू कें फिलहाल बाउमांस्काया पुलिस थाना मे राखल गेल अछि। चंदन गुप्ता उत्तर प्रदेशक कानपुरक निवासी छथि आ कंपनीक परियोजनाक सिलसिला मे उच्च-कुशल कामगारक वीजा पर रूस मे रहि रहल छथि।

पत्नी मोदी-योगी सं केलनि मदति केर गोहारि

पत्नी वीडियो जारी कए लगौलनि गोहारि : घटनाक बाद चंदन गुप्ताक पत्नी स्नेहा गुप्ताक एक वीडियो सोशल मीडिया पर तेजी सं प्रसारित भए रहल अछि। ओ प्रधानमंत्री नरेंद्र मोदी आ उत्तर प्रदेशक मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ सं तत्काल हस्तक्षेप करबाक गोहारि लगौलनि। स्नेहाक कहब अछि जे हुनकर पति कोनो गलत काज नहि केने छलाह, तैयो पुलिस हुनका राति करीब साढ़े 12 बजे अपन संग लए गेल आ बाद मे एक मामिला मे फंसा कए जेल मे राखि देलक। हुनकर कहब अछि जे हुनका स्थानीय भाषा नहि अबैत अछि आ हुनकर संग 10 वर्षक बच्चा सेहो अछि। ओ सरकार सं पति कें मुक्त करय मे मदति करबाक आग्रह कएलनि।

सेना मे जबरन भर्ती करबाक आरोप : स्नेहाक आरोप अछि जे रूस मे सेनाक लेल कर्मीक कमी पूरा करबाक नाम पर विदेशी नागरिक, विशेष रूप सं भारतीय नागरिक सभ कें फंसा कए जबरन सेना मे भर्ती करबाक प्रयास कएल जा रहल अछि। हुनकर दावा अछि जे हुनकर पति कें सेहो सेना मे भर्ती होमय लेल दबाव देल जा रहल अछि।

भारतीय दूतावास भेल सक्रिय : वीडियो सामने अयलाक बाद भारतीय दूतावास मामिला कें गंभीरता सं लेने अछि। दूतावास स्थानीय कानून प्रवर्तन एजेंसी सभ सं संपर्क कए दुनू भारतीय नागरिकक रिहाइक आग्रह केने अछि। संगहि हुनका सभ सं भेंट करबाक लेल कांसुलर पहुंचक अनुमति सेहो मांगल गेल अछि। सरकारी सूत्रक अनुसार दूतावास स्नेहा गुप्ताक नियमित संपर्क मे अछि आ हुनका मामिलाक प्रगतिक जानकारी देल जा रहल अछि।

रूसी पक्षक रुख : भारतीय दूतावासक अनुसार रूसी कानून प्रवर्तन अधिकारी एहि मामिला कें कानूनी मामिला मानि जांच कए रहल छथि। दूतावास कहलक जे सोशल मीडिया पर भारतीय नागरिकक पत्नी द्वारा कएल गेल पोस्ट ओकर संज्ञान मे आयल अछि। दूतावास पत्नी आ स्थानीय अधिकारी दुनूक संपर्क मे अछि आ कांसुलर पहुंचक अनुमति मांगल गेल अछि।

आब समुद्रक पानि सं घातक अस्त्र बनाओत चीन अमेरिका कें छोड़लक पाछू

बीजिंग, एजेंसी। चीन एकटा नव तकनीक विकसित केने अछि, जाहि सं समुद्रक पानि सं परमाणु ईंधन लेल आवश्यक यूरेनियम प्राप्त कएल जा सकैत अछि। चीनी शोधकर्ता सभ एहि दिशा मे महत्वपूर्ण सफलता प्राप्त केने छथि। चीन द्वारा विकसित नव सामग्री समुद्र सं यूरेनियम निकालब मे सक्षम अछि। एहि मामिला मे चीन अमेरिका कें सेहो पाछां छोड़ि देलक अछि। अमेरिकी शोधकर्ता एक ग्राम समुद्री पानि सं मात्र करीब छह मिलीग्राम यूरेनियम निकालि

पबैत छलाह, जखन कि चीनी शोधकर्ता एक मिलीग्राम सामग्री सं 50.4 मिलीग्राम यूरेनियम प्राप्त करबाक दावा केने छथि। समुद्री पानि सं यूरेनियम सोखबाक लेल चीन जे सामग्री विकसित केने अछि, ओकर नाम फॉसकेज अछि। ई स्पंज जेकां आणविक संरचना बला सामग्री अछि, जाहि मे फॉस्फेट होइत अछि। ई रासायनिक जाल जेकां काज करैत अछि। शोधकर्ता सभ एकरा मिलीमीटर आकारक छोट-छोट गोलिक रूप मे तैयार केने छथि, जाहि सं समुद्र मे उपयोग करब आ फेर बाहर निकालब सहज होइत अछि। चीन लेल ई तकनीक महत्वपूर्ण मानल जा रहल अछि। एहि सं घरेलू यूरेनियम उत्पादन बढ़बाक संभावना अछि। चीन वर्ष 2024 मे घरेलू खदान सं करीब 1,600 टन यूरेनियम उत्पादन केने छल, जखन कि ओकर आवश्यकता करीब 13,000 टन छल।

फेर हमला भेल तं भेटत दर्दनाक जवाब : बाकर गालिबाफ

तेहरान, एजेंसी

ईरानक संसद अध्यक्ष मोहम्मद बाकर गालिबाफ अमेरिका कें चेतावनी देने छथि। हुनकर कहब अछि जे भविष्य मे ईरान पर कोनो प्रकारक हमला भेल तं ओकर तेज, शक्तिशाली आ बेसी पीड़ादायक जवाब देल जायत। गालिबाफ रविदिन संसदक एक सत्र मे कहलनि जे ईरान हमला अनुसार जवाब देबाक सिलसिला सं आगू बढ़ि गेल अछि। ओ कहलनि जे अमेरिकी सैन्य ठिकाना सभ पर ईरानक हालक हमला जवाबी कारबाइक मात्र पहिल डेग छल। गालिबाफ अमेरिकाक ऊपर युद्धक झूठ चित्र प्रस्तुत करबाक लेल कृत्रिम बुद्धिमत्ता (एआइ)क उपयोग करबाक आरोप लगौलनि। हुनकर अनुसार सैन्य मोर्चा पर हारि गेलाक बाद अमेरिकी नेता झूठा प्रचार आ मनोवैज्ञानिक हथकंडाक सहारा लए रहल छथि। एहि बीच इस्लामिक रिवोल्यूशनरी गार्ड कोर (आइआरजीसी) कहलनि जे होर्मुज जलडमरूमध्यक अनधिकृत मार्ग सं गुजरि रहल अमेरिका सं जुड़ल तीन जहाज पर हमला कएल गेल। आइआरजीसी फार्स प्रांत मे आठ लोक कें गिरफ्तार करबाक घोषणा सेहो केलक। एहि लोक सभ पर ईरानक पूर्व शाहक पुत्र रजा पहलवीक समर्थन करबाक आरोप अछि। दोसर दिस, इस्लामिक सहयोग संगठन (ओआइसी) मे ईरानक मिशन अमेरिकी सेनाक ऊपर एकटा ईरानी तेल टैंकर पर भेल हमलाक दौरान आम नागरिकक मृत्यु लेल जिम्मेदारी सं बचबाक आरोप लगौलक। ईरान एहि हमला कें कायरतापूर्ण आ गैरकानूनी बतौलक। ईरानी मिशन रविदिन अमेरिकी केंद्रीय कमान (सेंटकॉम)क बयानक जवाब मे ई बात कहलनि। सेंटकॉम एहि अभियान मे शामिल अमेरिकी सेनाक सटीकता आ पेशेवर रवैयाक प्रशंसा केने छल। ईरानी मिशन कहलनि जे वाणिज्यिक तेल टैंकर पर हमला एहन कारबाइ नहि अछि, जाहि पर उत्सव मनाओल जाय। एहि सं पहिने अमेरिकी सेनाक कहब छल जे ईरानी इस्लामिक रिवोल्यूशनरी गार्ड कोर द्वारा क्षेत्रीय जलक्षेत्र मे गश्त करैत अमेरिकी नौसेनाक दू युद्धपोत पर बैलिस्टिक मिसाइल दागलाक बाद तीन ईरानी कच्चा तेलक टैंकर पर हमला कएल गेल।

ईरानक अमेरिका कें देलक खुल्लमखुल्ला चेतावनी

त्रासदी लेल मात्र भवन मालिक दोषी नहि, सत्य निकेतन मे सात लोकक मृत्यु पर उच्च न्यायालयक फटकार

नई दिल्ली, एजेंसी

दिल्लीक सत्य निकेतन क्षेत्र मे पांच मंजिला भवन ढहबाक घटनाक सुनवाइ दिल्ली उच्च न्यायालय मे पूरा भेल। जनहित याचिकाक सुनवाइ करैत न्यायालय अवैध भवन सभक विरुद्ध कारबाइ करबाक आदेश देलक। न्यायालय कहलनि जे सत्य निकेतन मे भवन ढहबाक घटना अत्यंत दुर्भाग्यपूर्ण अछि। एहि त्रासदी लेल मात्र भवनक मालिक नहि, बल्कि दिल्ली नगर निगम (एमसीडी) आ दिल्ली विश्वविद्यालय सेहो जिम्मेवार अछि। सत्य निकेतन दुर्घटना मे मृतकक संख्या सात भए गेल अछि। एहि मामिला मे भवन मालिक हरिराम कें राजस्थानक भिवाड़ी सं गिरफ्तार कए लेल गेल अछि। पुलिस ओकरा सं पूछताछ कए

दिल्ली हाईकोर्ट कहलक, दिल्ली नगर निगम (एमसीडी) आ दिल्ली विश्वविद्यालय सेहो जिम्मेवार अछि

रहल अछि। अनिकेत कुमार गुप्ता नामक व्यक्तिक द्वारा सोमदिन भोर मे उच्च न्यायालय मे जनहित याचिका दायर कएल गेल छल। न्यायालय एकर तुरंत सुनवाइ करबाक लेल सूचीबद्ध कएलक। मुख्य न्यायाधीश डीके उपाध्याय आ न्यायमूर्ति तेजस कारियाक पीठ मामिलाक सुनवाइ केलक।

न्यायालयक आदेश : उच्च न्यायालय टिप्पणी करैत कहलनि जे किछु पीजी मालिक बिना अनुमति लापरवाहीपूर्वक निर्माण करबैत छथि। पीजी आ निजी छात्रावास सभ कें नियंत्रित करबाक लेल उचित नियम-कानून आ प्रभावी नियामक व्यवस्था होमय चाही। न्यायालय संबंधित अधिकारी सभ कें 10 दिनक भीतर हलफनामा दाखिल करबाक निर्देश देलक। न्यायालय कहलनि जे कतेको बेर जाहि भवन कें मात्र दू मंजिल बनेबाक अनुमति देल जाइत अछि, ओहि मे नींव मजबूत केने बिना छह मंजिल धरि निर्माण कए देल जाइत अछि। न्यायालय एमसीडी आ दिल्ली पुलिस द्वारा चलाओल जा रहल बचाव अभियानक सेहो जानकारी लेलनि आ पूछलनि जे सभ आवश्यक डेग उठाओल जा रहल अछि कि नहि।

सरकारक कारबाइ, पांच अधिकारी निलंबित : घटनाक बाद दिल्ली सरकार सेहो कारबाइ कएलक अछि। मुख्यमंत्री रेखा गुप्ताक निर्देश पर दिल्ली नगर निगमक एक उपायुक्त सहित पांच अधिकारी कें सोमदिन निलंबित कए देल गेल। मुख्यमंत्री कार्यालयक अनुसार एमसीडीक दक्षिण क्षेत्रक उपायुक्त राकेश कुमारक अतिरिक्त अधिशासी अभियंता, अधीक्षण अभियंता, सहायक अभियंता आ कनिष्ठ अभियंता कें सेहो निलंबित कएल गेल अछि।

यूएस ओपन : सितसिपास कें हरा शेल्टन क्वार्टर फाइनल मे पहुंचलनि, आगू अल्काराज सं होयत भिड़ंत

अमेरिकी टेनिस खेलाड़ी बेन शेल्टन शानदार फॉर्म मे छथि आ हुनकर यूएस ओपन अभियान सही समय पर गति पकड़ि लेने अछि। आठम वरीयता प्राप्त शेल्टन चारिम दौरक मोकाबला मे ग्रीसक स्टेफानोस सितसिपास कें सीधे सेट मे 6-2, 6-3, 6-4 सं हरा क्वार्टर फाइनल मे स्थान बना लेलनि। शेल्टन पूरा मैच मे आक्रामक खेल देखौलनि आ सितसिपास कें वापसी करबाक कोनो मौका नहि देलनि। ओ शुरूआत सं मैच पर पकड़ बना कए रखलनि आ तीनू सेट आसानी सं जीतलनि। क्वार्टर फाइनल मोकाबला मे शेल्टनक सामना वर्तमान चैंपियन कार्लोस अल्काराज सं होयत। बेन शेल्टन लेल यूएस ओपनक क्वार्टर फाइनल धरि पहुंचबाक यात्रा बिल्कुल आसान नहि रहल। टूनार्मेंटक शुरूआती तीनू मैच मे हुनका कड़ा चुनौतीक सामना करए पड़ल। टैलन ग्रीकस्पूर, ह्यूबर्ट हरकाज आ डेनिस शापोवालोवक विरुद्ध हुनका जीत लेल चारि-चारि सेट खेलए पड़ल। मुदा चारिम दौर मे शेल्टन अपन सब सं नीक खेल देखौलनि। आर्थर ऐश स्टेडियम मे खेलल गेल मोकाबला मे 23 वर्षीय अमेरिकी खेलाड़ी स्टेफानोस सितसिपास कें कोनो मौका नहि देलनि आ पूरा मैच मे दबदबा बनौने रहलनि। शेल्टन मात्र 1 घंटा 51 मिनट मे जीत हासिल कएलनि। बेन शेल्टन यूएस ओपन मे एकटा आओर पैघ उपलब्धि हासिल कएलनि। ओ अपन करियर मे छठी बेर कोनो ग्रैंड स्लैमक क्वार्टर फाइनल मे पहुंचलनि। ओतहि, यूएस ओपन मे ई दोसर बेर अछि जखन ओ आखरी आठ मे स्थान बनौलनि। शेल्टन 2023 मे सेहो यूएस



ओपन मे शानदार प्रदर्शन केने छलाह। ओहि समय ओ टूनार्मेंट मे मात्र दोसर बेर खेलि रहल छलाह, मुदा सेमीफाइनल धरि पहुंचए मे सफल भेल छलाह। हालक किछु मास मे सेहो शेल्टनक प्रदर्शन शानदार रहल अछि। विंबलडनक बाद शुरू भेल उत्तर अमेरिकी हार्ड-कोर्ट सीजन मे हुनकर जीत-हारिक रिकॉर्ड 12-2 रहल अछि, जे हुनकर शानदार फॉर्म कें देखबैत अछि। एहि दौरान ओ मॉन्ट्रियल मे अपन दोसर एटीपी मास्टर्स 1000 खिताब सेहो जीतलनि। एकर अतिरिक्त, शेल्टन लगातार मजबूत खेलाड़ी सभ कें हरबैत आगू बढ़ि रहल छथि। स्टेफानोस सितसिपास कें हरएबा सं पहिने सेहो ओ एहन खेलाड़ी सभ कें मात देलनि, जे कखनो एटीपी रैंकिंगक शीर्ष-10 मे रहल छथि। स्टेफानोस सितसिपास सेहो एहि मोकाबला मे नीक आत्मविश्वासक संग उतरने छलाह। ओ यूएस ओपन मे मजबूत खेलाड़ी सभ कें हरा चारिम दौर धरि पहुंचल छलाह। सितसिपास पहिने आर्थर फिल्स कें हरौलनि, जे हालहि मे सिनसिनाटी चैंपियन बनल छलाह। एकर बाद ओ लॉयड हैरिस आ 18म वरीयता प्राप्त जिरी लेहेका कें सेहो मात देलनि। मुदा बेन शेल्टनक विरुद्ध ओ संघर्ष करैत देखाइ देलनि।

यूएस ओपन : एम्मा नवारो क्वार्टर फाइनल मे पहुंचली, कलिनस्काया कें सीधे सेट मे देलनि मात

अमेरिकाक एम्मा नवारो शानदार प्रदर्शन करैत यूएस ओपन 2026क क्वार्टर फाइनल मे स्थान बना लेलनि। ओ न्यूयॉर्ककक आर्थर ऐश स्टेडियम मे खेलल गेल चारिम दौरक मोकाबला मे एना कलिनस्काया कें सीधे सेट मे 6-4, 6-2 सं हरा देलनि। नवारो मैचक शुरूआत सं अपन दबदबा बनौने रहलनि आ कलिनस्काया कें वापसीक बेसी मौका नहि देलनि। पहिल सेट 6-4 सं जीतलाक बाद ओ दोसर सेट मे आओर आक्रामक खेल देखौलनि आ 6-2 सं मोकाबला अपन नाम कए लेलनि। 25म वरीयता प्राप्त एम्मा नवारो यूएस ओपनक क्वार्टर फाइनल मे पहुंचलनि। ई हुनकर करियरक चारिम ग्रैंड स्लैम क्वार्टर फाइनल अछि। आब ओ फ्लशिंग मीडोज मे 2024क अपन शानदार प्रदर्शन दोहराबयक प्रयास करतथि, जखन ओ पहिल बेर यूएस ओपनक सेमीफाइनल धरि पहुंचल छलथि। नवारो पहिल सेट जीतलाक बाद पूरा आत्मविश्वासक संग खेल देखौलनि। दोसर सेट मे ओ 5-1क पैघ बढ़त बना लेलनि। एना कलिनस्काया एक बेर सर्विस ब्रेक कए वापसीक प्रयास कएलनि, मुदा ओ मैचक रुख नहि बदलि सकलनि। एकर बाद नवारो आठम गेम मे फेर सं कलिनस्कायाक सर्विस तोड़ि देलनि आ मात्र 1 घंटा 21 मिनट मे 6-4, 6-2 सं मैच जीति क्वार्टर फाइनल मे स्थान बना लेलनि। खास बात ई रहल जे कलिनस्काया एहि सं पहिने नवारोक विरुद्ध दुनू मोकाबला जीतने छलथि, मुदा एहि बेर अमेरिकी खेलाड़ी शानदार प्रदर्शन करैत हिसाब बराबर कए लेलनि। ई नवारोक करियरक चारिम ग्रैंड स्लैम क्वार्टर फाइनल अछि। एहि सं पहिने ओ विंबलडन 2024, यूएस ओपन 2024 आ ऑस्ट्रेलियन ओपन 2025 मे क्वार्टर फाइनल धरि पहुंचल छलथि। एहि जीतक बाद एम्मा नवारोक अगिला मोकाबला हुनकर हमवतन खेलाड़ी आ तेसर वरीयता प्राप्त जेसिका पेगुला सं होयत। पेगुलाक रिकॉर्ड नवारोक विरुद्ध बहुत मजबूत रहल अछि। दुनू कें बीच एखन धरि चारि मैच भेल अछि आ पेगुला सभ मे जीत हासिल केने छथि। दुनूक सब सं हालक भिड़ंत पिछला मास सिनसिनाटी टूनार्मेंट मे भेल छल, जतए पेगुला नवारो कें 7-5, 6-2 सं हरौलनि। एहन स्थिति मे क्वार्टर फाइनल मे नवारोक लग पुरान हारक बदला लेबाक मौका रहत। ई मोकाबला एहि लेल सेहो खास होयत, कारण 2015क बाद पहिल बेर यूएस ओपन महिला एकल क्वार्टर फाइनल मे दू अमेरिकी खेलाड़ी आमने-सामने होयताह। एहि सं पहिने 2015 मे सेरेना विलियम्स अपन बहिन वीनस विलियम्स कें हरा आखरी आठ मे स्थान बनौने छलथि।

दलीप ट्रॉफी : ईशान किशन रचलनि इतिहास, 250 रनक यादगार पारी खेलि रिकॉर्डक लगौलनि झड़ी

दलीप ट्रॉफी 2026क फाइनल मोकाबला ईस्ट जोन आ साउथ जोनक बीच चेन्नईक एमए चिदंबरम क्रिकेट स्टेडियम मे खेलल जा रहल अछि। खिताबी मोकाबलाक दोसर दिन ईस्ट जोनक कप्तान ईशान किशन शानदार बल्लेबाजी करैत 250 रनक यादगार पारी खेलि इतिहास रचलनि। ईशान अपन दोहरा शतक 270 गेंद मे पूरा कएलनि। बामा हाथक बल्लेबाज रिटायर्ड हर्ट भए ड्रेसिंग रूम लौटए सं पहिने 301 गेंदक सामना करैत 250 रनक लाजवाब पारी खेललनि। अपन एहि पारीक दौरान ईस्ट जोनक कप्तान 27 चौका लगौलनि, जखनकि हुनकर बल्ला सं 7 छक्का निकलल। ईशान अरुण लाल आ सबा करीमक बाद ईस्ट जोन दिस सं दोहरा शतक लगौनिहार तेसर बल्लेबाज बनलनि। हालांकि, ईशान दलीप ट्रॉफीक फाइनल मोकाबला मे

शतक लगौनिहार ईस्ट जोनक पहिल बल्लेबाज बनलनि।

ईशान सं पहिने खिताबी मोकाबला मे ईस्ट जोन लेल सब सं पैघ पारी खेलबाक रिकॉर्ड ऋद्धिमान साहाक नाम पर छल, जे 2012क फाइनल मे 170 रन बनौलनि। ईशान समग्र रूप सं दलीप ट्रॉफीक फाइनल मोकाबला मे 200म ओकरा सं बेसी रनक पारी खेलनिहार सातम बल्लेबाज बनलनि। एहि संग बतौर विकेटकीपर बल्लेबाज ओ दलीप ट्रॉफीक फाइनल मे सब सं पैघ पारी खेलनिहार बल्लेबाज सेहो बनलनि। ओ दिनेश कार्तिकक रिकॉर्ड तोड़ि देलनि। कार्तिक 2010 मे दलीप ट्रॉफीक फाइनल मे साउथ जोन दिस सं खेलैत 183 रनक दमदार पारी खेललनि। ईशान दलीप ट्रॉफीक फाइनल मे दोहरा शतक लगौनिहार पहिल विकेटकीपर कप्तान सेहो छथि। ईशान एकदिवसीय अंतरराष्ट्रीय आ दलीप ट्रॉफी मे दोहरा शतक लगौनिहार पहिल बल्लेबाज सेहो बनलनि।

ईशान किशन कुमार कुशाग्रक संग मिलि पांचम विकेट लेल 230 रनक साझेदारी कएलनि। कुशाग्र सेहो नीक लय मे देखाइ देलनि आ ओ शतकीय पारी खेललनि। कुशाग्र 132 गेंदक सामना करैत 101 रन बनौलनि। अपन एहि पारीक दौरान ओ 8 चौका आ 5 छक्का लगौलनि। चाय-विराम धरि ईस्ट जोन पहिने बल्लेबाजी करैत 6 विकेटक नोकसान पर स्कोरबोर्ड मे 626 रन बना लेने छल। शिखर मोहन सेहो नीक बल्लेबाजी करैत 85 रनक महत्वपूर्ण पारी खेललनि, जखनकि अभिमन्यु ईश्वरन 72 आ वैभव सूर्यवंशी 44 रनक योगदान देलनि।

डब्ल्यूबीबीएलक 12म सीजन मे मेलबर्न रेनेगेड्स दिस सं खेलती हेली मैथ्यूज, एक वर्षक कएलनि करार

वेस्टइंडीज महिला क्रिकेट टीमक कप्तान हेली मैथ्यूज आगामी महिला बिग बैश लीग (डब्ल्यूबीबीएल) मे मेलबर्न रेनेगेड्स दिस सं खेलती। क्लब सोम दिन बतौलनि जे मैथ्यूज टीमक संग एक वर्षक करार कएलनि अछि। हेली मैथ्यूज विश्वक नंबर-1 महिला टी-20 अंतरराष्ट्रीय ऑलराउंडर छथि। ओ डब्ल्यूबीबीएलक 10म सीजन मे मेलबर्न रेनेगेड्स कें चैंपियन बनेबाक अभियान मे महत्वपूर्ण भूमिका निभौलनि आ टीमक सब सं महत्वपूर्ण खेलाड़ी मे सं एक छलथि। मुदा पिछला सीजन मे ओ रेनेगेड्स दिस सं नहि खेलि सकल छलथि। कंधाक शल्य चिकित्सा करौल गेल रहबाक कारण हुनका पूरा टूनार्मेंट सं बाहर रहए पड़ल छलनि। 28 वर्षीय

हेली मैथ्यूज डब्ल्यूबीबीएलक 10म सीजन मे अपन करियरक सब सं नीक प्रदर्शन कएलनि। मैथ्यूज 130.6क स्ट्राइक रेट सं 324 रन बनौलनि आ 14 विकेट सेहो चटौलनि। बल्ला आ गेंद दुनू सं शानदार प्रदर्शनक कारण हुनका डब्ल्यूबीबीएलक 10म सीजनक टीम ऑफ द टूनार्मेंट मे सेहो स्थान भेटलनि। ओहि सीजनक समापन एमसीजी मैदान मे ब्रिस्बेन हीटक विरुद्ध फाइनल मे शानदार प्रदर्शनक संग भेल, जाहि मे ओ 69 रन बनेबाक संग 24 रन दए 2 विकेट झटकलनि। हेली मैथ्यूज हालहि मे वेस्टइंडीज कें महिला टी-20 विश्व कपक सेमीफाइनल धरि पहुंचाबय मे महत्वपूर्ण भूमिका निभौलनि। आब मेलबर्न रेनेगेड्स सं फेर जुड़लाक बाद हेली खुशी व्यक्त कएलनि। ओ कहलनि जे एहि टीमक संग हुनकर बहुत रास नीक याद जुड़ल अछि आ ओ फेर सं रेनेगेड्सक जर्सी पहिरबाक लेल बहुत उत्साहित छथि। ओ एकटा बयान मे कहलनि, रेनेगेड्सक संग चैंपियनशिप जीतब बहुत खास अनुभव छल आ हम फेर सं एहि समूहक हिस्सा बनेबाक लेल बहुत उत्साहित छी।

जिंबाब्वे महिला क्रिकेट टीमक मुख्य प्रशिक्षक बनलाह मार्क कोल्स

जिंबाब्वे क्रिकेट मार्क कोल्स कें महिला राष्ट्रीय टीमक नव मुख्य प्रशिक्षक नियुक्त कएलनि अछि। बोर्ड कतेको उम्मीदवारक साक्षात्कार आ चयन प्रक्रियाक बाद हुनका ई जिम्मेदारी देलक अछि। मार्क कोल्स जिंबाब्वे महिला टीमक संग अपन नव कार्यकाल शुरू करताह। मार्क कोल्सक पहिल जिम्मेदारी दक्षिण अफ्रीकाक विरुद्ध घरेलू टी-20 श्रृंखला होयत। ई श्रृंखला शुक्र दिन सं बुलावायोक क्वींस स्पोर्ट्स क्लब मे शुरू होयत। कोल्सक लग प्रशिक्षकक रूप मे पर्याप्त अनुभव अछि। ओ पहिने पाकिस्तान आ स्कॉटलैंडक महिला क्रिकेट टीमक मुख्य प्रशिक्षक रहि चुकल छथि। एकर अतिरिक्त, ओ क्रिकेट पापुआ न्यू गिनी मे उच्च-प्रदर्शन प्रबंधकक रूप मे सेहो काज केने छथि। ओ स्कॉटलैंडक पुरुष टीमक संग सेहो जुड़ल रहल छथि आ ऑस्ट्रेलिया मे प्रशिक्षक सलाहकारक भूमिका निभा चुकल छथि। कोल्स अपन नियुक्ति पर खुशी व्यक्त करैत कहलनि जे जिंबाब्वे महिला क्रिकेट एखन एकटा नव आ महत्वपूर्ण दौर मे प्रवेश कए रहल अछि। टीम आब आईसीसी महिला चैंपियनशिपक हिस्सा अछि, जाहि सं खेलाड़ी कें विश्वक मजबूत टीम सभक विरुद्ध बेसी मोकाबला खेलबाक अवसर भेटत। ओ कहलनि, जिंबाब्वे मे महिला क्रिकेट लेल ई बहुत रोमांचक समय अछि। एहन अवसर पर सही लोकक टीमक संग रहब बहुत जरूरी

अछि, जाहि सं एहि यात्राक सही दिशा देल जा सकय आ टीम निरंतर आगू बढ़ैत रहय। जिंबाब्वे क्रिकेटक अध्यक्ष तवेंगवा मुखुहलानी एकटा बयान मे कहलनि, मार्क कोल्सक लग अंतरराष्ट्रीय प्रशिक्षण आ उच्च-प्रदर्शन क्षेत्रक पर्याप्त अनुभव अछि। एकरा संगहि महिला क्रिकेटक जरूरतक सेहो हुनका नीक समझ अछि। कोल्सक मानब अछि जे सही माहौल आ नीक तैयारीक संग जिंबाब्वे महिला टीम आगू के वर्ष सभ मे अंतरराष्ट्रीय स्तर पर मजबूत प्रदर्शन कए सकैत अछि। ई नियुक्ति जिंबाब्वे महिला क्रिकेट लेल एकटा महत्वपूर्ण मोड़ पर भेल अछि, कारण एहि वर्षक शुरूआत मे अंतरिम प्रशिक्षण व्यवस्था अंतर्गत ओ आईसीसी महिला चैंपियनशिप मे ऐतिहासिक पदार्पण केने छल। आईसीसी महिला चैंपियनशिपक वर्तमान चक्र मे जिंबाब्वे महिला टीमक कार्यक्रम बहुत व्यस्त रहबाक अछि। ई चैंपियनशिप 2029 महिला क्रिकेट विश्व कप लेल क्वालिफिकेशन तय करत, तें प्रत्येक श्रृंखला टीम लेल महत्वपूर्ण रहत। दक्षिण अफ्रीकाक विरुद्ध वर्तमान घरेलू श्रृंखलाक बाद जिंबाब्वे कें न्यूजीलैंड आ पाकिस्तानक दौरा करबाक अछि, जतए टीम विदेशी परिस्थिति मे मोकाबला खेलत।

वर्ष 17, अंक 01 **स्वत्वाधिकारी, प्रकाशक एवं संपादक राघवेंद्र** द्वारा 104 रामबली निवास, मदरसा पथ, पिलर नंबर 52, राजा बाजार, पटना 14 से प्रकाशित एवं **एसएच प्रिंटर्स**, रातु काठीटांड़, नीयर-टेंडर बगीचा, एचपी पेट्रोल पंप, पीओ+पीएस-रातु, रांची, 835222 से मुद्रित। **प्रधान संपादक :** राघवेंद्र*। **कार्यकारी संपादक :** अखिलेश, **संपादकीय प्रभारी :** सच्चिदानंद सच्चू, **राजनीतिक संपादक :** शैलेश तिवारी, **बिजनेस हेड:** पंकज मिश्रा, **संपर्क :** 7488117482 (* पीआरबी एक्ट के तहत खबरों के चयन के लिए जिम्मेवार) RNI NO- BIHMAI/2010/33053/2010/33053